

**KAWRUH KAUTAMEN ING SALEBETING SENI SANDHUL  
SEKAR KALI SUCI DESA SUCEN  
KECAMATAN GEMAWANG**

**SKRIPSI**

**Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
minangka Jejangkeping Pandadaran  
*Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan***



**Dening :  
Heri Setiyono  
NIM 09205244078**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

**2014**

## PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kawruh Kautamen Ing Salebeting Seni Sandhul Sekar*

*Kali Suci Desa Sucen Kecamatan Gemawang* menika saged dipunujekaken

salebeting pandadaran awit sampun pikantuk palilah dening *pembimbing*



Yogyakarta, 23 Mei 2014  
Pembimbing I

Prof. Dr. Suharti, M. Pd  
NIP. 19510615 197803 2 001

Yogyakarta, 23 Mei 2014  
Pembimbing II

Sri Harti Widyastuti, M. Hum  
NIP. 19621008 198803 2 001




## PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kawruh Kautamen Ing Salebeting Seni Sandhul Sekar Kali Suci Desa Sucen Kecamatan Gemawang* menika sampun dipunandharaken ing salebeting pendadaran wonten sangajengipun *Dewan Penguji* rikala tanggal 9 Mei 2014 saha dipuntetepaken lulus.

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Drs. Hardiyanto, M. Hum.	Ketua Penguji		22/05/2014
Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.	Sekretaris Penguji		22/05/2014
Dr. Suwardi, M.Hum.	Penguji I		21/05/2014
Prof. Dr. Suharti, M.Pd.	Penguji II		23/05/2014

Ngayogyakarta, 23 Mei 2014  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.  
NIP 19550505 198011 1 001



## WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika, kula

Nama : **Heri Setiyono**

NIM : 09205244078

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, *karya ilmiah* menika boten ngemot *materi* ingkang kaserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pethik sarana kangge dhasar panyeratan kanthi migatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukten bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 23 Mei 2014

Panyerat,



Heri Setiyono



## **SESANTI**

“Sak beja bejaning wong kang lali isih beja wong kang eling lan waspada”

(Serat Kalatidha)

**(Pitutur)**

“ Ngunggulake diri bakal diasorake sapa andhap asor bakal diunggulake “

**(Panyerat)**



## **PISUNGSUNG**

Linambaran kanthi pamuji sukur dhateng ngarsaning Allah SWT, skripsi menika kapisungsungaken dhateng tiyang sepuh kekalih kula, ingkang sampun paring panyengkuyung, pandonga saha sih katresnan.



## PRAWACANA

Puji sukur konjuk wonten ing Ngarsaning Gusti Allah Inkgang Maha Kuwaos ingkang sampun paring pangayoman, saengga karaharjan, kabegjan, saha kabagyan tansah tumanduk dhateng panyerat. Satemah skripsi kanthi irah-irahan “*Kawruh Kautamen Ing Salebeting Seni Sandhul Sekar Kali Suci Desa Sucen Kecamatan Gemawang* ” menika sampun rampung anggenipun nyerat. Skripsi menika saged mawujud inggih amargi wontenipun panyengkuyung saking kathah pihak. Awit saking menika, panaliti ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya pihak ing ngandhap menika.

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring idin ngrantam skripsi menika.
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka ketua Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring piwulang saha wejangan ing salaminipun maguru.
3. Ibu Prof. Dr. Suharti, M. Pd. minangka *pembimbing I* ingkang sampun tlato anggenipun paring bimbingan.
4. Ibu Sri Harti Widyastuti, M. Hum. minangka *pembimbing II* ingkang sampun nuntun kanthi sabar.
5. Ibu Nurhidayati M. Hum. minangka *Penasehat Akademik* ingkang sampun paring piwulang ing sadangunipun maguru.
6. *Dewan penguji* sadangunipun Pandadaran Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah saha pamrayogi saengga anggen kula nglampahi pandadaran menika saged katampi.
7. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring ngelmu, piwulang, miwah panjurung dhateng panyerat.
8. Sedaya *staf karyawan Universitas Negeri Yogyakarta* ingkang sampun paring pambiyantu sadangunipun maguru saengga saged rancag ing sedayanipun.



9. Tiyang sepuh kula kekalih saha para sanak sedherek kula ingkang sampun paring panjurung, pandonga miwah sih katresnan.
10. Mas Bambang, Mas Edi Purwanto, Mas Edi Affan, Mas Raminto saha Mas Wawan maturnuwun, awit pambiyantunipun pados data wonten ing lapangan.
11. Kanca-kanca saking Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2009 mliginipun kanca-kanca kelas H sarta sadaya pihak ingkang boten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggal ingkang sampun paring panyengkuyung saha paring panjurung dhateng panyerat.

Panyerat ngrumaosi bilih skripsi menika taksih tebih saking ingkang sinebat sampurna. Pramila saking menika sadaya pamrayogi menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih jangkeping skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Ewa semanten panyerat ugi gadhah pangajeng-ajeng sageda skripsi menika migunani tumrap sok sintena kemawon ingkang maos. Mekaten kalawau atur sapala saking panyerat, mugi-mugi skripsi menika saged murakabi.

Yogyakarta, 23 Mei 2014

Panyerat,



Heri Setiyono



## WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN .....	i
PASARUJUKAN .....	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN .....	iv
SESANTI .....	v
PISUNGSUNG .....	vi
PRAWACANA .....	vii
WOSING ISI .....	viii
<i>DAFTAR TABEL</i> .....	xi
<i>DAFTAR GAMBAR</i> .....	xiii
<i>DAFTAR LAMPIRAN</i> .....	xiv
SARINING PANALITEN .....	xv
<b>BAB I PURWAKA</b>	
A. Dhasaring Panaliten .....	1
B. Fokus Panaliten .....	6
C. Ancasing Panaliten .....	7
D. Paedahing Panaliten .....	7
<b>BAB II GEGARAN TEORI</b>	
1. Kabudayan .....	9
2. <i>Folklor</i> .....	10
3. Kesenian Tradisional .....	13
4. Kesenian Sandhul.....	13
5. Kawruh Kautamen .....	14
6. Jinising Kawruh Kautamen.....	18
7. Kawruh Kautamen ing seni Sandhul.....	20
8. Pangertosan Simbol.....	20

8. Panaliten ingkang jumbuh.....	22
9. Panalaran Panaliten.....	24

### **BAB III CARA PANALITEN**

A. Jinising Panaliten .....	26
B. Papan Panaliten .....	27
C. Sumber Data Panaliten .....	28
D. Cara Ngempalaken Data .....	25
E. Caranipun Ngempalaken Data .....	29
1. <i>Pengamatan berperanserta</i> .....	29
2. <i>Wawancara mendalam</i> .....	29
F. Instrumen Panaliten .....	31
G. Caranipun Nganalisis Data .....	31
H. Caranipun Ngesahaken Data .....	33

### **BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN**

A. <i>Deskripsi Setting</i> Panaliten .....	34
1. Andharaning Papan Upacara Suran .....	34
2. Paraga Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci .....	40
B. Asal-usul Kesenian Sandhul.....	45
C. Pentas Seni Sandhul.....	47
1. Cecawis .....	49
a. Rapat Cecawis Pentas Kesenian Sandhul .....	49
b. Cecawis Sesaji Kenduren .....	52
c. Reresik Kali suci .....	55
d. Cecawis Papan saha Piranthi Pentas Seni Sandhul .....	57
e. Cecawis Sesaji pentas Seni Sandhul .....	59
f. Kenduren .....	60
2. Pentas Seni Sandhul .....	63
a. Adegan 1 ( Mbabadi ) .....	64

b. Adegan 2 ( Badut Ngarep ) .....	66
c. Adegan 3 ( Lengger ) .....	68
d. Adegan 4 ( Sandhul ) .....	69
e. Adegan 5 ( Cepuk ) .....	72
D. Kawruh Kautamen ingkang dipunandharaken wonten ing sekar saha cariyos seni Sandhul Sekar Kali Suci .....	75
E. Makna Simbolik piranthi Kesenian Sandhul.....	89
1. Lampu utawi Senthir .....	90
2. Pathok ... ..	91
3. Kacu .....	92
4. Angklung .....	93
5. Kendhang .....	94
6. Gong .....	95
F. Makna Simbolik sesaji Seni Sandhul Sekar Kali Suci .....	96
1. Jenang Abrit werdinipun lan Jenang Pethak .....	98
2. Ingkung Tinangsulan .....	99
3. Suruh ( Tinangsulan Lawe ) .....	100
4. Menyan lan Sekar Setaman .....	101
5. Tumpeng/ Bucu .....	103
6. Golong Pitu .....	104
G. Kawruh kautamen wonten ing salebeting seni Sandhul Sekar Kali Suci .....	105

## **BAB V PANUTUP**

A. Dudutan .....	114
B. Implikasi .....	121
C. Pamrayogi .....	121



KAPUSTAKAN .....	123
<i>LAMPIRAN</i> .....	125

## ***DAFTAR TABEL***

	Kaca
<i>Tabel 1</i> : Data RT saha RW .....	35
<i>Tabel 2</i> : Data Penduduk Desa Sucen Miturut Umur .....	41
<i>Tabel 3</i> : Pakaryanipun Penduduk .....	42
<i>Tabel 4</i> : Tataran Pendidikan Penduduk.....	43
<i>Tabel 5</i> : Komposisi Pemeluk Agama .....	44
<i>Tabel 6</i> : Kawruh Kautamen wonten ing Seni sandhul .....	76

## **DAFTAR GAMBAR**

	Kaca
Gambar 01 : Peta Desa Sucen .....	36
Gambar 02 : Dhenah Kali Suci .....	37
Gambar 03 : Kompleks Kali Suci .....	38
Gambar 04 : Mushola .....	39
Gambar 05 : Musyawarah panitia pentas Seni Sandhul .....	50
Gambar 06 : Musyawarah panitia pentas Seni Sandhul .....	51
Gambar 07 : Nyembelih Ayam .....	53
Gambar 08 : Ingkung .....	53
Gambar 09 : Ibu Sutri Masak Ingkung .....	54
Gambar 10 : Resik- resik Kali Suci .....	56
Gambar 11 : Nyedot Toya saking tuk Kali Suci .....	56
Gambar 12 : Nyamektakaken piranti kangge pentas Sandhul .....	58
Gambar 13 : Nyamektakaken piranti kangge pentas Sandhul.....	58
Gambar 14 : Nyamektakaken sesaji pentas seni Sandhul.....	61
Gambar 15 : Kenduren warga RT 1 RW 4 .....	61
Gambar 15 : Kenduren warga RT 1 RW 4 .....	62
Gambar 16 : Paraga seni Sandhul Sekar Kali Suci .....	63
Gambar 16 : Badut Ngarep .....	66
Gambar 17 : Lengger.....	68
Gambar 18 : Sandhul .....	69
Gambar 19 : Cepuk .....	72
Gambar 20 : Piranti Kesenian Sandhul .....	89
Gambar 21 : Lampu utawi Senthir .....	90
Gambar 22 : Pathok .....	91
Gambar 23 : Kacu .....	92
Gambar 24 : Anglung .....	93
Gambar 25 : Kendhang .....	94
Gambar 26 : Gong.....	95



Gambar 27 : Sesaji Kesenian Sandhul .....	97
Gambar 28 : Jenang Abrit lan Jenang Pethak .....	98
Gambar 29 : Ingkung Tinangsulan.....	99
Gambar 30 : Suruh lan Enjet .....	100
Gambar 31 : Menyan lan Sekar Setaman .....	101
Gambar 32 : Tumpeng/ Bucu .....	103
Gambar 33 : Golong Pitu .....	103

## ***DAFTAR LAMPIRAN***

	<b>Kaca</b>
Lampiran 1 : Cathetan Lapangan Observasi .....	115
Lampiran 2 : Cathetan Lapangan Wawancara .....	140
Lampiran 3 : Bagan Analisis .....	207
Lampiran 4 : Kerangka Analisis .....	208

## **KAWRUH KAUTAMEN ING SALEBETING SENI SANDHUL**

### **SEKAR KALI SUCI DESA SUCEN**

### **KECAMATAN GEMAWANG**

**Dening Heri Setiyono**

**NIM 09205244078**

### **SARINING PANALITEN**

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken Kawruh kautamen wonten ing salebeting seni Sandhul Sekar Kali Suci Desa Sucen Kecamatan Gemawang makna simbolik sesaji saha piranti ingkang wonten ing Seni Sandhul Sekar Kali Suci.

Panaliten menika migunakaken metode panaliten kualitatif. Caranipun ngempalaken data ing salebeting panaliten menika migunakaken *observasi partisipasi* saha *wawancara mendalam*. Pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak ingkang kabiyantu mawi piranti perekam, kamera foto saha piranti kangge nyerat. Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken inggih menika teknik analisis *induktif*. Caranipun ngesahaken data lumantar *triangulasi* sumber lan metode.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih: (1) Asal-usul Seni Sandhul Sekar Kali Suci inggih menika nyariyosaken Kyai Balahum ingkang sabar, wicaksana saha solah bawanipun sae. Salah satunggaling dinten Kyai Balahum dipunuji imanipun dumateng Allah swt inggih menika Kyai Balahum ical saha nyariyosaken Kyai Balahum dakwah ginakaken Seni ingkang dipunwastani seni Sandhul Sekar Kali Suci. (2) Prosesi pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci kaperang dados 2 tahap : (a) cecawis pentas Seni ingkang awujud rapat panitia pentas, reresik Kali Suci, cecawis papan pentas saha cecawis sesaji pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci. (b) pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci. (3) Makna simbolik wonten ing piranti-piranti ingkang dipunginakaken nalika pentas Seni Sandhul Sekar Kali suci. (4) Makna simbolik sesaji ingkang dipunginakaken ing salebeting pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci inggih menika piwulang kautamen bab gesangipun manungsa tumrap Agama Islam.



# BAB I PURWAKA

## A. Dhasaring Panaliten

Budaya inggih menika kasiling cipta, rasa, karsa, saha karyanipun manungsa kagem jagi lestantunipun. Saben bangsa, leladan, padesan kagungan budaya piyambak-piyambak ingkang nedahaken perkawis ingkang wonten. Kabudayan satunggaling bangsa saged ndadosaken saenipun harkat saha martabat bangsanipun. Koentjaraningrat (2009: 150) ngandharaken bilih wujud kabudayan ingkang limrah menika wonten tiga inggih menika *sociofact*, *mantifact* lan *artefact*. *Sociofact* utawi *fakta sosial* inggih menika kasunyatan kabudayan wonten ing bebrayan; *mantifact* utawi *fakta mental* inggih menika kapitadosan ingkang sampun mbalung sungsum ing saranduning pikiranipun bebrayan saha kaanggep leres; *artefact* inggih menika bukti-bukti kabudayan awujud barang ingkang ketingal, kados candhi, petilasan, situs sejarah, saha sanes-sanesipun. Koentjaraningrat (2009: 165), ngandharaken bilih saking tigang wujud kabudayan ing ngajeng, kababar malih dados pitung unsur kabudayan, ing agami, kapitadosan, sumber panggaotan, paguyuban/ keklempakan sosial, basa, *teknologi* saha seni.

Saking pitung wujud kabudayan inggih menika seni. Seni menika salah satunggaling kabudayan ingkang kalebet wonten ing *foklor*. Purwadi (2009: 1) ngandharaken bilih *folklor* inggih menika tradhisi kolektif bangsa ingkang dipunsebaraken mawi lesan menapa dene gerak isyarat, sahingga saged lestantun

saking generasi dumugi generasi salajengipun. Saking andharan menika bilih seni salah satunggaling *folklor* amargi seni menika tradisi ingkang kolektif saha dipunsebaraken kanthi lesan sahingga seni saged lestantun dumugi sakmeniko. Saking tandha-tandha *folklor* ingkang sampun kaandharaken dening Danandjaja (1986: 3-4) saged dipunmengertosi bilih seni menika kalebet *folklor*. *folklor* menika minangka salah satunggaling kabudayan ingkang dipun-warisaken kanthi turun temurun.

Seni saged lestantun dumugi sakmenika amargi seni dipun-ginakaken masarakat kangge upacara ritual salah satungiling tuladha inggih menika dipunginakaken wonten ing upacara ritual sadranan. Soedarsono lumantar Tim MK. Apresiasi Seni (2005: 40) ngandharaken bilih:

*Fungsi utama (primer) seni pertunjukan ada tiga yaitu untuk kepentingan upacara atau ritual, sebagai hiburan pribadi, dan sebagai penyajian estetis atau tontonan. Selain fungsi utama (primer) pada perkembangan selanjutnya seni juga memiliki fungsi sekunder yaitu sebagai sarana pendidikan, media terapi, akulturasi diri, industri, tuntunan, dan komersial.*

Saking andharan ingkang wonten nginggil salah satunggaling fungsi seni inggih menika dados upacara ritual. Upacara ritual ingkang limrah wonten ing masarakat Jawi inggih menika sadranan. Sadranan inggih menika satunggaling upacara utawa ritual adat ingkang magayutan kaliyan kahanan utawi kedadosan tuladhanipun wonten punden utawi lepen kagem pengetan utawi mujudaken raos syukur dhumateng Gusti ingkang Maha Agung lajeng dipunwontenaken sadranan. Pinuju wulan ruwah kagem pepeling dhateng arwah leluhur supados emut paring donga lajeng dipunwontenaken sadranan. Seni ingkang dipun-dadosaken upacara

ritual inggih menika seni tari. Seni tari wonten ing masarakat Jawi ingkang dipundadosaken upacara ritual kathah sanget. Masarakat Jawi dadosaken seni tari kangge upacara ritual amargi masarakat Jawi asring paring wejangan utawi pitutur ingkang sae lumantar seni tari.

Salah satunggalipun seni ingkang dipun-andharaken wonten nginggil inggih menika *seni tari* utawi beksa. Tembung tari asalipun saking basa Jawa kuno inggih menika igel, wonten ing basa Jawi tengahan baksa, wonten ing Jawa baru dipunsebat beksa. Wonten ingkang mastani bilih beksa makaten saking tembung mahambeg rasa, ingkang ngemu teges bilih kagunan beksa makaten mboten namung obahing asta, liringing netra, debeg gejuging sikil sarta enggak-enggoking raga kemawon. Beksa mujudaken sarana angulir budi kanthi ulah rasa saha surasa. Tumraping beksan bedhaya, nggadhahi teges ingkang langkung lebet malih. Mboten namung kangge ulahing raga, rasa saha pangrasa, nanging mujudaken sarana manembah saha manunggal kalihan Gusti. Beksa ingkang kados makaten mujudaken beksa ingkang suci saha sakral.

Kanthi andharan ingkang sampun kasebat ngajeng, saged dipuntintingi bilih beksa makaten mboten namung mligi ulahing raga kemawon. Nanging sadaya ulahing raga kados debeg, gejug, kebyok, nyembah, manglung, ngalapsari, taweng, srisik, mendhak, ngleyek, mayuk, njangkung, ngrayung, ndhingkluk, neklok, sila, sembah grana, sembah jaja saha sanes-sanesipun mengku teges mirunggan tumrap manunggalaken sarira tumraping Kawula saha Gusti. Kanthi



makaten cetha bilih kagunan beksa makaten saged kangge sarana angulir alusing budi.

Wonten ing masarakat Jawi seni tari utawi beksa ingkang kathah inggih menika Jathilan saha Tayub anaging jinising tari tradisional ingkang asifat ritual menika kathah sanget. Jinis beksa ingkang asifat ritual menika wonten ing masarakat Jawi gadahi ancas kangge tontonan utawi hiburan masarakat. Seni tari ingkang asifat ritual salah satunggaling tuladha inggih menika ingkang wonten ing Desa Sucen Kecamatan Gemawang inggih menika kesenian Sandhul. Namanipun kesenian Sandhul wonten Desa Sucen menika Sandhul Sekar Kali Suci, sipatipun tradisi lisan inggih menika Tradisional Kerakyatan Religius Islami, ingkang sampun wonten wiwit tahun 1890.

Kesenian Sandhul inggih menika kesenian ingkang antawisipun isinipun seni tari, sekar saha wejangan-wejangan agama. Kesenian sandhul gadahi ancas paring wejangan ingkang awujud nasihat supados eling marang Gusti kang Maha Agung. Sanesipun kesenian Sandhul gadhah ancas kangge ritual Desa ingkang dipunpentasaken kangge mengeti dinten-dinten ingkang sae tumrat Desa Sucen tuladhanipun kesenian Sandhul menika dipunpentasaken wonten ing upacara-upacara tradisi inggih menika sadranan kali saha sadranan sarean. Wonten Desa Sucen ritual sadranan dipunwontenaken dinten jumat kliwon wulan rejeb sadranan kali suci, saha dinten jumat kliwon wulan ruwah sadranan sarean.

Kesenian Sandhul inggih menika kesenian ingkang ngandharaken cariyos rakyat mliginipun cariyos rakyat ingkang wonten gegayutanipun kaliyan Desa

Sucen. Kesenian Sandhul cacahipun penari saha wiyaga inggih menika 20 tiyang, piranti *musik*-ipun inggih menika angklung, gong saha kendhang. Gerakan wonten ing tari Sandhul inggih menika tari-tarian ingkang ngubengi lampu senthir, sanesipun kesenian Sandhul agemanipun kados seni tari topeng ananging ingkang bedakaken inggih menika wonten ing Sandhul boten wonten ingkang ginakaken topeng.

Kesenian Sandhul wonten ing Desa Sucen Kecamatan Gemawang menika dipunanggep kaliyan masarakat Desa Sucen menika kathah sanget kawruh kautamen ingkang gayut kaliyan babagan Agama mliginipun Agama Islam. Wonten ing kesenian Sandhul menika wonten kawruh kautamen ingkang dipunandharaken wonten ing cariyos Kesenian Sandhul, piranti-piranti ingkang dipunginakaken saha sesaji-sesaji. Sejatosisun ingkang dadosaken perkawis panaliti nлити kesenian Sandhul inggih menika bilih kesenian Sandhul menika dipunbetahaken sanget tumrap masarakat Desa Sucen.

Kesenian Sandhul dipundadosaken piwulang kangge masarakat Desa Sucen mliginipun piwulang bab Agama amargi kesenian Sandhul ngandhut piwulang ingkang utami. Sanesipun kesenian Sandhul saged dipundadosaken hiburan saha saged ngraketaken sedaya masarakat Desa Sucen amargi wontenipun kesenian Sandhul menika masarakat Desa Sucen saged kempal saha nyengkuyung wontenipun pentas Sandhul menika. Kesenian Sandhul menika saged lestantun saha menapa kemawon ingkang wonten ing salebeting kesenian Sandhul menika saged dipun-implementasikaken masarakat Desa Sucen mliginipun babagan wejangan kawruh kautaman.

Panaliti mendhet bahan kajian panaliten kawruh kautamen wonten ing kesenian Sandhul amargi kawruh kautamen wonten ing Seni Sandhul isinipun piwulang-piwulang bab Agama ingkang gayut kaliyan tradisi Jawa. Panaliti gadah ancas supados masarakat Desa Sucen saged mangertosi kawruh kautamen ingkang wonten ing seni Sandhul lajeng saged dipundadosaken piwulang kagem gesang bebrayan wonten ing masarakat mliginipun masarakat Desa Sucen. Sanesipun seni Sandhul Sekar Kali Suci menika dereng nate dipungarap, pramila panaliti kepingin nglestantunaken seni Sandhul menika kanthi nliti bab kawruh kautamen ing Seni Sandhul Sekar Kali Suci.

## **B. Fokus Panaliten**

Kesenian inggih menika ciptaning pamikir ingkang saged mbabar kaendahan. Kesenian Sandhul inggih menika kesenian ingkang antawisipun gabungaken seni tari, sekar saha kawruh kautamen keagamaan. Kesenian sandhul gadah ancas paring kawruh ingkang awujud nasihat supados eling marang Gusti kang Maha Agung. Sanesipun kesenian Sandhul gadhah ancas kangge ritual Desa ingkang dipunpentasaken kangge mengeti dinten-dinten ingkang sae tumrat Desa Sucen. Kesenian Sandhul inggih menika seni tradisional kerakyatan, wujud kesenian Sandhul ngemot ulahing raga (beksa), ulahing swara (sekar), wicara (dialog) ingkang mengku kawruh kautamen. Seni Sandhul ingkang wonten ing Desa Sucen Kecamatan Gemawang Kabupaten Temanggung kalebet Kesenian tradisional kerakyatan religius Islam.

Fokus wonten ing panaliten inggih menika setting panaliten seni Sandhul Sekar Kali Suci, asal usul seni Sandhul Sekar Kali Suci, cara nyamektakaken pentas seni Sandhul, pentas seni Sandhul, lan kawruh kautamen ingkang wonten ing salebeting kesenian Sandhul. kawruh menika ingkang dipun-andharaken wonten ing cariyosipun, alat utawi pirantipun ingkang dadosaken pralampita saha sajenipun. Wujud kawruh inggih menika arupi nasihat-nasihat ingkang gayut kaliyan Agama mliginipun Agama Islam saha tradisi-tradisi tiyang Jawa ingkang awujud pitutur.

### **C. Ancasing panaliten**

Ancasipun panaliten inggih menika mengertosi kawruh kautamen ing salebeting kesenian Sandhul Sekar Kali Suci Desa Sucen Kecamatan Gemawang kados ing ngandhap menika:

1. Ngandharaken setting panaliten seni Sandhul Sekar Kali Suci.
2. Ngandharaken asal usul seni Sandhul Sekar Kali Suci.
3. Ngandharaken cara nyamektakaken pentas seni Sandhul Sekar Kali Suci.
4. Ngandharaken pentas seni Sandhul Sekar Kali Suci.
5. Ngandharaken kawruh kautamen ing salebeting seni Sandhul Sekar Kali Suci.
6. Ngandharaken *makna simbolik*ipun piranti-piranti ingkang dipunginakaken wonten ing salebeting kesenian Sandhul Sekar Kali Suci.

7. Ngandharaken *makna simbolik*ipun sesaji-sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing salebeting wonten ing sajen kesenian Sandhul Sekar Kali Suci.

#### **D. Paedahing panaliten.**

Panaliten menika dipunajab supados saged suka manfangat, sae menika *teoritis* menapa dene *praktis*.

##### *1. Teoritis*

Secara *teoritis*, kaangkah supados saged mimbuhi seserepan-seserepan ing babagan wawasan lan pengetahuan kabudayan, mliginipun ing babagan Kawruh kautamen saha *makna simbolik* wonten ing salebeting Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci Desa Sucen, Kecamatan Gemawang, Kabupaten Temanggung.

##### *2. Praktis*

Secara *praktis*, panaliten menika kaangkah supados saged sukainformasi dhateng masarakat lan para maos bab Kawruh kautamen wonten ing salebeting Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci, Desa Sucen, Kecamatan Gemawang, Kabupaten Temanggung. Kejawi saking menika ugi dipunajab supados saged dipunginakaken kangge *study ilmu budaya* sarta *informasi* ing salebetipun pangrembakaning wisata budaya Kabupaten Temanggung.



## BAB II GEGARAN TEORI

### A. Gambaran Teori

#### 1. Kabudayaan

Budaya inggih menika salah satunggaling warisan bangsa ingkang kedah dipunlestantunaken. Tembung kabudayan asalipun saking basa sansekerta inggih menika buddhaya, tembung jamak saking buddhi (budi utawa akal) tegesipun perangan-perangan ingkang wonten gegayutanipun kaliyan budi saha akal manungsa. Kabudayan gegayutanipun caket kaliyan masarakat. Miturut (Kamus Besar Bahasa Indonesia, 2008: 214-215) *Budaya adalah pikiran atau akal budi, adat istiadat, sesuatu mengenai kebudayaan yang sudah menjadi kebiasaan yang sudah sukar diubah. Sedangkan kebudayaan adalah keseluruhan pengetahuan yang digunakan untuk memahami lingkungan serta pengalamannya yang hidup didalam tingkah lakunya.* Menika ateges bilih budaya kaliyan kabudayan menika benthèn, budaya inggih menika pikiran, akal budi saha adat istiadat ingkang awrat anggenipun owah menawi kabudayan inggih menika pangertosan ingkang dipunginakaken kagem mangertosi kahanan sakiwo tengenipun saha pangertosanipun dados adhedasar anggenipun solah bawa. Koentjaraningrat (1994: 9) ngandharaken bilih *kebudayaan adalah keseluruhan gagasan dan karya manusia yang harus dibiasakan dengan belajar, beserta keseluruhannya dari hasil budi dan karya itu.* Saking andharan Koentjaraningrat bilih kabudayan inggih menika sedaya gagasan saha karya manungsa ingkang kedah dipun-sinaoni. Saking pangertosan miturut para ahli ing nginggil menika, saged dipunpundhut

dudutanipun kabudayan inggih menika perangan ingkang saged dados pengaruh kawruh saha sistem ide utawi gagasan ing sajroning pikiran manungsa, satemah ing alam gesang kabudayan menika sipatipun abstrak. Kabudayan menika barang asil cipta manungsa, awujud tingkah lakunipun manungsa saha barang ingkang sipatipun nyata.

## 2. Foklor

Tembung *folklor* aslinipun saking basa inggris *folk* saha *lore*. *Folk* inggih menika kelompok tiyang ingkang gadah ciri-ciri fisik sosial saha kabudayan ingkang sami. *Lore* inggih menika tradisi. Purwadi (2009: 1) ngandharaken bilih *folklor* inggih menika tradhisi kolektif bangsa ingkang dipunsebaraken mawi lesan menapa dene gerak isyarat, sahingga saged lestantun saking generasi dumugi generasi salajengipun. Pamanggih ingkang sami dipunandharaken Danandjaja (1986: 2) bilih

*Definisi folklor secara keseluruhan adalah sebagian kebudayaan suatu kolektif, yang tersebar dan diwariskan turun temurun diantara kolektif macam apa saja secara tradisional dalam versi yang berbeda baik dalam bentuk lisan, maupun contoh yang disertai dengan gerak isyarat atau alat pembantu pengingat.*

Adhedasar pamanggih ingkan wonten nginggil saged kaandaraken bilih folklor menika kebudayaan ingkang dipun-warisaken kanthi turun temurun kanthi lesan wonten ing masarakat ingkang beda- beda antawisipun tlatah setunggal kaliyan sanesipun.

Miturut Danandjaja (1986: 3-4) tandha-tandha *folklor* ingkang utami saged kababar wonten ngandhap mekaten:

- a. Pelebaran dan pewarisannya dilakukan secara lisan yaitu disebarkan melalui tutur kata dari mulut kemulut.
- b. *Folklor* bersifat tradisional yaitu disebarkan dalam bentuk relatif tetap atau dalam bentuk standar.
- c. *Folklor* ada (*exist*) dalam *versi-versi* bahkan *varian-varian* yang berbeda. Walaupun demikian perbedaannya terletak pada bagian luarnya saja, sedangkan bentuk dasarnya dapat tetap bertahan.
- d. *Folklor* bersifat *anonim* yaitu nama penciptanya sudah tidak diketahui oleh orang lain.
- e. *Folklor* biasanya mempunyai bentuk berumus atau berpola.
- f. *Folklor* mempunyai kegunaan dalam kehidupan bersama suatu kolektif.
- g. *Folklor* bersifat *pralosis* yaitu mempunyai logika sendiri yang tidak sesuai dengan logika umum.
- h. *Folklor* menjadi milik bersama dari kolektif tertentu.
- i. *Folklor* pada umumnya bersifat polos dan lugu sehingga sering kali kelihatannya kasar dan spontan.

Saking tandha-tandha *folklor* ingkang sampun kaandharaken wonten nginggil saged dipunmengertosi bilih kesenian Sandhul menika kalebet *folklor*. *folklor* menika minangka salah satunggaling kabudayan ingkang dipun-warisaken kanthi turun temurun. Kesenian Sandhul menika kalebet *folklor* amargi kesenian Sandhul menika sampun wonten wiwit jaman rumiyin dumugi semanten ingkang dipun-dadosaken piwulang kawruh kautamen dening masarakat desa Sucen mliginipun kawruh kautamen ingkang gayut kaliyan agama saha solah bawa ingkang trep kaliyan masarakat Jawi.

Miturut Brunvand lumantar Danandjaja (1986: 21-22) folklor dipun perang dados tigang kelompok ageng inggih menika: 1. *Folklor* lisan (*verbal folklor*), 2. *Folklor* saperangan lisan (*partly verbal folklor*), 3. *Folklor* sanes lisan (*non verbal folklor*).

*Folklor* lisan inggih menika *folklor* ingkang awujud lesan. Wujud *folklor* lisan inggih menika:

- (a) basa rakyat, inggih menika logat, julukan, pangkat tradisional, *gelar kebangsaan*.
- (b) *ungkapan* tradisional inggih menika peribasan, *pepatah* saha *pemeo*.
- (c) pitakenan tradisional inggih menika teka-teki,
- (d) geguritan inggih menika pantun, gurindam saha syair,
- (e) ceriyos rakyat inggih menika *mite* saha *legenda*,
- (f) sekar. (Danandjaja, 1986: 21-22).

Miturut Danandjaja (1986: 22) *Folklor sebagian lisan adalah folklor yang bentuknya merupakan campuran unsur lisan dan unsur bukan lisan*. Menika ateges bilih *folklor* saperangan lesan inggih menika *folklor* ingkang wujudipun campuran antawisipun lesan saha boten lesan. *Folklor* saperangan lesan tuladhanipun inggih menika kapitadosan rakyat ingkang dipunsebat takhayul, teater rakyat, tari rakyat, adat istiadat, upacara, lsp. Saking andharan ingkang wonten nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih kesenian Sandhul kalebet *folklor* saperangan lesan amargi kesenian Sandhul inggih menika tari rakyat.

*Folklor bukan lisan adalah folklor yang bentuknya bukan lisan, walaupun cara pembuatannya diajarkan secara lisan. kelompok besar ini dapat dibagi menjadi sub kelompok, yakni yang material yang bukan material* (Danandjaja, 1986: 22)

Menika ateges bilih *folklor* sanes lesan inggih menika *folklor* ingkang awujud sanes lesan, sanajan cara damelipun kanthi lesan. *Folklor* sanes lesan dipunperang dados kalih inggih menika *material* saha sanes *material*. *Material* tuladhanipun inggih menika *arsitektur* rakyat, busana saha *perhiasan*, lsp. Dene ingkang awujud sanes material inggih menika *gerak isyarat* tradisional, swanten isyarat kangge *komunikasi* rakyat kados kenthongan ingkang nedahaken tanda bebaya wonten ing Jawi.

### 3. Kesenian Tradisional

Miturut Louis Ellfeld (1977: 2) *Kesenian rakyat adalah suatu kesenian yang tumbuh dan berkembang pada masyarakat pedesaan dalam masyarakat.* Miturut Louis Elfeld kesenian rakyat inggih menika kesenian ingkang wonten ing masyarakat tartamtu Miturut Alwi (2003: 138) *Kesenian rakyat adalah kesenian masyarakat banyak dalam bentuk yang dapat menimbulkan rasa indah yang diciptakan sendiri oleh anggota masyarakat yang hasilnya merupakan milik bersama".* Miturut Alwi Kesenian rakyat utawi kesenian tradisional inggih menika kesenian masyarakat ingkang saged dadosaken raos endah saha seneng.

Saking andharan ingkang wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih Kesenian rakyat inggih menika Kesenian ingkang wonten ing masyarakat tartamtu ingkang gadah ancas kangge hiburan. Kesenian rakyat menika limrahipun awujud tari-tarian sosial. Ciri-ciri/ titikanipun Kesenian rakyat inggih menika wujud hiburan ingkang saged nedahaken ciri khas bangsa ingkang kedah dipunuri-uri, amargi wonten ing salebeting kesenian rakyat menika kathah sanget pitutur-pitutur utawi ajaran-ajaran ingkang sae tumrap manungsa gesang wonten ing alam donya.

### 4. Kesenian Sandhul

Kesenian Sandhul inggih menika kesenian ingkang antawisipun gabungaken seni tari, sekar saha wejangan-wejangan keagamaan. Kesenian Sandhul gadahi ancas paring wejangan ingkang awujud nasihat supados eling marang Gusti kang Maha Agung. Sanesipun kesenian Sandhul gadhah ancas

kangge ritual Desa ingkang dipunpentasaken kangge mengeti dinten-dinten ingkang sae.

Miturut Soedarsono, (1976: 171) *sandhul adalah tarian rakyat tradisional yang berfungsi sebagai tontonan. Tarian yang telah lama diwariskan secara turun temurun sehingga suatu naluri ini merupakan tarian tradisional dengan garapan kerakyatan. sandhul merupakan tarian kelompok ini merupakan suatu sendra tari .kesenian sandhul menjadi rangkaian dari upacara bersih desa atau orang-orang yang mengadakan nadir. Biasanya pada pertunjukan kesenian sandhul ini ditengah arena pertunjukan diletakkan lampu minyak kelapa sebagai dialog yang dibawakan oleh penari dalam bahasa Jawi, maka penari harus menguasai betul-betul dialog yang berbentuk prosa maupun yang harus dinyanyikan atau ditembangkan.*

Saking andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih Sandhul inggih menika tarian rakyat tradisional ingkang gadahi ancas kangge hiburan ingkang awujud sendra tari saha sandhul inggih menika tarian kelompok. Sanesipun inggih menika tari Sandhul menika tari ingkang ginakaken lampu minyak ingkang dipunpapanaken wonten ing tengah panggung. Kesenian Sandhul gadah ancas kagem piwulang ingkang awujud nasihat.

## **5. Kawruh Kautamen**

Kawruh inggih menika ngelmu, miturut Poerwodarminto (1939: 195) Kawruh saged dipunwastani ngelmu saking Gusti ingkang Maha Agung dumateng manungsa ingkang lumantar sumber-sumber ingkang sampun wonten ing alam donya. Endraswara (2011: 24) *ngelmu adalah paradigma pencapaian kejernihan batin menggunakan laku.* Saking andharan menika saged dipunpendhet dudutan bilih ngelmu dipundasari kaliyan laku. Laku inggih menika olahing batin



manungsa anggenipun gesang wonten ing alam donya Miturut Endraswara ( 2010: 132) *Ngelmu rasa (lmu rasa) Jawi yang paling tinggi dan terbesar adalah rasa tauhid yaitu ilmu ketuhanan .saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih masyarakat Jawi menika gadhah ngelmu ingkang dados dasar saha paling inggil inggih menika ngelmu rasa utawi ilmu ingkang gayut kaliyan Tuhan.. Sanesipun wonten ing bebrayan Jawi kawruhutawi ngelmu menika magayutan sanget kaliyan budaya, amargi kabudayaan menika nyakup :*

Logika : kawruh kenalaran ingkang nggayuh jatining bener

Etika : kawruh ingkang ngudi dhumateng kasusilan, subasita, tata krama.

Estetika : kawruh ingkang marsudi dhumateng jatining raos, kalebet raos kaendahan.

Ngudi dhumateng kawruh tumrap gesangipun manungsa sanget perlu sanget jalaran kanthi kawruh badhe anuntun dhateng kasaenan satemah slamet wiwit donya dumugi delahan. ngudi indaking kawruh, *pengalaman*, sarana mirengaken, maos, nyatet, nyerat, tlaten ngupadi sarto boten lingsem anon, tiron saha takon. Mbudidaya amrih tumindakipun sansaya tumata trep tumrap paugeranipun Agama, Negara, saha ing bebrayan. Menika sedaya mbetahaken gladen mawi sarana wekdal, papan saha kawontenan ingkang cekap.

Kawruh midherek sumberipun wonten kathah sanget inggih menika :

1. Kitab suci agama inggih menika kawruh winastan ilmu agama tuladhanipun tiyang ingkang ngrasuk agami Islam gadhah kitab suci ingkang dipunwastani Al- quran

2. Kitab utawi buku karangan pujangga ingkang arupi tembang, kasusastran, padukunan, nujum, ngelmu kasampurnan.
3. Wejangan para sesepuh ingkang limrahipun arupi wejangan kanthi lisan
4. Ing pawiyatan utawa sekolah
5. Pocapan saben dinten inggih menika ingkang lumantar sesrawungan ingkang saged nambahi indaking kawruh

Tembung kautamen saking tembung utami ingkang angsal panambang –an ingkang dados kautamen ingkang tegesipun becik saha linuwih (Poerwodarminto 1939: 447). Hariwijaya (2013: 59) *Kautamen artinya keutamaan atau kebaikan*. Saking andharan menika saged dipunpendhet dudutan bilih kautamen inggih menika tindak tanduk ingkang utami utawi sae. Sampun dados kodratipun manungsa nglampahi menapa kemawon kepingin ingkang becik. Menawi menika tumujunipun dhateng babagan ingkang sae lajeng kasebat utami utawi kautamen. Kautamen menika saged dipuntingali nalika manungsa nindakaken dhawuhipun agama, caranipun wicara, ngagem busana saha solah bawa wonten ing gesang saben dinten. Tuladhanipun tiyang Islam jalaran kepingin nindhakaken laku utama pramila saksampunipun nindhakaken ingkang wajib lajeng dipuntambahi ingkang sunah. Tiyang wicara sanajan sampun ginakaken tata krama saha wigatinipun sampun kasebat nanging taksih dipuntambah kanthi Basa ingkang alus saha sae. Wosipun kautamen inggih menika salah satunggaling laku kagem ngindhakaken bobot, derajat saha ajining kaanan.

Saking andharan ingkang wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih jejer ingkang tiyang Jawi ingkang tansah nengenaken unggah ungguh saha tata krama

satemah kathah ingkang marsudi ing kawruh kautamen. Gegayutan kaliyan ingkang sampun dipunandharaken wonten ing ngajeng pramila tiyang Jawi kathah njagi lestantunipun budaya jalaran wonten budaya Jawi menika mengku kawruh kautamen ananging boten nilar kapitadosanipun dhumateng gusti ingkang nitahaken. Budaya minangka wejangan kawruh kautamen inggih menika adhedasar:

1. Budaya Jawi inggih menika sedaya aspek pagesanganipun masyarakat Jawi minangka babaring cipta, rasa, karsa miwah karyanipun.
2. Unsur-unsur budaya Jawi nyakup aspek filsafat Jawi, religius Jawi, basa saha sastra, kesenian, sejarah Jawi, sistem sosial Jawi, sistem ekonomi, ilmu pengetahuan saha teknologi.
3. Kebudayaan Jawi gadah sipat tantularis sebab nyawijikaken utawi *mengakomodasi unsur-unsur pra Hindu, Hindu Jawi saha Islam Jawi.*

Masyarakat Jawi marsudi kaliyan kawruh kautamen sebab jumbuh kaliyan kabetahan saha karakteristik tiyang Jawi inggih menika :

1. Tiyang Jawi pitados saha tansah nyuwun pangayoman dhumateng gusti Dzat ingkang Maha Agung
2. Tiyang Jawi pitados bilih manungsa perangane kodrat alam “ *manusia Jawi menjalin kebersamaan dan hidup rukun saling menghormati, tenggang rasa, menjaga ketentraman, sikap saling menghormati dapat dicapai melalui tiga hal yaitu isin, sungkan, wedi* “(H. Greetz, 1973)
3. Miturut Suwardi Endraswara, 2005 *indikator* watakipun tiyang Jawi inggih menika rila, narima, sabar, eling, percaya, mituhu, temen, budi luhur,

mawas diri, satriya pinandita, rukun, sepi ing pamrih (serat sasangka jati), tiyang Jawi angesti manjalmaning sesanti “ memayu hayuning bawana .

4. *Implementasi* saking pandangan hidup kasebat inggih menika pasrah saha sumeleh.

Saking andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih mesyarakat Jawi ing papan, wekdal saha kaanan menapa kemawon tansah anggayuh dados jalma utama. Anggenipun badhe ngajak tiyang sanes (mejang kawruh kautamen) inggih menika lumantar dakwah agama saha seni budaya ingkang wonten ing tanah Jawi.

## **6. Jinising Kawruh Kautamen**

Jinising wejangan kawruh kautamen ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika wonten 3. Jinising wejangan kawruh kautamen inggih menika:

1. Kawruh kautamen inggih menika gayutipun antawisipun manungsa kaliyan Tuhan

Kawruh kautamen inggih menika gayutipun antawisipun manungsa kaliyan Tuhan inggih menika sesambetan kaliyan titah manungsa dados makhluk ingkang dipunciptakaken Allah. Manungsa menika boten saged dipunpisahaken kaliyan Tuhan amargi Tuhan menika ingkang nyiptakaken manungsa. Gayutipun manungsa kaliyan Tuhan menika dipuntindakaken kanthi manungsa menika nindakaken kewajibanipun bakti marang Gusti kang Maha Agung ingkang dipunsebat Dharma bakti insane kaliyan Tuhan. Dharma bakti kaliyan Tuhan ingkang sapisan inggih menika taqwa dhumateng Tuhan inggih menika percaya

saha yakin kanthi temen wonten ing sajroning ati (rasa), cipta lan karsa. Wujuding iman marang gusti ingkang Maha Agung inggih menika awujud sikap, solah bawa, pangandikan ingkang sae ingkang adhedasar ati. Wonten ing kesenian Sandhul wujud iman menika dipunwujudaken kanthi puji-pujian dhumateng Tuhan saha kanjeng Nabi Muhammad ingkang awujud sekar-sekar.

Dharma bakti insane ingkang kaping kalih inggih menika manungsa kedah mangertosi sipatipun Tuhan .masyarakat Jawi gadhah kapitadosan bilih Tuhan menika gadhah sipat-sipat ingkang utama. Sipat utama Tuhan inggih menika Maha adil, Maha welas asih, Maha wijaksana saha sakpanunggalanipun. Dharama bakti insane ingkang kaping tiga inggih menika masyarakat Jawi percaya *Firman-firman* Tuhan ingkang dipundadosaken patokan nemtokaken leres saha luput, sae saha boten sae ingkang sedayanipun sampun wonten ing kitab suci Al-Quran ingkang dipundadosaken pituduh umat manungsa gesang wonten ing alam Donya.

2. Kawruh kautamen gayutipun antawisipun manungsa kaliyan awakipun/  
diri manungsa pribadi

Prinsip hormat dhateng diri piyambak nuduhaken bilih manungsa gadhah akal saha ati inggih menika kangge ningkataken keprigelan ingkang wonten ing salebeting diri kita piyambak. Manungsa menika wajib ngindari saking perkawis-perkawis ingkang saged ngrugekaken kangge diri kita. Sanesipun manungsa menika kedah makarya kangge njangkepi kabetahanipun gesang wonten ing donya.

3. Kawruh kautamen gayutipun antawisipun manungsa kaliyan manungsa  
sanesipun

Manungsa menika gadhah kewajiban paring motivasi, semangat saha dorongan mental kangge manungsa sanes supados manungsa menika kedah migunani dhumateng manungsa sanesipun saha boten ngrugekaken dhumateng manungsa sanesipun. Kewajiban manungsa sanesipun inggih menika manungsa menika kedah gadhah sipat ingkang sae kaliyan sinten kemawon.

### **7. Kawruh kautamen wonten ing Seni Sandhul**

Kawruh kautamen wonten gegayutanipun manungsa kaliyan Tuhan, gayutipun manusia dengan dirinya sendiri, gayutipun manungsa kaliyan manungsa, saha gayutipun manungsa kaliyan alam. Intinipun, wonten gegayutan antawisipun wejangan-wejangan kawruh kautamen kaliyan Tuhan ,manungsa, alam, saha diri pribadi. Bab menika saged damel dhasar bilih manungsa menika kedah wonten aturanipun boten pareng tumindak sakersane piyambak. Kawruh kautamen wonten ing kesenian Sandhul inggih menika ingkang awujud nasihat saha tata cara solah bawa ingkang sae ingkang jumbuh kaliyan budi pekerti.

### **8. Pangertosan Simbol**

Tembung simbol asalipun saking basa Yunani “*symbolos*” ingkang ateges tandha utawi titikan ingkang saged ngandharaken bab dhateng satunggaling tiyang. Manungsa ing pagesanganipun tamtu kemawon sambet kaliyan simbol-simbol ingkang gayut kaliyan gesang padintenanipun. Wonten ing sistem kabudayaan Jawi kathah sanget dipunginakaken simbol-simbol kangge sarana ngandharaken pesan-pesan utawi nasehat-nasehat kagem putra



wayahipun. Bab menika nedahaken bilih simbol wonten ing masarakat Jawi ngandharaken bab wejangan-wejanganan ingkang gayut kaliyan gesang manungsa ing alam donya.

Simbol wonten ing masarakat Jawi dipunginakaken kagem nglestantantunakaen nilai-nilai budaya inggih menika tiyang Jawi nedahaken pamikiranipun ingkang sae kanthi ginakaken simbol. Herusatoto (1991: 98), ngandharaken bilih wujud simbolik ing kabudayan Jawi sanget dominan salebeting bab menapa kemawon. Bab kasebat saged dipuntingali ing gesang padintenanipun masarakat Jawi, bilih masarakat Jawi ngandharaken pitutur utawi piwulang kathah ingkang ginakaken simbol. Wujud-wujud simbolik kasebat saged dipunklompokaken dados tigang wujud tindakan simbolik, inggih menika tindakan simbolik ing salebeting agami, tindakan simbolik ing salebeting tradhisi lan tindakan simbolik ing salebeting kesenian. Simbol menika ugi nggadhahi wujud ingkang arupi basa (cariyos, paribasan, bebasan, saloka, pepindhan lan sanesipun), obahing sarira (tari), suwanten (tembang lan musik), warna lan rupa (lukisan, ukir-ukiran lan bangunan).

Tashadi (1992-1993: 12) ngandharaken bilih simbol-simbol wonten ing upacara ingkang dipuntindakaken gadah ancas kagem sarana nedahaken kanthi semu maksud saha ancas saking upacara ingkang dipuntindakaken dening individu-individu. Saking andharan wonten ing nginggil, mila saged dipunmangertosi bilih ing salebeting lampah upacara tradhisi, simbol-simbol ingkang wonten menika tuwuhipun adhedhasar nilai-nilai etis lan pandangan hidup ingkang lumampah ing masarakat. Saking andharan-andharan wonten ing

nginggil sagerd dipunmangertosi bilih pentas Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci Desa Sucen Kecamatan Gemawang Kabupaten Temanggung mujudaken tradhisi simbolis ingkang ngemot wejangan-wejangan ingkang lumantar wonten ing cariyos Kesenian Sandhul, piranti ingkang dipunginakaken saha sesaji-sesaji.

## **B. Panaliten ingkang jumbuh**

Panaliten menika jumbuh kaliyan panaliten ingkang sampun dipuntindakaken kaliyan Magdaleni Ruverlies (07209241038) Jurusan Pendidikan Seni Tari FBS 2011 kanthi irah-irahan “ *Fungsi kesenian Srandul diDesa Jepitu Dusun Manukan Kecamatan Giri Subo Kabupaten Gunung Kidul*”. Panaliten menika sami inggih menika ngrembag babagan kesenian Sandhul utawa Srandul ananging bedanipun menawi wonten ing panaliten ingkang dipuntindakaken kaliyan Magdaleni Ruverlies menika nлити babagan fungsi kesenian Sandhul wonten ing Desa Jepitu. Ancas kesenian Srandul wonten ing Desa Jepitu inggih menika kangge upacara ritual supados masarakat Desa Jepitu saged slamet saha kangge nedahaken rasa syukur kaliyan Gusti ingkang Maha Agung. Ancasipun kesenian Srandul wonten ing Desa Jepitu saged kababar dados kalih inggih menika:

### 1. Ancas ritual

Kesenian Srandul menika dipun-pentasaken wonten ing upacara swadranan resik desa. Upacara menika dipun-tindakaken wonten ing malem jumat pon.

## 2. Ancas hiburan

Kesenian Srandhul menika dipun-pentasaken wonten ing upacara manten saha sunatan kangge hiburan.

## 3. Ancas supados kesenian Srandul wonten ing Desa Jepitu menika lestantun.

Panaliten ingkang bade kula tindakaken inggih menika nлити babagan kawruh kautamen ingkang wonten ing salebeting kesenian Sandhul. Kawruh kautamen ingkang bade kula rembag inggih menika kawruh kautamen ingkang wonten ing Kesenian Sandhul ingkang gayut kaliyan bab tradisi masarakat Jawi saha ingkang gayut kaliyan bab agama mliginipun agama Islam. Wonten ing kesenian Sandhul Sekar kali suci Desa Sucen, kawruh kautamen dipun-andharaken wonten ing pralampita kados to sajen, pirantinipun saha wonten ing sekar utawi greget sautipun.

Bedanipun panaliten ingkang kula tindakaken kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken dening Magdaleni Ruverlies inggih menika bab ancasiipun panaliten. Panaliten ingkang dipuntindakaken dening Magdaleni Ruverlies gadhah ancas nлити bab fungsi saha ancas kesenian Srandul wonten ing Desa Jepitu. Ancasiipun kesenian Srandul wonten ing Desa Jepitu inggih menika ancas ritual, ancas hiburan, saha ancassupados kesenian Srandul menika saged lestantun. Panaliten Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci ingkang bade kula tindakaken inggih menika nлити bab kawruh kautamen ingkang wonten ing Kesenian Sandhul inggih menika kawruh kautamen ingkang kababar wonten ing cariyos Kesenian Sandhul

Sekar Kali Suci, makna simbolik wonten sesaji sdaha makna simbolik wonten ing piranti ingkang wonten ing Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci.

### **C. Panalaran panaliten**

Kesenian kerakyatan gadhah titikan ingkang saged bedakaken antawisipun kesenian kerakyatan setunggal kaliyan kesenian rakyat sanesipun. Kesenian rakyat limrahipun gadhah ciri utawa titikan ingkang dadosaken unik saha istimewa kesenian rakyat menika. Wonten ing kesenian Sandhul Sekar Kali Suci menika gadhah ciri utawa titikan ingkang dadosaken Sandhul menika benten kaliyan kesenian sanesipun. Kesenian Sandhul menika ginakaken lampu senthir ingkang dipunpapanaken wonten tengahipun panggung ingkang saklajengipun dipunubengi kaliyan penarinipun, wonten ing daerah sanes kesenian Sandhul menika ginakaken oncor utawi malah boten ginakaken oncor utawi senthir.

Perkawis ingkang wonten ing nginggil nedahaken bilih manungsa gadhahi raos seni ingkang benten-benten antawisipun manungsa setunggal kaliyan manungsa sanesipun. Kesenian inggih menika salah satunggaling kabetahan manungsa pribadi utawa manungsa wonten ing kelompok . Pramila saking menika raos tiyang babagan seni menika sanes-sanes. Kesenian Sandhul dados salah setunggaling *ekspresi* saha *gambaran* masyarakat Desa Sucen. Kesenian Sandhul menika boten saged owah saking panyengkuyung sedaya masyarakat Desa Sucen ingkang sedaya masyarakaipun kathah-kathaipun dados petani. Wonten ing kesenian Sandhul Sekar Kali Suci gadhah ancas kangge hiburan, paring informasi, pendidikan utawa piwulang saha dipunpentasaken kangge mengeti

upacara-upacara ritual wonteng ing Desa Sucen inggih menika sadranan kali dinten Jumat Kliwon wulan Rejeb, sadranan sarean dinten Jumat Kliwon wulan Ruah, utawa malam 1 Sura.

Pramila saking menika panaliti kepingin nлити kesenian sandhul supados jagi majengipun kesenian Sandhul wonten ing Desa Sucen. Fokus panaliten inggih menika babagan kawruh kautamen ingkang wonten ing salebeting kesenian Sandhul Sekar Kali Suci. Wonten ing kesenian Sandhul Kawruh kautamen kathah sanget mliginipun ingkang gayut kaliyan babagan agama saha tradisi masarakat Jawi. Pramila saking menika panaliten menika gadhah ancas mangertosi Kawruh kautamen ingkang saged dipundadosaken piwulang kangge masarakat Desa Sucen.

### **BAB III CARA PANALITEN**

#### **A. Jenis panaliten**

Panaliten kawruh kautamen ing salebeting Seni Sandhul Sekar Kali Suci Desa Sucen Kecamatan Gemawang Kabupaten Temanggung ginakaken metode panaliten *kualitatif*. Miturut Bogdan saha Taylor wonten lumantar Moleong (2002: 3), panaliten *kualitatif* inggih menika *prosedur* panaliten ingkang ngasilaken *data deskriptif* ingkang arupai tembung-tembung seratan utawi lisan saking tiyang-tiyang utawi solah bawa tiyang ingkang dipuntliti. Spradley (1997: 10) ngandharaken bilih anggenipun nglampahi *kerja lapangan etnografer* inggih menika damel simpulan budaya saking tiga sumber inggih menika: (1) saking ngendikane tiyang, (2) saking solah bawanipun tiyang, (3) saking *artefak*. Wonten ing panaliten menika *pengamatan* saha paneliten ingkang dipun-tindakaken kanthi langsung wonten ing *lapangan* kangge madosi *data deskriptif* ingkang *valid*.

Lincoln saha Guba (Moleong, 2002: 4) ngandharaken bilih metode peneliten *kualitatif* dipuntindakaken kanthi alamiah utawi wonten ing konteks ingkang utuh (*entity*), amargi *ontologi alamiah* menika nedahaken wontenipun kasunyatan-kasunyatan ingkang utuh ingkang boten saged dipunmangertosi bilih dipun-pisahaken saking *konteks*-ipun. Babagan menika adhedasar saking asumsi-asumsi bilih *pengamatan* dipun-dayani menapa kemawon ingkang dipun-semerepi, amargi gegayutan paneliten kedah mendhet papan wonten ing keutuhan wonten ing konteks kangge keperluan anggenipun mahami, *konteks* penting sanget kangge nemtokaken menapa penemuan menika gadhahi arti kangge

*konteks* sanesipun, ingkang tegessipun bilih *fenomena* kedah dipun-teliti wonten ing lapangan. Dados, panaliten dipun-tindakaken kanthi ngempalaken data kanthi langsung wonten ing lapangan kangge madosi *data deskriptif* saking *fenomena* budaya utawa kesenian. Kanthi ginakaken panaliten *kualitatif* dipunkajengaken saged nyukani deskripsi kawruh kautamen wonten ing kesenian Sandhul kanthi *valid* saengga saged dipun-*deskripsi*-kaken kanthi panaliten ingkang alamiah.

## **B. Papan Panaliten**

Panaliten Kesenian Sandhul wonten ing Desa Sucen ingkang naminipun seni Sandhul Sekar Kali Suci menika dipunpentasaken nalika sadranan kali Suci dinten jumat kliwon surya kaping 31 mei 2013 tabuh 03.00 WIB wonten ing dalemipun Bapak Bambang Waluyo RT 01 RW 04 Desa Sucen Kecamatan Gemawang Kabupaten Temanggung. Panaliten menika dipuntindakaken wonten ing Desa Sucen Kecamatan Gemawang Kabupaten Temanggung. Pentas seni Sandhul menika kalampahan wiwit cecawis dinten kamis wage surya kaping 30 mei 2013 dumugi paripurnaning pentas dinten jumat kliwon surya kaping 31 mei 2013. Prosesi pentas seni Sandhul kaperang dados kalih tahap, inggih menika (a) reresik Kali Suci, cecawis papan pentas, cecawis sesaji ingkang awujud sajen ingkang damel kenduren lan sajen nalika pentas seni Sandhul, (b) pentas seni Sandhul Sekar Kali Suci inggih menika adegan Mbabadi, Badhut Ngarep, Lengger, Sandhul lan Cepuk.



### C. Sumber Data

Data wonten ing panaliten menika asalipun saking *observasi berpartisipasi saha wawancara mendalam*. Miturut Lofland saha Lofland lumantar Moleong (2002: 112) ngandharaken bilih sumber data ingkang utami wonten ing panaliten *kualitatif* inggih menika tembung-tembung saha tumindak, sanesipun inggih menika data tambahan kados dokumen ingkang wonten kelurahan saha Dinas Kebudayaan. Sumber data wonten ing panaliten kawruh kautamen wonten ing salebeting kesenian Sandhul inggih menika tembung-tembung, sesaji, piranti Sandhul saha tumindak pambeksa, wiyaga saha sinten kemawon ingkang wonten gayutipun kaliyan kesenian Sandhul

Tiyang ingkang saged paring informasi wonten ing panaliten *kualitatif* dipunwastani *informan*. Moleong (2002: 90) ngandharaken bilih *informan* inggih menika tiyang ingkang saged paring *informasi* ngengingi papan saha kahanan panaliten. Miturut pamanggih Guba lumantar Moleong (2002: 90) ngandharaken bilih ginanipun *informan* inggih menika kangge panaliti supados langkung gampang anggenipun pikantuk *informasi* wonten wekdal ingkang sekedik.

*Informan* wonten ing panaliten kawruh kautamen wonten ing salebeting Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci Desa Sucen inggih menika dipunpundhut kanthi *purposive* inggih menika panaliti nemtokaken piyambak sinten kemawon ingkang saged paring data. Tiyang-tiyang ingkang saged paring data wonten ing panaliten kawruh kautamen wonten ing Kesenian Sandhul inggih menika kadus Desa Sucen, sesepuh Desa Sucen, wiyaga, pambeksa, saha tiyang ingkang wonten gayutipun kaliyan kesenian Sandhul.

#### D. Cara Ngempalaken Data

Teknik anggenipun ngempalaken data ingkang dipunkajengaken wonten ing panaliten kawruh kautamen wonten ing salebeting kesenian Sandhul inggih menika:

##### a. *Pengamatan Berperanserta*

Pengamatan berperan serta dipun-tindakaken kanthi ningali langsung kahanan pentas Kesenian Sandhul saha kahanan sakderengipun pentas Kesenian Sandhul inggih menika nyiapaken sesaji, panggung, sandangan lsp. Panaliti nderek langsung kangge mangertosi pentas Kesenian Sandhul saking acara kawiwitan dumugi pungkasan. Panaliti ginakaken *kamera*, *tepe recorder* saha *handycam* kangge pados data ingkang arupi foto, rekaman swanten, saha video pentas Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci. Moleong (1989: 117) *menyatakan bahwa ciri khas penelitian kualitatif tidak dapat dipisahkan dari pengamatan berperan serta, namun peranan penelitilah yang menentukan keseluruhan skenarionya.*saking andharan ingkang wonten nginggil bilih titikan panaliten *kualitatif* inggih menika kedah wonten *pengamatan berperan serta*. Data wonten ing *pengamatan berperan serta* menika dipunwujudaken wonten ing wujud cathetan lapangan. Saklajengipun data-data ingkang sampun wonten lajeng dipunanalisi sahingga pikantuk data ingkang jumbuh kaliyan panaliten.

##### b. *Wawancara mendalam (dept interview)*

*Wawancara* inggih menika pangandikan ingkang dipun-tindakaken kanthi langsung kaliyan informan babagan menapa kemawon ingkang migunani kangge

ngempalaken data kanthi maringi pitakenan kanthi langsung ingkang dipun-tindakaken panaliti kaliyan *informan* saha wangsulan menika dipuncatat saha dipunrekam kanthi *alat perekam*. Moleong (2002: 135) ngandaraken bilih *wawancara adalah percakapan oleh dua pihak yaitu pewawancara (interviewer) yang mengajukan pertanyaan dan yang diwawancarai itu (interviewee) yang memberikan jawaban atas pertanyaan itu*. Kangge mangertosi data-data saha informasi ingkang akurat babagan kesenian Sandhul dipunginakaken *metode wawancara mendalam* .

*Wawancara mendalam adalah percakapan dengan maksud menggali lebih dalam lagi tentang hal yang dipersoalkan suatu topik tertentu yang sedang dipersoalkan dalam proses wawancara digali lebih dalam melalui pertanyaan mendalam (Moleong, 2006: 195)*

Ancas metode *wawancara mendalam* menika kangge madosi data primer amargi data ingkang dipunpundhut kanthi langsung saking masarakat kanthi cara nyuwun pirsa dateng tiyang ingkang gayut kalihan perkawis ingkang wonten. *Wawancara mendalam* dipun-tindakaken kangge madosi data bab kawruh kautamen ingkang wonten ing salebeting kesenian Sandhul, sesaji, saha piranti kesenian Sandhul. panaliten menika *Alat* utawi piranti ingkang dipunginakaken inggih menika *kamera* saha *alat tulis*. Panaliti anggenipun nglampahi *wawancara* menika kanthi langsung kalihan *informan* ingkang sampun dipuntemtokaken sakderengipun inggih menika Kepala Dhusun Sucen, sesepuh Dhusun Sucen, wiyaga, saha pambeksa.

### E. Instrumen Panaliten

Anggenipun pados data ngenani kawruh kautamen wonten ing salebeting seni Sandhul Sekar Kali Suci menika migunakaken satunggaling piranti saperlu kangge mbiyantu pados data ingkang akurat, piranti menika dipunsebat *instrument* panaliten. Ingkang dados instrument panaliten inggih menika panaliti piyambak (*Human Instrumen*), tegesipun panaliti menika saged dados instrumen penelitian. Panaliti menika kedah dados *perencana, pelaksana pengumpulan data, penganalisis, penafsir data, saha pelapor* kasiling panaliten. Minangka *human instrument* pramila *pencatatan data* saged dipun-ginakaken piranti kangge biyantu inggih menika ingkang arupa *buku catatan, kamera, saha alat perekam* kangge ngawekani subjektivitas lan gampilaken panaliti anggenipun ngempalaken data. Kamera dipunginakaken kangge mendhet data ingkang arupi *foto-foto* kesenian Sandhul menika saha *alat perekam* dipun-ginakaken kangge ngrekam ingkang saklejengipun dipun-*alih-tulis*-aken.

### F. Caranipun Ngalalisis Data

Data-data ingkang sampun pinanggih dipun-*analisis* kanthi induktif, inggih menika analisis data kanthi spesifik saking lapangan ingkang dipunlajengaken kanthi unit-unit kategorisasi (Muhadjir, 2000: 149). Analisis data ingkang dipunginakaken kagem paring biji saha nganalisis data ingkang dipun-*fokus*-aken wonten ing kawruh kautamen wonten ing kesenian sandhul inggih menika asal-usul, kesenian Sandhul, wosipun simbolik sesaji, gerak tari, saha gamelan ingkang dipun-ginakaken. Analisis data saking informan dipun-*proses*

kanthi unitisasi saha kategorisasi. Unitisasi tegesipun data mentah dipun-*transformasik*-aken kanthi *sistematis* dados *unit-unit*. *Kategorisasi* tegesipun upaya damel utawi madosi unit-unit supados jelas. Analisis induksi dipunginakaken kangge paring biji saha nganalisis data ingkang dipun-*fokus*-aken wonten ing panaliten kawruh kautamen wonten ing seni Sandhul

Analisis data dipuntindakaken sakderengipun saha saksampunipun ngempalaken data menawi sampun rampung kanthi ginakaken *katagorisasi* saha *perbandingn berkelanjutan*. Analisis menika dipun-wiwiti kanthi *nelaah* data ingkang trep kaliyan fokus panaliten saking pinten-pinten sumber. Tuladhanipun saking *observasi partisipasi*, *wawancara* menika sampun dipunserat wonten ing *catatan lapangan*, *gambar*, saha *foto*. Saksampunipun data-data menika dipunwaos, dipun-sinaoni saha dipun-*telaah* ingkang saklajengipun dipundamel *abstraksi*. *Abstraksi* inggih menika usaha damel rangkuman inti, proses saha andharan-andharan ingkang kedah dipunjagi supados tetep wonten ing lingkup ingkang jangkep. Saklajengipun inggih menika nemtokaken *satuan-satuan data* ingkang saklajengipun *satuan data-data* menika dipun-*kategorisasi*. *Kategori-kategori* menika dipun-tindak-aken sesarengan kaliyan damel *perbandingan berkelanjutan* kangge nemtokaken kategori saklajengipun. Saksampunipun tahap menika rampung saklajengipun dipunwiwiti kanthi nafsiraken data saha damel dudutan ingkang pungkasan.

### G. Caranipun Ngesahaken Data

Cara ngesahaken data menika kangge ngecek leresipun data ingkang pikantuk saking asiling panaliten. Kangge mangertosi *keabsahan data* menika ginakaken *teknik triangulasi*. Teknik *triangulasi* inggih menika *teknik pemeriksaan keabsahan data* ingkang betahaken menapa kemawon ingkang wonten jawinipun data kagem pengecekan data utawi kagem nandingaken data. (Moleong, 2002: 178). *Triangulasi* wonten ing panaliten menika ginakaken *triangulasi metode saha sumber*. Teknik *pemeriksaan* ngagem *triangulasi metode* wonten ing panaliten menika dipuntindakaken ngagem cara nandingaken data kasiling anggenipun ngamati saha kasilipun *wawancara*.

*Triangulasi sumber* tegesipun nandingaken saha ngecek *balik derajat kepercayaan informasi* saking *informan*, kangge mangertosi leresipun *informasi* menika. Miturut patton lumantar Moleong (2002: 178) *teknik triangulasi sumber* berarti *membandingkan dan mengecek balik derajat kepercayaan suatu informasi yang diperoleh melalui waktu dan alat yang berbeda dalam metode kualitatif*. Saking andharan menika bilih *Teknik triangulasi sumber* wonten ing panaliten inggih menika mandosi data sekathah-kathahipun saking *informan*, ingkang saklajengipun nandingaken *informasi* saking *informan* setunggal kaliyan *informan* sanesipun.

## **BAB IV**

### **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN**

#### **A. Deskripsi Setting Panaliten**

##### **1. Andharaning Papan Pentas Seni Sandhul**

Desa Sucen inggih menika Desa ingkang dumunung ing sisih ler piyambak Kabupaten Temanggung. Desa Sucen menika kalebet wonten ing tlatah Kecamatan Gemawang, Kabupaten Temanggung. Tebihipun saking pusat pemerintah Kecamatan Gemawang kirang langkung sekawan kilometer, dene saking pusat pemerintah Kabupaten Temanggung kirang langkung 19 kilometer. Desa Sucen wiyaripun kirang langkung 665 Ha/m<sup>2</sup>, kanthi cacahing penduduk wonten 3020 tiyang ingkang kaperang dados 1520 piyantun kakung lan 1500 piyantun putri.

Desa Sucen miturut cathetan administratif ingkang wonten Balai Desa Sucen watesipun Desa Sucen inggih menika :

- sisih Ler : winatesan Desa Muncar
- sisih Kidul : winatesan Desa Banjarsari
- sisih Kilen : winatesan Desa Krempong
- sisih Wetan : winatesan Desa Karangseneng

Secara administratif, Desa Sucen menika kalebet wonten ing wewengkonipun Kecamatan Gemawang, ingkang kaperang dados tigang Dhusun, nem RW saha 38 RT. Warga RW setunggal, kalih, tiga mapan wonten ing Dhusun Mandang, sekawan lan gangsal mapan wonten ing Dhusun Sucen, dene RW nem mapan

wonten ing Dhusun Ngasinan. Cacahipun RT saha RW wonten ing desa Sucen kados ing tabel ngandhap menika:

**Tabel 1. Data RT saha RW**

NO	DHUSUN	RW	RT
1	Mandang	3	23
2	Sucen	2	12
3	Ngasinan	1	5
<b>Cacahipun</b>		<b>6</b>	<b>40</b>

Sumber : *Data monografi* Desa Sucen taun 2012



**Gambar 01. Peta Desa Sucen**

Pentas Kesenian Sandhul menika dipunpentasaken kangge mengeti Sadranan Kali Suci Desa Sucen Kecamatan Gemawang Kabupaten Temanggung. Miturut tadisi ingkang wonten ing Desa Sucen kangge mengeti Sadranan Kali



Suci kedah dipunpentasaken Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci. Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 01.


“ Menawi Sadranan Kali Suci menika wiwit jaman rumiyin kedah dipunpentasaken Sandhul, menika sampun dados tradisi, menawi boten dipunpentasaken pada wedos menawi wonten menapa-menapa mas”. (CLW 01)

Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 03

“Menika sampun dados tradisi kaya sing dingendikakaken para ulama kala wau inggih menika al adatul mukhakamah inggih menika tradisi ingkang sampun dados kuwajiban, dados sadranan Kali Suci kedah dipunpentasaken Sandhul “(CLW 03).

Kompleks Kali suci mapan wonten ing Dhusun Sucen RT pitu RW sekawan. Kompleks Kali suci wiyaripun kirang langkung 50 m<sup>2</sup> inggih menika wit ipik lan wit sana kebo, tuk kali suci, bak ingkang damel siram saha Mushola. Wit ipik saha wit sana kebo mapan wonten ing sakleripun mergi antawisipun Dhusun Sucen saha Desa Karang Seneng. Agengipun wit ipik kirang langkung diameter 2 meter lan wit sana kebo kirang langkung diameter 1 meter. Inggilipun wit ipik saha wit sana kebo kirang langkung 50 meter. Denah kompleks Kali Suci kados ing ngandhap menika:

**Denah Kompleks Kali Suci**



**Gambar 02. Denah Kali Suci****Gambar 03. Kompleks Kali Suci (Dok.Heri)**

Tuk Kali Suci wonten ing sandingipun wit sana kebo saha wit ipik kirang langkung kalih meter. Wiyaripun tuk kali suci nginggilipun kirang langkung 1 m<sup>2</sup> saha ingkang dasaripun kirang langkung 2 m<sup>2</sup>. Lajeng perangan bak ingkang damel siram kirang langkung 6 × 4 meter, ingkang lebetipun kirang langkung 2 meter, dene ingkang damel siram tiyang estri saha ingkang damel siram tiyang jaler kirang langkung 3 x 5 meter. Wonten ing bak menika wonten tetenger bilih tuk lan bak ingkang damel siram sampun dipunrenovasi tahun 1970 saha 1990. Kali Suci menika dipunbangun bak supados toya menika saged dados manfaat saha dadosaken masarakat Dhusun Sucen saged sregep ibadah. Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 01

“Inggih mas, supados para warga saget ngginakaken toya kagem kabetahan saben dinten saha supados sami eling bilih papan menika sampun kagem susuci tiyang Linuwih, ing pangajab supados sami tambah Iman dumateng gusti Allah saha sami sregep ngibadah”. (CLW 01).



**Gambar 04. Mushola Kali Suci (Dok. Heri)**

Mushola kali suci mapan wonten ing sakleripun bak kali suci kirang langkung sedasa meter. Wonten ing Mushola sampun kaserat bilih Mushola menika dipunbangun kirang langkung tahun 1970. Mushola wiyaripun kirang langkung 15 X 10 meter. Namanipun Mushola inggih menika Mushola kali suci. Nalika sadranan kali suci Mushola menika dipunginakaken kangge papan kenduren warga RT enem RW papat. Jaman rumiyin miturut cariyos Mushola Kali Suci menika dipunbangun namung ginakaken tetenger kajeng ingkang dawah saking wit sana kebo, kajeng menika dawah lajeng dipundadosaken arah kiblat. Panaliten DEPAG saking Kabupaten Temanggung wulan Maret 2012 nedahaken bilih Mushola Kali Suci menika trep sanget kaliyan arah ka'bah. Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 02.

“ Miturut tiyang rumiyin menika Mushola Kali Suci menika dipunbangun namung tetenger kayu sing tibo kui, dados kayu tibo kui didadekake arah kiblat trus dibangun Mushola trus dijenengi Mushola Kali Suci”. (CLW 02)

## **2.Paraga Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci**

Pentas kesenian Sandhul wonten ing Desa Sucen Kecamatan Gemawang Kabupaten Temanggung menika dipunpentasaken nalika sadranan Kali Suci dinten jumat kliwon surya 31 mei 2013. Pentas Kesenian Sandhul kasebat dipunsengkuyung dening para warga Desa Sucen. Paraga utama wonten ing pentas Kesenian Sandhul menika kirang langkung 15 tiyang inggih menika warga Desa Sucen mliginipun saking Dhusun Sucen. Wiyaga inggih menika Sri Harsono, Yamidi, Joko Susilo, Misri, Tukiran. Wiraswara inggih menika Panudi, Warsidi, Wakimin, Suwaridi, Suciyanto. Paraga ingkang nari inggih menika Ngadiman, Edi Purwanto, Bambang Waluyo, Tini Rahayu, Sriyati. Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 05.

“ Seni Sandhul kui wes dadi agenda rutin Masyarakat Desa Sucen, papan saha para paragane kui warga Dhusun sucen kabeh sebab Kali Suci kui mapan ana ing Dhusun Sucen .” (CLW 05)  
Kangge mangertosi kawontenanipun para paraga wonten ing pentas Kesenian Sandhul ing babagan kependudukan, pakaryaning warga, tataran pendidikan menapa dene *komposisi pemeluk agama* badhe kaandharaken kados ing ngandhap menika.

### **a. Kependudukan**

Kanthi adhedhasar data monografi Desa Sucen tahun 2012, cacahing penduduk Desa Sindutan wonten 3020 tiyang, ingkang kaperang dados 1.520 piyantun kakung lan 1.500 piyantun estri. Supados langkung cetha malih badhe kaandharaken wonten ing tabel ngandhap menika.

### **Tebel 2. Data Penduduk Desa Sucen miturut umur**

No	Penduduk miturut umur	Cacahipun
1	Penduduk umur 0-4 taun	192 tiyang
2	Penduduk umur 5-9 taun	213 tiyang
3	Penduduk umur 10-14 taun	211 tiyang
4	Penduduk umur 15-19 taun	249 tiyang
5	Penduduk umur 20-24 taun	228 tiyang
6	Penduduk umur 25-29 taun	218 tiyang
7	Penduduk umur 30-34 taun	238 tiyang
8	Penduduk umur 35-40 taun	259 tiyang
9	Penduduk umur 40-45 taun	266 tiyang
10	Penduduk umur 45-50 taun	220 tiyang
11	Penduduk umur 50-55 taun	176 tiyang
12	Penduduk umur 55-60 taun	144 tiyang
13	Penduduk umur 60-65 taun	137 tiyang
14	Penduduk umur 65-70 taun	84 tiyang
15	Penduduk umur 70-75 taun	79 tiyang
16	Penduduk umur 75-80taun	61 tiyang
17	Penduduk umur 80+ taun	45 tiyang
	<b>Cacahipun</b>	<b>3020 tiyang</b>

**Sumber : Monografi Desa Sucen Taun 2012**

Data kependudukan ingkang mekaten menika saperlu kangge mangertosi kawontenaning para paraga wonten ing Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci menawi dipuntingali saking golongan yuswanipun. Saking tabel komposisi penduduk ing nginggil menika saged dipunmangertosi menawi para pemuda Dhusun Sucen wonten ing pentas kesenian Sandhul menika tiyang-tiyang ingkang kagolong ing yuswa 20 – 30 taun kadhapuk minangka ingkang damel panggung ingkang damel pentas. Salajengipun ingkang kagolong yuswa 31 – 40 taun menapa kajibah dados panitia. Dene yuswa 41 – 70 taun kajibah dados

paraga wonten ing Seni sandhul inggih menika wiyaga saha pemain. Bab kasebat kapilih tiyang-tiyang ingkang kagolong yuswa semanten menika amargi sampun langkung pana babagan kepanitiaan kados dene wonten ing panitia mantu menapa dene upacara sanesipun ing desa. Sanesipun tiyang tiyang ingkang kagolong yuswa semanten ingkang sampun pana ing pamawas babagan kawruh gesang wonten ing alam donya. Adharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun informan 05.

“ Dadi warga kene ingkang mudha-mudhi biasane ingkang gawe panggung lan bagian keamanan nalika pentas, lan sing sepuh-sepuh dadi panitia lan dados pemain utawa paraga Sandhul kui kudu wong sing wes ngerti bab Uriping manungsa.” (CLW 05)

#### **b. Pakaryanipun Penduduk**

Kanthi adhedhasar data monografi Desa Sucen tahun 2012, katitik pakaryanipun warga masarakat Desa Sucen mawarni-warni jinisipun. Supados langkung cetha badhe kaandharaken kados wonten ing tabel ngandhap menika.

**Tabel 3. Pakaryanipun penduduk**

<b>Jinising Pakaryan</b>	<b>Tiyang</b>
Petani	2908 tiyang
PNS	17 tiyang
TNI	5 tiyang
POLRI	7 tiyang
Guru	15 tiyang
Pedagang	68 tiyang
<b>Cacahipun</b>	<b>3020 tiyang</b>

**Sumber : Monografi Desa Sucen Taun 2012**

Data jinising pakaryanipun penduduk menika saperlu kangge mangertosi kawontenanipun jinising pakaryaning para paraga pentas Seni Sandhul. Ngengingi dumunungipun penduduk Desa Sucen wonten ing tlatah padesan, jumbuh kaliyan andharan tabel ing nginggil, katitik menawi saperangan ageng warga masarakat Desa Sucen nggadhahi pakaryan minangka among tani. Prtelan menika saged katingal wonten ing salebeting tabel, menawi cacahipun tiyang ingkang pakaryanipun among tani ing Desa Sucen langkung kathah piyambak, inggih menika 2908 tiyang. Ewa semanten ingkang sampun dados PNS/TNI/POLRI/Pedagangugi kathah lan kaperang ing jinising pakaryan sanesipun.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun informan 04.

“ Menawi wonten Desa Sucen menika tiyang ndesa sedanten dados ingkang kathah inggih menika pakaryanipun dados tani inggih menika petani kopi saha petani cengkeh ingkang kathah.” (CLW 04)

### c. Tataran Pendidikan

Kanthi adhedhasar data monografi desa Sucen tahun 2012, tataran pendidikan masarakat Desa Sucen saged katingal wonten ing tabel ngandhap menika.

**Tabel 4. Tataran pendidikan penduduk**

<b>Tataran Pendidikan</b>	<b>Tiyang</b>
Tamat SD/ sederajat	1500 tiyang
Tamat SMP/ sederajat	231 tiyang
Tamat SMA/ sederajat	157 tiyang

Tamat D-3/sederajat	18 tiyang
Tamat S-1/sederajat	12 tiyang
<b>Cacahipun</b>	1918 tiyang

**Sumber : Monografi Desa Sucen Taun 2012**

Data tataran pendidikan menika saperlu kangge mangertosi tataran pendidikan para paraga Seni Sandhul. Saking tabel ing nginggil saged dipunmangertosi menawi tingkat pendidikan masarakat Desa Sucen kagolong sampun inggil. Bab kasebat saged katitik saking kathahipun warga masarakat ingkang sampun ngrampungaken tataran *pendidikan dasar lan menengah pertama*. Sanesipun malih ugi kathah warga masarakat ingkang sampun nggayuh pendidikan tataran SMA menapa dene tataran *perguruan tinggi*. Tingkat pendidikan masarakat ingkang sampun inggil, ananging para warga Desa Sucen taksih nglestantunaken tradisi saha Seni budaya ingkang sampun wonten turun temurun.

#### **d. Sistem Religi**

Kanthe adhedhasar data monografi Desa Sucen tahun 2012, cacahing tiyang-tiyang ingkang ngrasuk agami saged katingal ing tabel ngandhap menika.

**Tabel 5. Komposisi pemeluk Agama**

<b>Agama</b>	<b>Tiyang</b>
Islam	3005 tiyang
Katholik	15 tiyang
<b>Cacahipun</b>	<b>3020 tiyang</b>

**Sumber : Monografi Desa Sucen Taun 2012**



Data *komposisi pemeluk agama* menika saperlu kangge mangertosi kapitadosan pangrasuking agama para paraga Seni Sandhul. Miturut tabel ing nginggil, masarakat Desa Sucen ingkang ngrasuk Agami Islam cacahipun 3005 tiyang, saha Agami Katholik 15 tiyang, wondene ingkang ngrasuk Agami Hindhu, Budha lan Kong Hu Chu boten wonten. Kangge ngawontenaken pangibadahan, ing Desa Sucen ugi sampun kabangun Mesjid-masjid utawi Mushola lan Gereja. Sinaosa mekaten, nanging wonten ing pagesanganipun taksih katingal wontenipun kapitadosan dhateng para leluhuripun. Bab kasebat katitik taksih wonten upacara-upacara tradhisi lan wilujengan ingkang dipuntindakaken. Upacara tradhisi ingkang taksih dipuntindakaken dening warga masarakat antawisipun upacara Mitoni, Mantu, Sadranan Kali Suci, Sadranan Sarean, sadranan Kali Banger, Merti Desa, Ruwahan lan sapanunggalanipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun informan 03.

“Wonten mriki menika sedaya masarakatipun agamanipun islam namung bab tradisi jawataksihi dipunlestantunaken, ingkang wonten ing desa Sucen kui ana merti tani, sadranan yaiku sadraman kali suci, sadranan kali banger, sadranan sarean, mitoni, lan kenduren kenduren nang acara-acara kaya nyemplung sawah, arak panen brang kae iseh mesti dilakoni kaliyan tiyang-tiyang Sucen.” (CLW 03)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 02

“Agama Islam sedaya ananging Islam Kejawen menika mas, dados tradisi Jawanipun taksih wonten” (CLW 02)

## **B. Asal-usul Kesenian Sandhul**

Data ingkang kapundhut inggih menika data primer, menika saking kasiling wawancara tokoh masarakat desa Sucen saha sedaya para paraga seni Sandhul

Sekar Kali Suci. Sejarah kesenian Sandhul inggih menika nyariyosaken Kyai Balahum. Kyai Balahum inggih menika Kyai ingkang sabar, wicaksana saha solah bawanipun sae. Salah satunggaling dinten Kyai Balahum dipunuji imanipun dumateng Allah swt inggih menika Kyai Balahum ical kitabipun. Saklajengipun Kyai Balahum ndeduga ingkang boten awon bilih ingkang mendhet kitab menika santrinipun. Santri menika saklajengipun dipunpejahi kanthi cara belah padharanipun santri satemah pejah. Ananging saking padharan santri menika medal rah ingkang pethak menika nedahaken bilih santri menika boten lepat. Saklajengipun jasad santri menika kabelah dados kalih.

Jasad santri wiwit padharan dumugi mustaka mukswa minggah wonten ing langit saha padharan dumugi ampeyan mukswa mlebet wonten ing sajroning bumi. Sesarengan menika wonten swanten ingkang boten wonten rupinipun ingkang ngendika bilih santri ingkang dipunpejahi menika boten lepat. Saksampunipun wonten kedadean menika Kyai Balahum menika kuciwa dhateng tindakanipun. kangge nebus kalepatanipun Kyai Balahum naton tanganipun lajeng medal rah warni abrid, menika nedahaken bilih Kyai Balahum menika Lepat.

Saklajengipun kangge nebus kalepatanipun Kyai Balahum nindakaken tapa inggih menika tapa ngrame. Wonten ing tapanipun Kyai Balahum pikantuk wisik damel alat musik saking pring ingkang dipunsebat angklung, kayu dipundamel kendhang, Bumbung Pring dipundamel Gong. Saksampunipun tapa ngrame Kyai Balahum kedah nindakaken dakwah utawi babar piwulang

ginakaken sarana utawa alat ingkang dipunwastani angklung, kendhang, saha Gong utawi dakwah kanthi sarana kesenian. Kangge nindakaken dakwah menika Kyai Balahum dipunbiyantu para cantrik inggih menika ingkang dipunwastani Badhut Ngarep, Lengger, Cepuk. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun informan 05

“Kesenian Sandhul kui nyritakake Kyai Balahum. Kyai Balahum kui Kyai ingkang sabar, bijaksana saha solah bawane apik. Salah satunggaling dino Kyai Balahum dipunuji iman edumateng Allah swt a iku Kyai Balahum kelangan kitabe. Sak wise kui Kyai Balahum suudzon karo santrine. Santri trus dipateni. Santri kui dipateni kanthi dibelah wetenge. Ananging seka wetenge santri kui metu getih putih, kui nandakake nek santri kui ora salah. la, sakwise kui Kyai Balahum ngrasa salah lan kanggo nebus kesalahane kui Kyai Balahum kui dakwah ngangga kesenian kang diarani Sandhul kui. ngana critane sak ngertine enyong”. (CLW 05)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 08

“Kesenian Sandhul kui nyritakake Kyai Balahum. Kyai Balahum kui Kyai ingkang sabar, bijaksana saha solah bawane apik. Salah satunggaling dino Kyai Balahum dipunuji iman emas dumateng Allah swt ya iku Kyai Balahum kelangan kitabe. Sak wise kui Kyai Balahum ngarani karo santrine. Santri trus dipateni. Santri kui dipateni dibelah wetenge. Ananging seka wetenge santri kui metu getih putih, kui nandakake nek santri kui ora salah. la, sakwise kui mas Kyai Balahum ngrasa salah lan kanggo nebus kesalahane kui Kyai Balahum kui kudu dakwah ngangga kesenian kang diarani Sandhul kui. ngana critane sak ngertine enyong mas” (CLW 08).

### **C. Pentas Seni Sandhul**

Pentas Seni sandhul sekar Kali Suci wonten ing Dhusun Sucen menika dipunpentasakan nalika sadranan Kali suci. Sadranan Kali Suci menika dinten Jumat kliwon wulan rojab. Pentas Seni Sandhul ginakaken piranti senthir, pathok, kacu, angklung, kendhang lan gong. Para paraga utama wonten seni Sandhul inggih menika sedaya warga Dhusun Sucen ingkang kaperang dados

Wiyaga inggih menika Sri Harsono, Yamidi, Joko Susilo, Misri, Tukiran, Ijeng Wiraswara inggih menika Panudi, Warsidi, Wakimin, Suwaridi, Suciyanto, Lan Pambeksa inggih menika Ngadiman, Edi Purwanto, Bambang Waluyo, Tini Rahayu, Sriyati. nyariyosaken Kyai Balahum. Seni Sandhul inggih menika nyariyosaken Kyai Balahum, inggih menika Kyai ingkang sabar, wijaksana saha solah bawanipun sae. Salah satunggaling dinten Kyai Balahum dipunuji imanipun dumateng Allah swt inggih menika Kyai Balahum ical kitabipun. Saklajengipun Kyai Balahum ndeduga ingkan boten awon bilih ingkang mendhet kitab menika santrinipun. Santri menika saklajengipun dipunpejahi kanthi cara belah padharanipun santri satemah pejah. Ananging saking padharan santri menika medal rah ingkang pethak menika nedahaken bilih santri menika boten lepat. Ijeng kangge nebus kalepatanipun Kyai Balahum Ijeng nyebar Agama kanthi ginakaken cara kaesenian ingkang dipunwastani tari Sandhul.

Pentas seni Sandhul inggih menika seni tari ingkang penarinipun nari ngubengi pathok ingkang wonten tengahipun panggung. Pentas seni Sandhul dipunwiwiti saking adegan mbabadi Mbabadi menika adegan ingkang sepisanan. Mbabadi menika adegan pambuka kanthi donga saha sekar-sekar ingkang awujud panyuwunan. Adegan kaping kalih Badhut ngarep, adegan kaping tiga Lengger, adegan kaping sekawan Sandhul lan adegan ingkang pungkasan inggih menika Cepuk.

Pentas Seni Sandhul gadhah ancas paring wejangan saha kagem hiburan sedaya masyarakat Desa Sucen. miturut Turner lumantar Endraswara (2006: 56) ngandharaken bilih pertunjukan spiritual gadhah ancas paring hiburan dening

audien. Awit saking menika saderengipun ngawontenaken pentas Seni sandhul kasebat dipunwiwiti kanthi cecawis-cecawis papan saha uba rampe ingkang sampun dipunngengreng langkung rumiyin. Cecawis pentas menika badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

## **1. Cecawis**

Saderengipun ngawontenaken pentas Seni Sandhul, langkung rumiyin dipunwontenaken cecawis-cecawis pentas saha resik Kali Suci. Cecawis ingkang dipuntindakaken inggih menika rapat panitia pentas, nyembelih ayam saha masak ayam, resik-resik Kali Suci, cecawis papan, piranti pentas saha sesaji Seni Sandhul, Kenduren.

### **a. Rapat Cecawis Pentas Kesenian Sandhul**

Wonten ing dinten kamis wage, surya kaping 30 mei 2013, kirang langkung tabuh 19.00 WIB, warga masarakat Dhusun Sucen ngawontenaken rapat kangge cecawis anggenipun badhe ngawontenaken pentas Seni Sandhul. Rapat menika dipunadani wonten ing dalemipun Bapak Sunoto nenggih panjenenganipun Bapak Kepala Dhusun Sucen. Menawi badhe pentas Seni Sandhul menika kedah wonten rapat panitia rumiyin lan rapat punika sampun dados agenda rutin menawi badhe pentas. Ingkang rawuh wonten ing pepanggihan menika bapak-bapak RT, RW, BPD, LPMD, Ketua Seni Sandhul, Bapak Kepala desa, Sekretaris Desa saha tokoh masyarakat Dhusun Sucen lan saking menika ngrembag babagan ngengrengan dana ingkang badhe dipunbetahaken wonten ing pentas Seni Sandhul. Saklajengipun ngrembag babagan wekdal kangge ngawontenaken kerja bakti resik Kali Suci. Rapat menika namung dipunadani

setunggal dinten inggih menika namung dinten kamis. Rapat menika sampun dados agenda rutin saben tahun menawi wonten sadranan Kali Suci saha Sadranan Kali banger.



**Gambar 05. Musyawarah panitia pentas Seni Sandhul (Dok. Heri)**

Rapat menika dipunpandhegani dening Bapak Bunariyono ingkang kabiyanu dening ibu Dwi Widyawati saha Bapak Bambang Waluyo. Para warga sami suka pamanggih wonten ing musyawarah menika, ing pangangkah supados lampahing pentas kesenian Sandhul saged lumampah kanthi rancang. Asiling pirembagan dipuntetepaken bilih susunan panitia pentas Kesenian Sandhul inggih menika :

Ketua panitia	: Bunariyono
Sekretaris	: Dwi widyawati
Bendahara	: Sriwiharto
Seksi-Seksi:	
Seksi Kebersihan (resesik kali suci)	: Paridi ( Juru kunci Kali Suci )

Seksi Ritual Kenduren Sadranan	: Sam'ani
Seksi Ritual saha Pentas Seni Sandhul	: Bambang waluyo
Seksi Dokumentasi	: Edi waluyo, Heri Setiyono
Penata Panggung	: Edi purwanto



**Gambar 06. Musyawarah panitia pentas seni sandhul (Dok.Heri)**

Wonten pepanggihan menika ugi dipuntetepaken bilih wekdal kangge kerja bakti saking warga masarakat Dhusun Sucen badhe dipunadani ing dinten jumat kliwon surya kaping 31 mei 2013 wanci tabuh 09.00 WIB. Kerja bakti menika namung mligi resesik kali suci. Salajengipun para panitia ndhapuk anggenipun cecawis papan, umbarampe kangge ritual saha pentas seni Sandhul. Wonten pungkasaning acara Bapak Sariyono (Sekdes Sucen) paring sambutan magayutan kaliyan badhe wontenipun agenda rutin tahunan sadranan kali suci saha pentas seni sandhul, Bapak Sariyono paring pangandika bilih panjenenganipun sanget jumurung wontenipun acara menika saha perlu dipunjagi amrih lestari awit menika kalebet wujuding budaya ingkang adiluhung. Watawis tabuh 21.00 WIB

rapat menika sampun paripurna, para warga sampun sami sarujuk awit saking pirembagan babagan cecawis pentas kesenian Sandhul, pramila para warga sami kundur.

#### **b. Cecawis Sesaji Kenduren**

Dinten kamis 31 mei 2013 wanci tabuh 16.00 WIB Mas Bambang saha Bapak Sunoto nyamektakaken uba rampe saha ayam ingkang badhe dipunsembelih kagem slametan Kesenian Sandhul. Uba rampe ingkang sami dipunsamekatakaken inggih menika arit saha bathok klapa kangge tadah rah. Wanci tabuh 17.00 WIB uba rampe sampun samekta ayam dipuncepeng kaliyan Mas Bambang saha arit dipuncepeng Bapak Sunoto. Ayam sakderengipun dipunsembelih dipunresiki jalu lan cucukipun kados limrahipun tiyang wudlu. Ayam dipuncepeng, ndasipun ayam wonten sisih kidul dene sikilipun wonten sisih ler saha cucukipun dipunarahaken kiblat. Bapak Sunoto anggenipun nyembelih ayam kanthi donga ingkang niatipun ayam menika kagem slametan anggenipun badhe ngawontenaken pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci. Bapak Sunoto nyepeng arit kanthi asta tengen lajeng dipuntamakaken wonten gulunipun ayam ngantos medal rahipun lajeng ayamipun ingkang sampun dipunsembelih menika dipunselehaken wonten siti supados saged solah ngantos dumugining pejah.

Mula bukanipun nyembelih ayam inggih menika, ayam minangka sarana kagem kenduren utawi slametan ingkang niatipun nyuwun keslametan dumateng gusti ingkang maha agung, ayam kala wau kedah dipunsembelih salajengipun dipundamel ingkung. Wonten ing kenduren sadranan, kenduren utawi slametan



saha sesaji ing seni Sandhul, ayam utawi ingkung minangka simbol ngormati para Nabi, para Wali, saha para leluhur.



**Gambar 07. Nyembelih ayam (Dok. Heri)**



**Gambar 08. Inkung (Dok. Heri)**

Saksampunipun ayam pejah lajeng Ibu Sriwanti nyawisaken toya panas kangge nyiram ayam kala wau supados gampil anggenipun ngresiki wulu. Wulu

dipunresiki wonten ing lepen, lajeng weteng sarta dada ayam dipunbelah ngangge peso jerohanipun dipunpendhet lajeng dipunresiki, saksampunipun resik ayam lan jerohan dipunbeta. Ayam lajeng dipuntali ngangge tali bambu kados limrahipun ingkung. Saksampunipun dipuntali dipunmasak wonten kuali ngangge bumbu kunir, kencur, jahe, laos, tumbar, jinten, mrica, jeruk nipis, sere, uyah, gula aren, saha santen klapa. Ayam dipunmasak kirang langkung 2 jam. Watawis kirang langkung 2 jam ayam sampun mateng lajeng dipunwadahi wonten ing piring ingkang sampun dipunsamektakaken.



**Gambar 09. Ibu Sutri masak tumpeng saha golong (Dok. Heri)**

Saklajengipun kirang langkung tabuh 17.00 wib Ibu Sutri ingkang dados tukang adang (Padang) mundhut wos ingkang badhe kagem tumpeng saha damel golong pitu, wos dipuntaker ngagem piring saban setunggal tumpeng kalih piring (kalih takeran) wos salajengipun dipunsusi. Sasampunipun wos atus, ibu sutri nyamektakaken piranti adang tumpeng inggih menika dandang, kukusan, kekep, kalebet kayu obong. Ibu Sutri wiwit damel geni ing pawon ngagem kayu obong, dandang dipunterapaken sanginggiling pawon dipunparingi toya sacekapipun

lajeng saknginggilipun dipungpasang kukusan wos dipunsuntak lajeng dipuntutup kekep. Kirang langkung 1 jam tumpeng sampun mateng lajeng dipuntumplak wonten ing cething.

### **c. Resik-resik Kali Suci**

Dinten Jum'at Kliwon Wulan Rejeb surya kaping 31 mei 2013 tabuh 08.00 WIB kados padatan para warga dhusun Sucen sami gotong-royong resesik wonten ing kali suci. Miturut Moertjipto (1996: 81) Gotong royong inggih menika padamelan ingkang dipuntindakaken kanthi sareng- sareng. Kali suci mapanipun wonten ing Dhusun Sucen RT pitu RW sekawaan. Kali suci menika lepen ingkang wonten ing sandingipun wit sana kebo lan wit ipik ingkang ageng lajeng tumrap warga Dhusun Sucen dipunwastani jerakah. Resesik Kali Suci dipunwiwiti resesik ing tuk kali suci, nguras bak, resesik selokan saha resesik mergi ing Kali Suci. Bapak Sunoto (Kadus Sucen) nembe nyapu ing saknginggiling tuk, Mariyanto, Surahmat, timbul resesik mergi ing saknginggiling lepen. Warga sanesipun sami resesik ing ngandhap sakcaket ing tuk dipunpandhegani Bapak Sam'ani (Kaur Kesra). Resesik Kali Suci menika dipunadani dening masarakat Dhusun Sucen gadhah ancas raos syukur kaliyan Gusti Allah sampun dipunparingi toya ingkang saged gadhah manfaat ingkang kathah sanget tumrap masarakat Dhusun Sucen. Resesik Kali Suci menika mujudaken raos gotong royongipun masarakat dhusun Sucen. Masarakat Dhusun sucen jagi sanget tradisi nenek moyang ingkang awujud gotong royong inggih menika gotong royong ingkang limrah inggih menika gotong royong resesik Kali, resesik mergi, saha gotong royong damel griya.



**Gambar 10. Resik-resik Kali Suci (Dok. Heri)**



**Gambar 11. Nyedot toya saking tuk Kali Suci (Dok. Heri)**

Bapak Marsudi dipunbiyantu Ermanto, Tukirman, Ali Santosa nyedot toya saking bak *penampungan*, Sartanto lan Paijan resik lumut wonten saklebeting bak ngagem sapu lan pacul. Bak *penampungan* mapan wonten ing sisih ler wit sana kebo lan wit ipik. Bak penampungan wiwit dipunbangun permanen kirang langkung wiwit tahun 1980. Kirang langkung tabuh 09.45 WIB bak sampun paripurna dipunresiki. Menawi toya sampun kebak, resik saha bening lajeng bak dipuntutup malih. pangangkah jam 10.00 sampun paripurna sedaya anggenipun

resesik kali suci lan sakderengipun wanci sholat Jum'at toya sampun saget dipunginakaken kangge siram para warga ingkang badhe nindakaken kewajiban sholat Jum'at.

**d. Cecawis papan saha piranti pentas Seni Sandhul**

Dinten jumat Kliwon 31 mei 2013 wanci tabuh 09.00 WIB pemuda Dhusun Sucen sampun wonten dalemipun mas Bambang. Pemuda Dhusun Sucen dipundawuhi dening bapak Sunoto minangka jejering Kepala Dhusun Sucen supados nyamektakaken gamelan lan piranti kangge pentas Kesenian Sandhul. Deni Setiyawan, Samsul Huda, Muhrodin nembe masang spanduk ingkang damel *background* panggung. Spandukipun dipunpasang wonten ing ngajeng griyanipun Mas Bambang. Wawan, Dony, lan Totok dipundawuhi ngusung gamelan saking griyanipun Bapak Ngadiman, gamelan dipunbetha wonten ing panggung. Salajengipun piranti-piranti kasebat dipunresiki kanthi dipunsulaki lan dipunlap mawi gombal supados bleduk-bleduk sami ical. Piranti- piranti kasebat inggih menika gong, angklung, kendhang, saha pathokan. Senthir ingkang wonten ing sangingiling pathok dipunisi liyun dening Ibu Sriwanti. Dene Andriy, Agung dipundawuhi resesik panggung ginakaken sapu lan ingkrak.





**Gambar 12. Nyamektakaken piranti kangge pentas Sandhul (Dok. Heri)**



**Gambar 13. Nyamektakaken piranti kangge pentas Sandhul (Dok. Heri)**

Kirang langkung tabuh 10.00 WIB sedaya piranti-piranti saha panggung ingkang damel pentas Kesenian Sandhul sampun samekta. Sakderengipun wangsul para pemuda sami dhahar sareng-sareng wonten ing dalemipun Mas Bambang. Mas Bambang Hermato minangka Ketua Pemuda dapuk pedamelan ingkang kedah dipunayahi nalika pentas Seni sandhul samangkih, inggih menika bab keamanan saha biyantu para pelaku seni bilih wonten ingkang kedah dipunsamektakaken. Kirang langkung tabuh 11.00 WIB para pemuda sami

wangsul rumiyin sami siram ingkang saklajengipun sami nindakaken sholat Jumat.

**e. Cecawis Sesaji Pentas Seni Sandhul**

Dinten jumat kliwon 31 mei 2013 wanci tabuh 09.00 WIB Cecawis sesaji wonten ing dalemipun Bapak Bambang Waluyo. Cecawis sesaji kangge pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci menika pandamelanipun dipundum dhateng para anggota Seni Sandhul Sekar Kali Suci. Bab kasebat amargi sesaji-sesaji ingkang dipunginakaken wujudipun kathah sanget, pramila anggenipun damel sesaji menika wonten dalemipun Bapak Bambang Waluyo ingkang dedunung ing Desa Sucen RT 1 RW 4. Cecawis sesaji dipunsamektakaken wonten ing dalemipun bapak Bambang Waluyo supados gampang anggenipun cecawis amargi pentas seni Sandhul dipunpentasaken wonten ing dalemipun Bapak Bambang Waluyo.



**Gambar 14. Nyamektakaken sesaji kangge pentas Sandhul (Dok. Heri)**

Cecawis sesaji pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci dipunpandegani dening Mbah Isah ingkang dipunbiyantu kaliyan Ibu Sriwanti saha Ibu Marsini. Sesaji ingkang dipunsamektakaken inggih menika sesaji ingkang dipunginakaken nalika pentas. Sesaji ingkang dipunsamektakaken inggih menika Jenang abrit

dipundamel saking wos ingkang dipunjenang lajeng dipuncampur kaliyan gula aren, Jenang Pethak dipundamel saking wos ingkang dipunjenang, Inkung dipundamel saking ayam ingkang sampun dipunbeleh lajeng dipunresiki lajeng ayam dipuntali ngangge tali bambu kados limrahipun ingkung. Saksampunipun dipuntali dipunmasak wonten kuali ngangge bumbu kunir, kencur, jahe, laos, tumber, jinten, mrica, jeruk nipis, sere, uyah, gula aren, saha santen klapa. Ayam dipunmasak kirang langkung 2 jam, Suruh tinangsulan lawe inggih menika godhong suruh ingkang dipuntali ngangge bolah utawi benang, Menyan lan sekar Setaman, Tumpeng dipundamel saking wos ingkang dipunmasak ngangge kukusan kirang langkung kalih jam, lan Golong dipundamel saking wos ingkang dipunmasak lajeng dipunkepel-kepel ngangge asta cacahipun pitu.

#### **f. Kenduren**

Dinten Jum'at Kliwon Wulan Rejeb surya kaping 31 mei 2013 tabuh 01.00 WIB sampun kempal wonten ing dalemipun Bapak Sunoto. Sinambi nengga para warga ingkang dereng rawuh Bapak-bapak saha lare-lare sami nyamektakaken tumpeng sarta umbarampe kangge kenduren samangke. Kenduren wonten ing Dhusun Sucen menika anggenipun kenduren dipunwontenaken tiap RT, ananging wekdalipun sami menika saksampunipun sholat jumat. Kenduren menika diadani warga Dhusun Sucen RT 1 RW 4. Kenduren menika gadhah ancas raos syukur sampun dipunparingi toya ingkang wonten ing Kali Suci saha dados panyuwunan bilih pentas Seni Sandhul samangkih saged lancar lan boten wonten alangan. Sanesipun ancas kenduren inggih menika dados ritual ingkang sampun dados tradisi wiwit jaman rumiyin ingkang kedah dipunlestantunaken. Kenduren menika



dipunadani wonten ing RT 1 RW 4 ingkang kaprang dados 12 *kepala keluarga*. Kenduren sadranan wonten ing Dhusun Sucen ingkang kedah dipunsamektakaken inggih menika bucu, ingkung saha krupuk. Caranipun kenduren inggih menika saben *kepala keluarga* nyamektakaken bucu, ingkung saha krupuk ingkang samangkih dipundhahar sareng- sareng wonten ing dalemipun Bapak Sunoto.



**Gambar 15. Kenduren warga RT 1RW 4 (Dok.Heri)**



**Gambar 16. Kenduren warga RT 1 RW 4 (Dok.Heri)**

Ritual Kenduren sadranan kali suci dinten jumat kliwon wulan rejeb wonten dalemipun Bapak Sunoto (Kadus Sucen) dipuntindakaken ba'da Sholat Jum'at.

Inggang baku kedah dipunsamektakaken menika namung bucu, golong, ingkung saha lawuh inggang wonten. Kenduren dipunwiwiti maos surat Al Fatihah lajeng Bapak Sunoto paring Donga”*mugi mugi Allah swt paring kelancaran pentas kesenian sandhul saha boten alangan punapa- punapa*” inggang dipunlajengaken donga sapu jagad.

## **2. Pentas Seni Sandhul**

Kesenian Sandhul inggih menika kesenian inggang ngandharaken cariyos rakyat mliginipun cariyos rakyat inggang wonten gegayutanipun kaliyan Desa Sucen. *Durasi* wekdal nalika pentas Seni Sandhul kirang langkung 3 dumugi 4 jam. Kesenian Sandhul cacahipun penari saha wiyaga inggih menika 20 tiyang, piranti *musik*-ipun inggih menika angklung, gong saha kendhang. Gerakan wonten ing tari Sandhul inggih menika tari-tarian inggang ngubengi lampu senthir, sanesipun kesenian Sandhul agemanipun kados ta seni tari topeng ananging inggang bedakaken inggih menika wonten ing Sandhul boten wonten inggang ginakaken topeng.

Busana wonten ing kesenian Sandhul inggih menika Badhut ngarep kuluk, sumping, surjan, srempang, jarit, sampur panji, cinde, kamus timang, lengger busana inggang dipunginakaken inggang setri inggih menika inggih menika sanggul, cunduk, mentul, mekak, sampur, jarit, kalung, gelang, Busana inggang dipunagem dening Kyai Balahum sami kaliyan inggang dipunagem Badhut Ngarep ananging namung benten iket surban lan jaritipun lan Busana inggang dipunagem cepuk menika kethu cepuk, surjan, jarit, srempang, panji, cinde,

kamus timang. Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci menika nyariyosaken Kyai Balahum ingkang nembe dakwah Agama inggih menika Agama Islam.



**Gambar 17. Paraga Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci (Dok.Heri)**

Paraga utama wonten ing pentas Kesenian Sandhul menika kirang langkung 15 tiyang inggih menika warga Desa Sucen mliginipun saking Dhusun Sucen. Wiyaga inggih menika Sri Harsono, Yamidi, Joko Susilo, Misri, Tukiran. Wiraswara inggih menika Panudi, Warsidi, Wakimin, Suwaridi, Suciyanto. Paraga ingkang nari inggih menika Ngadiman, Edi Purwanto, Bambang Waluyo, Tini Rahayu, Sriyati. Adegan wonten ing Kesenian sandhul sekar Kali Suci wonten gangsal inggih menika Mbabadi, Badhut Ngarep, Lengger, Sandhul, lan Cepuk. Urutan pentaswonten ing kesenian Sandhul inggih menika:

#### **Adegan 1 (Mbabadi)**

Mbabadi inggih menika pambuka kanthi donga saha sekar-sekar ingkang awujud donga. Mbabadi menika gadhahi ancas supados wonten ing kesenian Sandhul ingkang dipunpentasaken menika saged lancar saha boten wonten

alangan menapa-menapa. Adegan mbabadi namung maos para paraga saha pambuka. Sekar-sekar ing adegan mbabadi inggih menika:

1. Bismillah ole lae niwo rahman niwo rahim” ya ala ra buna salim” 2x
2. Bismillahe eeoee bismillah niwa rahman niwo rahim wiyaga nyaut “ heeeoee ala yo la lo la lo la 2x wiyaga iyo madun rosullulah yae, si madun si rasullullah ya la lo la lo la
3. Duk sinarya dosa pangerane ala tuk ing donya, ya ala robuna salim 2x, langkung dosa ooeeee langkung dosa, dadi badhut dosane pitung perkara
4. Ya la rekma rekmanipun ala midodari wiyaga nyaut kebyar kilar padang parekane
5. Ya rekmanipun ooeeee kayu ngemas, rekmanipun ngandan ngandan yae inggal gadrung karo yagane wiyaga nyaut eeoeeee ala lola lola
6. Babadana rimpasana gawe dalan seko khayangan, ya ala robuna salim, babadana rimpasana seka kayangan.kedah 3x
7. Kyai para pandhitane duh mas meroan ala nyuwun idi 2x, ngidinono dateng badhut ngger kawula 3x
8. Nyaii para dahnyang mriki mas pangeran yola nurunana wiyaga nyaut ya ala robuna salim
9. “Kyai para pandhitane duh pangeran Allah kula nyuwun idin, ngidinana dateng Badhut, Sandhul,Lengger, Cepuk ngger kawula” lajeng wiyaga nyaut : “lola lola”
10. “Babadano rimpasono,rimpasono gawe medhun midodarine”lajeng wiyoga nyaut ”oe ala yola elo ala elo yak’e rasullulah lola”.

11. “Nyai para Danyang mriki ala nurunana, nurunana dateng badhut,sandhul,lengger,cepuk ngger kawula” lajeng wiyaga nyaut : “lola lola”
12. “Mbokne cilik boyong”(Wiyaga nyaut “Ayo boyong”) .”boyongana seka wetan ngulon parane”
- “Mbokne cilik boyong”, (Wiyaga nyaut “Ayo boyong”), “boyongana seka Lor ngidul parane”
- “Mbokne cilik boyong” , (Wiyaga nyaut “Ayo boyong”), “boyongana Lumpukane maring tengah”

### **Adegan 2 (Badhut ngarep)**



**Gambar 18.Badhut ngarep (Dok.Heri)**

Badhut ngarep menika nyariyosaken badhut ingkang dados pralampita mahkluk ingkang mituhu dhawuhing Gusti saha ngesti wejanganing para nabi,para wali kanthi dipunwujudaken welas asih dateng sesami. Sedaya

dipungambaraken lumantar gerak tari, sekaripun saha parikan utawa greget saut.

Sekar-sekar wonten ing adegan Badhut Ngarep inggih menika:

1. “Mendhung-mendung wetan telethik udan sepisan” wiyaga nyaut:”Sore la sore Sayuk”. “Dudu mendhung banjir wetan dadi badhut dosane guwang nang ndalan”
2. “Mendhung-mendung lor telethik udane lor” wiyaga nyaut:”Sore la sore Sayuk”. “Dudu mendhung banjir lor dadi badhut dosane di olor-olor”
3. “Mendhung-mendung kidul telethik udane kidul ” wiyaga nyaut:”Sore la sore Sayuk”. “Dudu mendhung banjir kidul dadi badhut dosane di adul-adul”
4. “Mendhung-mendung kulon telethik udane kulon ” wiyaga nyaut:”Sore la sore Sayuk”. “Dudu mendhung banjir wetan adoh katon sing celak ora kelakon”
5. “Mendhung-mendung mepe udut adol gendhung ora patut” wiyaga nyaut:”Sore la sore Sayuk”. “oyo mrengat oyo mrengut yen trimo tak sambu mbadhut”
6. “Mendhung-mendung mepe udut adol gendhung ora patut” wiyaga nyaut:”Sore la sore Sayuk”. “oyo mrengat oyo mrengut yen trimo tak sambu mbadhut”
7. “Mendhung-mendung mepe kacu adol gendhung ora payu” wiyaga nyaut:”Sore la sore Sayuk”. “ayo mesem ayo ngguyu yen trimo tak sambu mlaku”

8. “Mendhung-mendung mepe lentheng adol gendhung ora patut” wiyaga nyaut:”Sore la sore Sayuk”. “ojo ngreyang ojo ngreyeng yen trimo tak sambhi nopeng”
9. “Ndhung sinandhung gebyok malang kupu tarung, ala tarung bengi tarunge wong adu sapi” wiyagga nyaut “alla yo la elo yak’e lola lola lola”
10. “Ndhung sinandhung gebyok malang kupu tarung, ala tarung esuk tarunge wong adu nderuk” wiyaga nyaut “alla yo la elo yak’e lola lola lola”
11. “Ndhung sinandhung gebyok malang kupu tarung, ala tarung awan tarunge wong adu jaran” wiyaga nyaut “alla yo la elo yak’e lola lola lola”
12. “Ndhung sinandhung gebyok malang kupu tarung, ala tarung sore tarunge wong adu cempe” wiyaga nyaut “alla yo la elo yak’e lola lola lola”
13. “Yo ayo man niliki pasar, pasar iki tak tilekane, emek-emek angemek badane dewek simak ramak sisahe”
14. “Yo ayo man ngenyang pitik, pitik iki tak enyange, emek-emek angemek badane dewek simak ramak sisahe”.

### Adegan 3 (Lengger)



### Gambar 19. Lengger (Dok.Heri)

Lengger inggih menika tari ingkang penarinipun tiyang estri (lenggeripun) saha kakung cacahipun 2, Lengger menika tari ingkang nyariyosaken gesangipun manungsa mliginipun babagan gesang nalika bangun kulawarga ingkang sae, ingkang dipunwujudaken wonten ing salebeting tari-tarian, sekar, saha parikan. Sekar-sekar wonten ing adegan Lengger inggih menika:

1. Simak ramak kembang menur mas pangeran bedhodhok nang pinggir sumur (wiyaga nyaut lolah lolah 2x), lengur-lengur midodari wedake lulur (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo madun...modan, simadun siraso lola lola)
2. Simak ramak kembang gedhang mas pangoan silengger lagi ngrumbayang, ngrumbayango silengger goleki sekar (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo madun...modan, simadun siraso lola lola).

#### Adegan 4 (Sandhul)





### **Gambar 20. Sandhul (Dok.Heri)**

Sandhul inggih menika Adegan ingkang intinipun wonten ing kesenian Sandhul. Adegan Sandhul ngginakaken Tarian saha Wejangan isinipun wejangan supados gesangipun manungsa tansah nindakaken dhawuhing gusti ingkang sampun kaserat ing kitab suci Alqur'an saha wejangan saking kanjeng nabi Muhamad SAW wonten Hadits kanthi mboten nilar tradisi saking para wali saha leluhur ing tanah jawi. Tari Sandhul nyariyosaken Kyai Balahum inggih menika Kyai ingkang sabar, wicaksana saha solah bawanipun sae. Salah satunggaling dinten Kyai Balahum dipunuji imanipun dumateng Allah swt inggih menika Kyai Balahum ical kitabipun. Saklajengipun Kyai Balahum ndakwa bilih ingkang nyolong menika santrinipun.

Santri menika saklajengipun dipunpejahi kanthi cara belah padharanipun santri satemah pejah. Ananging saking padharan santri menika medal rah ingkang pethak menika nedahaken bilih santri menika boten lepat. Saklajengipun jasad santri menika kabelah dados kalih saha jasadipun mukswa. Jasad santri wiwit padharan dumugi mustaka mukswa minggah wonten ing langit saha padharan dumugi ampeyan mukswa mlebet wonten ing sajroning bumi. Sesarengan menika wonten swanten ingkang boten wonten rupinipun ingkang ngendika bilih santri ingkang dipunpejahi menika boten lepat jalaran santri wau namung dipun utus garwanipun Kyai Balahum, tanggapipun santri wau bilih Nyai Balahum sampun pikantuk palilah saking kyai Balahum.

Kanthi kedadosan menika Kyai Balahum menika getunkaliyan tumindakipun. Kangge nebus kalepatanipun Kyai Balahum natoni tanganipun

lajeng medal rah warni abrid, menika nedahaken bilih Kyai Balahum menika Lepat. Saklajengipun kangge nebus kalepatanipun Kyai Balahum nindakaken tapa inggih menika tapa ngrame. Wonten ing tapanipun Kyai Balahum pikantuk wisik damel alat musik saking pring ingkang dipunsebat angklung. Saksampuniputapa ngrame Kyai Balahum kedah nindakaken dakwah utawi babar piwulang ginakaken sarana utawa piranti ingkang dipunwastani angklung kagem dakwah kanthi sarana kesenian. Sekar-sekar wonten ing adegan Sandhul inggih menika:

a. Golekake pakan wiyagane :

1. Jenang sela wedar kali sesonderan, ngapuranto yen wonten lepat kawula
2. Mumpung anom piyayi sun garang kabeh
3. Aja jail aja methakil (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo)
4. Ngelingana besuk tua, besuk tua (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo)
5. Besuk tua rambut putih lambe dobleh, uwan mabluk kaya medi (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo)
6. Paman sing ngangkli kenonong ngangklun ngangklung (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang paman yo sing ngangklung pakanane sega jagung ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang , durung nganti pangan sing ngangklung wes gulung gulung (wiyaga kono kene, ala kono kene) paman yo sing ngendhi kenonong ngendhang ngendhang (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) paman sing ngendhang pakanane sega wadhang (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) durung nganti pangan sing ngendhang wes

gejengkang jengkang (wiyaga nyaut kono kene ala kono kene) paman yo sing ngegi kenono ngegong ngegong (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) pamanan yo sing ngegong pakanane sega lonjong (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) drung nganti pangan sing ngegong wes ndongkrong-ndongkrong (kono kene ala kono kene), paman yo sing nginti kenono ngintip ngintip (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) paman yo sing ngintip panganane yo sega intip, durung nganti pangan sing ngintip wes jerit jerit (kono kene ala kono kene)

b. Sandhul dana weweh :

1. Simak do siramak sekare cipir (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) nyi randha umah ing pinggir (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) dana weweh dana weweh (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) aweh pakan wong kaluwen lila donya lila akhir (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) menawa oleh ngapuro.
2. Dana weweh dana weweh (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) aweweh teken wong kalunyon, lila donya lila akhir menawa oleh ngapuro
3. Dana weweh dana weweh (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) aweweh payung wong kudanan lila donya lila akhir ,mbok menawa oleh ngapuro.
4. Metik kembang bali.

### Adegan 5 (Cepuk)



**Gambar 21. Cepuk (Dok. Heri)**

Cepuk menika nyariyosaken tiyang ingkang gadhah solah bawa ingkang boten sae saha dadosaken kuciwa tiyang sanes wontening masarakat. Saklajengipun tiyang kasebut pikantuk pituduh saking gusti imkang maha Agung satemah tinarbuka manahipun lajeng tobat saha nyinaoni ilmu agama kanthi temen. Tari cepuk menika dados tari pungkasan wonten ing kesenian sandhul. Sekar-sekar wonten ing adegan Cepuk inggih menika:

Cepuk ngrumbang :

1. Rombang ala rombang angrombang kembange pring (wiwaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) dadi cepuk ngeling ngeling (wiwaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang)
2. Rombang ala rombang angrombang kembange nangka (wiwaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) yala cepuk iki sayah ganti pada ganti pada (wiwaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang)

3. Si genduk kembang pring (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) asu manak ra bebengking (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) si genduk klapa wana (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) janjangan tanpa wilangan (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) si genduk klapa wana (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) si pundong isine lenga (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) yala kilang kileng, bojo loro meteng bareng.

Takon dalan pitung perkara :

1. Lah sira iki wong lanang 2x (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) aja wani bapa biyunge 2x (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) bapa biyung gedhe dosane 2x (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang)
2. Lah sira iki wong lanang 2x (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) aja wani wani 2x (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) aja wani biyung bibine (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) biyung bibi akeh walate 2x (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang)
3. aja wani wani 2x (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) aja wani bapa pamane (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) bapa paman akeh walate 2x (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang)

4. aja wani wani 2x (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) kakek nineke 2x (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) kakek ninek gedhe walate.
5. Ana ngala bagus baguse nala gareng (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) umah umah nang sing pereng (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) tandurane waluh blonceng (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) ngon ingone kebo celeng (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang).
6. Ana ngala bagus baguse petruk (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) mah omah nag sing punthuk (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) tandurane kara benguk kara benguk (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) ingon ingonane kebo gembluk kebo gembluk (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang).
7. Ana ngala bagus baguse bagong (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) mah omahe nangggon sing gerong (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) tandurane lombok teron lombok terong (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) ingon ingonane kebo bangkong (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang).
8. Ana ngala bagus baguse duwara wati (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) mah omah naggon sing sepi (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) tandurane jagung pari

(wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) ingon ingonane.

### **C. Kawruh Kautamen ingkang dipunandharaken wonten ing sekar saha cariyos Seni Sandhul Sekar Kali Suci**

Pentas seni Sandhul Sekar Kali Suci dipunpentasaken dinten jumat kliwon surya 31 Mei 2013 kangge mengeti sadranan kali suci. Pentas seni Sandhul Sekar Kali Suci dipunpentasaken wonten ing dalemipun Bapak Bambang Waluyo RT 1 RW 4. Adegan wonten ing pentas seni Sandhul Sekar Kali Suci wonten gangsal adegan inggih menika Mbabadi, Badhut Ngarep, Lengger, Sandhul saha ingkang pungkasan inggih menika Cepuk. Kawruh kautamen wonten sekar saha cariyos ing seni Sandhul Sekar Kali Suci sampun dipunandharaken wonten ing tabel ngandhap menika:

**Tabel 6. Kawruh Kautamen wonten ing sekar saha cariyos Seni Sandhul Sekar Kali Suci**

<b>NO</b>	<b>KAWRUH KAUTAMEN</b>	<b>INDIKATOR</b>	<b>Ket. Data</b>
A	NIAT  1. Kedah Ndonga	“ Bismillahi rahmanirahim “  “Kyai para pandhitane duh pangeran Allah	Adegan 1  (Mbabadi)  Dipunpentasaken dinten Jumat

		kula nyuwun idin, ngidinana dateng badhut,sandhul,lengger,cepuk ngger kawula” lajeng wiyaga nyaut : “lola lola”	kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 15 menit
	2. Nyuwun idin dhateng Gusti Allah	“ Kyai para pandhitane duh pangeran Allah kulo nyuwun idin “ saha saking laku ritual saha slametan / kenduren	Adegan 1 (Mbabadi) Dipunpentasaken dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 15 menit
	3. Wujuding donga	Dzikir saha Sholawatan “ Lhaillahailallah, Yaa Rosulullah”.	Adegan 1 (Mbabadi) Dipunpentasaken dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 15 menit



B	Sadar Dhiri  1. Mawas dhiri	“Mendhung-mendung wetan telethik udan sepisan” wiyaga nyaut:”Sore la sore Sayuk”. “Dudu mendhung banjir wetan dadi badhut dosane guwang nang ndalan” Saking sekar menika Badhut rumaos kathah dosanipun.	Adegan 2 (Badhut Ngarep) Dipunpentasaken dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 30 Menit
	2. Manungsa namung titah sawantah	“Mendhung-mendung kulon telethik udane kulon ” wiyaga nyaut:”Sore la sore Sayuk”. “Dudu mendhung banjir wetan adoh katon sing celak ora kelakon”	Adegan 2 (Badhut Ngarep) Dipunpentasaken dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 30 menit
	3. Boten Takabur	Dipun pundhut saking	Adegan 2

		<p>solah bawa badhut          ingkang prasaja inggih          menika solah bawa          nalika beksa saha          nalika greget saut          kaliyan wiyaga,          ginakaken basa          ingkang lugu</p>	<p>(Badhut Ngarep)          Dipunpentasaken          dinten Jumat          kliwon 31 Mei          2013          Durasi wekdal 30          Menit</p>
	<p>4. Manungsa          menika          kedadosan          saking4 anasir</p>	<p>Saking cariyos badhut          ingkang gadhah sipat          badhut nrimo (watak          lemah ), lembut          (watak banyu ), saget          srawung (watak          angin), wani (watak          geni ).</p>	<p>Adegan 2          (Badhut Ngarep)          Dipunpentasaken          dinten Jumat          kliwon 31 Mei          2013          Durasi wekdal 30          menit</p>
	<p>5. Tiyang gesang          menika          nggadhahi 4          nafsu</p>	<p>“badhut sregep          nyambut damel,          gadhah sipat wani,          gadhah bojo, ngudi          ngelmu-ngelmu          kautamen.</p>	<p>Adegan 2          (Badhut Ngarep)          Dipunpentasaken          dinten Jumat          kliwon 31 Mei          2013          Durasi wekdal 30</p>

			menit
C	<p>Manungsa ingkang sae lahir lan batosipun</p> <p>1. Ayu lahir lan batin</p>	<p>“Simak ramak kembang menur mas pangeran bedhodhok nang pinggir sumur (wiyaga nyaut lolah lolah 2x), lengur-lengur midodari wedake lulur (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo madun...modan, simadun siraso lola lola)</p>	<p>Adegan 3 (Lengger)</p> <p>Dipunpentasaken dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013</p> <p>Durasi wekdal 30 menit</p>
	<p>2. Ngupadi katentremaning gesang</p>	<p>“Simak ramak kembang gedhang mas pangoan silengger lagi</p>	<p>Adegan 3 (Lengger)</p> <p>Dipunpentasaken dinten Jumat</p>

		<p>ngrumbayang, ngrumbayango silengger goleki tembang (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo madun...modan, simadun siraso lola lola)</p>	<p>kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 30 Menit</p>
	<p>3. Gesangipun manungsa ing alam donya namung manggih kahanan 2</p>	<p>Wonten ing adegan lengger 1 dipun cariyosaken nalika lengger kekirangan sandang pangan (nalika lengger nandang susah) Wonten adegan lengger 2 lengger pikantuk kanugerahan daganganipun laris saha rejeki ingkang kathah.</p>	<p>Adegan 3 (Lengger) Dipun pentasaken  dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 30 menit</p>

	4. Tiyang gesang kedah ngrasuk Agami	“ lengger ingkang kepingin bojonipun sregep ngibadah saha gadhad tumindak ingkang sae”	Adegan 3 (Lengger) Dipunpentasaken dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 30 menit
D	Kuwajiban saha sipat manungsa utama 1. Ngibadah	“Simak do siramak sekare cipir (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) nyi randha umah ing pinggir (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) dana weweh dana weweh (wiyaga nyaut ala yola elo elo	Adegan 4 (Sandhul) Dipunpentasaken dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 40 menit

		<p>yae.....yala lola lola  iyo oyang) aweh  pakan wong kaluwen  lila donya lila akhir  (wiyaga nyaut ala yola  elo elo yae.....yala  lola lola iyo oyang)  menawa oleh  ngapuro”.</p> <p>“Dana weweh dana  weweh (wiyaga nyaut  ala yola elo elo  yae.....yala lola lola  iyo oyang) aweweh  teken wong kalunyon,  lila donya lila akhir  menawa oleh  ngapuro”</p> <p>“Dana weweh dana  weweh (wiyaga nyaut  ala yola elo elo  yae.....yala lola lola</p>	
--	--	--	--

		<p>iyo oyang) aweweh          payung wong kudanan          lila donya lila akhir          ,mbok menawa oleh          ngapuro”.</p>	
	2. Adhedasar Iman	<p>Kyai Balahun/ Kyai          Sandhul ingkang          tansah nindhakaken          piwulange agama.</p>	<p>Adegan 4          (Sandhul)          Dipunpentasaken          dinten Jumat          kliwon 31 Mei          2013          Durasi wekdal 40          menit</p>
	3. Gadhah sipat sabar, ikhlas saha manembah dhateng Gusti ingkang Maha Agung	<p>Kyai Balahum          ingkang tansah sabar          nalika nglampahi laku          tapa ngrame.</p>	<p>Adegan 4          (Sandhul)Dipunp          entasaken dinten          Jumat kliwon 31          Mei 2013Durasi          wekdal 40 menit</p>

	4. Ngundhuh wohing pakarti	“ Kyai Balahum ingkang midana santri ingkang boten lepat satemah kangge nebus kalepatan kedah nglampahi laku tapa ngramé saha laku prihatin.	Adegan 4 (Sandhul) Dipunpentasaken dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 40 menit
E	Manungsa utama kedah ngakoni bilih Gusti Allah Maha Welas Asih  1. GustiAllah menika Maha welas asih	“Rombang ala rombang angrombang kembange pring (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) dadi cepuk ngeling ngeling (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae yala lola lola iyo oyang)	Adegan 5 (Cepuk) Dipunpentasaken dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 30 menit



	<p>2. Sumendhe dhateng ngarsanipun Gusti Allah</p>	<p>Cepuk ingkang kepingin tobat sebab sampun nampi pituduh saking gusti Allah.</p>	<p>Adegan 5 (Cepuk) Dipunpentasaken  dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 30 menit</p>
	<p>3. Tindak tanduk manungsa ingkang boten kanthi ridho Allah SWT tundhonipun namung nuwuhaken raos getun keduwung saha manggih kapintunan.</p>	<p>Cepuk nalika dereng tobat tansah wantun dateng tiyang sepuh satemah gesangipun ngrekasa.</p>	<p>Adegan 5 (Cepuk) Dipunpentasaken  dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 30 menit</p>

	<p>4. Manungsa boten pareng umuk saha pamer</p>	<p>Cepuk ingkang nalika tetulung dhateng tiyang boten umuk utawi pamer.</p>	<p>Adegan 5 (Cepuk) Dipunpentasaken  dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 30 menit</p>
	<p>5. Sampun ngantos wantun dumateng Biyung, Bapa , saha ingkang langkung sepuh jalaran saget kualat</p>	<p>“ Lah sira iki wong lanang 2x (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) aja wani bapa biyunge 2x (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae yala lola lola iyo oyang) bapa biyung gedhe dosane 2x (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae..yala lola lola iyo oyang)</p>	<p>Adegan 5 (Cepuk) Dipunpentasaken  dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 30 menit</p>

	<p>6. Tiyang nyambut damel kedah tumemen</p>	<p>Saking pethikan sekar “Ana ngala bagus baguse duwara wati (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) mah omah naggon sing sepi (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) tandurane jagung pari (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang) ingon ingonane kebo sapi (wiyaga nyaut ala yola elo elo yae.....yala lola lola iyo oyang).</p>	<p>Adegan 5 (Cepuk) Dipunpentasaken  dinten Jumat kliwon 31 Mei 2013 Durasi wekdal 30 menit</p>
--	--	--	---

#### D. Makna Simbolik Piranti Kesenian Sandhul

Miturut kasiling panaliten, kawruh kautamen wonten ing kesenian Sandhul Sekar Kali Suci salah satunggaling dipunandharaken wonten ing piranti-piranti ingkang dipunginakaken nalika pentas. Masarakat Jawi asring ngandharaken piwulang kanthi cara ingkang boten langsung salah satunggaling caranipun inggih menika kanthi ginakaken pralambang-pralambang. Para paraga kesenian Sandhul Sekar Kali Suci ngandharaken piwulang kawruh kautamen salah satunggaling lumantar piranti-piranti ingkang dipunginakaken nalika pentas. Piwulang kawruh kautamen menika dipunandharaken gadhah ancas kangge njagi nilai budaya kanthi cara nglestantunaken.



**Gambar 22. Piranti Kesenian Sandhul (Dok. Heri)**

Piranti kesenian Sandhul wonten gangsal ingkang kedah wonten nalika pentas. Piranti piranti kesenian Sandul Sekar Kali Suci inggih menika pathok, senthir, gong, angklung saha kendhang. Makna simbolik piranti-piranti ingkang

dipunginakaken wonten ing pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci dipunandharaken wonten ing ngandhap menika:

**a. Lampu utawi Senthir**




**Gambar 23. Senthir (Dok. Heri)**

Lampu Senthir menika dipundamel saking gendul (botol) ingkang dipunisi kaliyan liyun lajeng dipunparingi sumbu. Lampu senthir dipunparingaken wonten ing nginggilipun pathok. Poerwadarminto ing salebeting Baoesastro Djawa (1939: 557) ngandharaken bilih senthir inggih menika diyan cilik nganggo uceng- uceng (sumbu). Dados pralampita bilih tiyang gesang ingkang nindakaken tuntunan agama menika saged dadosaken padanging ati. Senthir saged empan jalaran saking dayanipun lenga menawi lenga sampun telas sentir pejah gambaranipun manungsa menawi sampun telas kekiyatan, rah, toya sak lebeting badan tamtu manungsa menika pejah. Uripipun senthir menika saking lenga lumantar sumbu nembe saged dados saged dipunuripaken lan saged dipuntata uripipun menika pralampita sumbu kados dene otot bayunipun manungsa ingkang nglantaraken rah dumugi utekipun manungsa, kanthi menika manungsa saged mikr lan

ginakaken pikiranipun. Senthir ketawis padang ing wanci dalu pralampita tiyang ingkang wicaksana saged dados pepadang tumrap tiyang sanes ingkang nandhang susah. Geni ingkang wonten ing senthir menika gambaraken kekiyatan utawi wantun. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 09

“Dados pralampita bilih tiyang gesang ingkang nindakaken tuntunan agama menika saged dadosaken padanging ati” (CLW 09)

#### **b. Pathok**



**Gambar 24. Pathok (Dok. Heri)**

Pathok menika awujud ukiran kayu jati ingkang dipunselehaken wonten ing tengah-tengahipun panggung. Poerwadarminto ing salebeting Baoesastro Djawa (1939: 479) ngandharaken bilih pathok inggih menika kayu utawi pring ingkang dipuntancepaken dinggo uger- uger utawi tetenger. Tiyang gesang wonten alam donya menika kedhah gadhahi patokan ingkang awujud tatanan utawi aturan menawi wonten ing agami sampun kaserat wonten ing Kitab Suci dene menawi wonten ing nagari kaserat wonten ing undang-undang lan sanesipun, dene menawi

wonten ing gesang bebrayan ing masarakat menika ugi wonten tatanan ingkang dipunjumbuhaken kaliyan adat istiadat ing papan menika, namung bentenipun menawi aturan wonten ing masarakat menika wonten ingkang kaserat lan wonten ingkang boten kaserat, namung dipuntindhakaken wiwit jaman rumiyin kados dene tradisi lisan. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 10

“ Nek pathok kui maknane, manungsa urip kui kudu duwe patokan kang iso digoceki kang arane Agama”. (CLW 10)

### c. **Kacu**



**Gambar 25. Kacu (Dok. Heri)**

Kacu menika kain pethak ingkang dipunginakaken paraga penari. Poerwadarminto ing salebeting Baoesastro Djawa (1939: 479) ngandharaken bilih kacu inggih menika awangun pesagi diagem sapu tangan, bunthel lan sakpanunggalanipun. Dados pralampita kitab suci Al-quran wonten ing Agama Islam. Kitab Suci menika kedah dipunwaos, dipunmangertosi tegesipun, dipuntindakaken wonten ing gesangipun manungsa supados saged dados

manungsa ingkang migunani tumrap gesang bebrayan. Kitab suci menika dados tuntunan supados gesang ingkang leres jumbuh kaliyan tatanan agami lan supados leres anggenipun manambah dhateng ngersanipun Gusti Allah. Kitab Suci menika minangka sumberipun ngelmu amargi wonten Kitab Suci sampun kaserat sedaya ngelmu ingkang gayut kaliyan kadonyan lan gesang ing alam kelanggengan. Wonten ing Kitab Suci menika inggih dipuncariosaken Lampahing para Nabi wiwit Nabi Adam Dumugi Nabi Muhamad SAW utawi wiwit manungsa ingkang sepisanan ing alam donya dumugi akhir jaman. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 12

“ Nang tingkah apa wae, wektu bungah utawa susah manungsa urip kui kudu tansah cecekelan dhateng Al Quran (iqro’ bismirobikal ladi kholaq) tegese Bacalah”.(CLW 12).

**d. Angklung**



**Gambar 26. Angklung (Dok. Heri)**

Angklung menika piranti musik ingkang dipundamel saking pring ngapus lan wulu ayam. Poerwadarminto ing salebeting Baoesastro Djawa (1939: 16)



ngandharaken bilih angklung inggih menika tetabuhan ingkang dipundamel saking pring ingkang dipunrenteng. Angklung ingkang dipunginakaken cacahipun tiga. Angklung ingkang cacahipun tiga pralampita bilih kahanan tiga ingkang dipunlampahi manungsa inggih menika lahir, tumekanipun jodho lan pati, menika dados panguasanipun Gusti ingkang Maha linangkung. Angklung cacah tiga gambaripun manungsa nglampahi alam tiga inggih menika jagad lokapana menika jagad wonten ing gua garba ibu, jagad loka madya menika gesang wonten ing alam donya, jagad loka baka menika jagad alam kelanggengan. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 11

“ Dipunsebat angklung menika pralampita gusti kang Maha Linangkung, angklung menika piranti ingkang kedah wonten nalika pentas Seni Sandhul”. (CLW 11)

**e. Kendhang**



**Gambar 27. Kendhang (Dok. Heri)**

Kendhang menika piranti musik ingkang dipundamel saking kajeng nangka lan kulit utawi lulang sapi. Inggih menika ngemu teges pangajak ndangndang

sembahyang utawi sholat. Kendhang menika damel saking kayu glondhongan bolong tengahipun ingkang dipuntutup ngagem lulang saha ngangge panyiset lulang kados dene tali ingkang dipunwastani janget kanthi menika satemah saget ngasilaken irama sae menawi dipuntabuh, pralampita menawi manungsa saget nutupi awonipun tiyang sanes saha saget meper napsunipun piyambak badhe nuwuhaken brayan ingkang sae saha dipunanggep tiyang ingkang sae utawi wicaksana. Panyiset lulang utawi janget tegesipun sagetipun tindhak lampahipun sae manungsa kedah wonten panyiset wujud ukum utawi tatanan. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 09

“Inggih menika ngemu teges pangajak ndang-ndang sembahyang utawi sholat.” (CLW 09)

#### f. Gong



**Gambar 28. Gong (Dok. Heri)**

Gong menika piranti musik ingkang dipundamel saking wesi. Gong ingkang dipunginakaken cacahipun kalih. Poerwadarminto ing salebeting

Baoesastro Djawa (1939: 160) ngandharaken bilih princening gamelan rupane kaya beri mawa pencu. Nyembah dhateng kang Maha Agung inggih menika Allah SWT. Nalika jaman rumiyin menika gong dipudamel saking bumbung ageng lan bumbung alit ingkang alit dipunwastani bumbas (bolong) lajeng dipunsebul sak lebetipun bumbung ingkang ageng. Gong menika menawi wonten ing iringan gendhing utawi sekar wonten Gong ingkang sepisan saha ing pungkasaning gendhing dawhipun Gong menika gambaraken manungsa saha sedaya titahing Gusti asalipun saking Gusti Allah lan benjang pungkasaning sedaya titah kalebet donya saisinipun badhe wangsul dumateng Zat Gusti kang Maha Agung. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 11

“Gong menika menawi jaman rumiyin pentas seni sandhul menika ginakaken gong bumbung ingkang dipundamel saking pring, namung sakmenika dipungantos ngagem gong ingkang dipundamel saking kuningan. Gong menika dados pralampita bilih menapa kemawon padamelan kita menika pungkasanipun namung nyuwun kalih sing Kuasa kados karawitan menika pungkasanipun dipunpungkasi ginakaken gong”. (CLW 11)

#### **E. Makna Simbolik Sesaji Seni Sandhul Sekar Kali Suci**

Pentas kesenian Sandhul kedah wonten sesaji ingkang dados sarana syarat ingkang wajib. Sesaji-sesaji wonten ing pentas Seni Sandhul sampun dipunandharaken wonten ing bab cecawis wonten ing ngajeng. Sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci inggih menika jenang abrit lan jenang pethak, ingkung tinangsulan, suruh (tinangsulan lawe), menyan lan sekar setaman, tumpeng/ bucu, golong pitu. Saben acaraingkang asipat spiritual kados dene pentas kesenian gadhah makna-makna simbolik wonten ing salebetipun. Makna simbolik kasebat saged dipunandharaken wonten

ing sesaji ingkang gambaraken ancas saha piwulang wonten ing pentas kesenian menika. Makna simbolik wonten ing pentas kesenian gadhah *peran* dados media kangge nunjukaken kanthi boten langsung maksud saha kawruh ingkang badhe dipunandharaken. Wonten ngandhap menika sesaji wonten ing kesenian Sandhul Sekar Kali Suci:



**Gambar 29. Sesaji Kesenian Sandhul (Dok. Heri)**

Wonten ing pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci nggadhahai makna-makna ingkang dipunwujudaken lumantar simbol-simbol. Simbol-simbol kasebat saged awujud basa, kegiatan, sesaji, menapa dene piranti-piranti ingkang dipunginakaken wonten ing pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci. Simbol-simbol menika sarana mahyakaken ancas saha kawruh ingkang dipunkajengaken dening para paraga Seni Sandhul kanthi cara ingkang boten langsung. Sarana mahyakaken ancas saha kawruh inggih menika lumantar sesaji-sesaji.

Anggenipun maknani sesaji-sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing pentas Seni Sandhul menika adhedasar asiling wawan rembag kaliyan para informan sarta dipunjangkepi kaliyan asiling panaliten-panaliten ingkang sampun

ngrembag bab makna sesaji ing pentas Seni sanesipun. Makna simbolik sesaji-sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing pentas Seni Sandhul sekar Kali Suci dipunandharaken wonten ing ngandhap menika :

### 1. JenangAbrit lan Jenang Pethak



**Gambar 30. Jenang abrit pethak (Dok. Heri)**

Jenang abrit dipundamel saking wos ingkang dipunjenang lajeng dipuncampur kaliyan gula aren. Jenang Pethak dipundamel saking wos ingkang dipunjenang. Jenang abrit lan jenang pethak menika mujudaken sesaji wonten ing pentas seni Sandhul ingkang damel kenduren. Jenang abrit werdinipun : (wani) dados tiyang kedah wani dhateng bebener. Sanesipun Jenang pethak werdinipun (suci) samubarang panggawe linambaran ati kang suci. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 09

“Menawi jenang abang menika tegese (wani) wani dhateng bebener”  
(CLW 09)

Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 12

“: Kanggo ngabekti dhateng Gusti Allah kudu ngilangake rasa iri dengki kaya perlambang jenang pethak sing maknane Kholisi dihni tegese resike ati.” (CLW 12)

Miturut Moertjipto (1996: 96) ngandharaken bilih jenang pethak nggadahi makna bilih manungsa ciptanipun Gusti ingkang sapisan menika dereng nggadahi dosa lan kalepatan, ateges taksih suci. Saking andharan wonten ing nginggil saged dipunmangertosi bilih jenang pethak menika simbol saking tiyang ingkang suci.

## 2. Inkung tinangsulan



**Gambar 31. Inkung (Dok. Heri)**

Miturut Poerwadarminto ing salebeting Baoesastro Djawa (1939: 172) ngandharaken bilih ingkung inggih menika pitik diolah wutuhan ditaleni gulu lan sikile. Inkung dipundamel saking ayam ingkang sampun dipunbeleh lajeng dipunresiki lajeng ayam dipuntali ngangge tali bambu kados limrahipun ingkung. Saksampunipun dipuntali dipunmasak wonten kualo ngangge bumbu kunir, kencur, jahe, laos, tumbar, jinten, mrica, jeruk nipis, sere, uyah, gula aren, saha santen klapa. Ayam dipunmasak kirang langkung 2 jam. Inkung menika mujudaken salah satunggaling sesaji ingkang dipunginakaken kangge kenduren. Inkung tinangsulan werdinipun manungsa kui kudu bisa meper hawa nafsu lan


tansah manekun dhateng Gusti kang Murbeng Dumadi. Hadi Projo lan Sarwo Dadi Ngudiono (2005: 15) ngandharaken bilih ingkung inggih menika ingsun tansah manekun. Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 09

“Werdinipun manungsa kui kudu bisa meper hawa nafsu”. (CLW 09)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 12

“Manungsa kudu iso nahan nafsu lan tansah sujud dhateng sing Kuasa kanggo tercapaine kamulyan nang donya lan akhirat” (CLW 12)

### 3. Suruh (tinangsulan lawe)



**Gambar 32. Suruh lan Enjet (Dok. Heri)**

Suruh tinangsulan lawe inggih menika godhong suruh ingkang dipuntali ngangge bolah utawi benang. Suruh werdinipun inggih menika sirih sanajan boten sami lumah lawan kurepe lamun ginigit padha rasane (manungsa sanajan watak utawi bibit, bebet, bobot menika mboten sami lamun wis manunggal cipta , rasa , karsa bakal dadi pakaryan kang becik utawa kasembadan sedyane) tegesipun manungsa menika kedah urip bebrayan nyambut damel sareng-sareng sanadjan



gadhah watak ingkang benten. Endraswara (2011: 75) ngandharaken bilih *aspek-aspek sosial* inggih menika gotong royong, lung tinulung saha *toleransi* menika dados *sendi* gesangipun batin. Tinangsulan lawe werdinipun inggih menika samubarang panggawe kui diiket hukum Agama, Negara, lan Adat. Sedaya masarakat Dhusun Sucen. Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 11

“ Menawi suruh tinangsulan lawe kui dados pralampita bilih manungsa menika kedah manut aturan hukum agama, negara lan adat, mulane diarani tinangsulan lawe,lan manungsa sanadjan beda-beda wateke anaging sampun manunggal wonten ing seni sandhul menika, sami pada nyambut gawe gotong royong urip bebrayan wonten ing gesang menika”. (CLW 11)

#### 4. Menyan lan SekarSetaman



**Gambar 33. Menyan lan Sekar Setaman (Dok. Heri)**

Menyan lan sekar Setaman menika mujudaken satunggaling sesaji ingkang dipunginakaken kangge sesaji nalika pentas Seni sandhul. Maharkesti, dkk (1988-1989: 160) ngandharaken bilih menyan ingkang ngedalaken keluk nggadhahi ancas bilih roh-roh leluhur mbiyantu panyuwunan masarakat ingkang nindakaken pentas lan ing pangajabipun supados lelembut boten ngganggu damel lampahing pentas kasebat. Menyan menika dados pralampita panyuwunan dhateng Gusti



mliginipun saha panyuwunan dhateng roh leluhur supados ndherek paring donga kaslametan dateng sedaya masarakat Dhusun Sucen. Menyan werdinipun kukusing menyan/ dupa kang nuwuhake wewangen (gambarake keagungan lan kaendahan) miturut kapitadosan tiyang Jawi Islam menika dadi lantaran cepeting panyuwunan/ donga dipunijabah dening gusti ingkang Maha welas asih. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 09

“kukusing menyan / dupa kang nuwuhake wewangen (gambarake keagungan lan kaendahan) miturut kapitadosan tiyang jawi islam menika dadi lantaran cepeting panyuwunan / donga dipu ijabah dening gusti ingkang Maha welas asih”. (CLW 09)

Sekar setaman ingkang dipunginakaken wonten ing pentas seni sandhul inggih menika sekar mawar, melati, kenanga, kathil. Pringgawidagda (2003: 9) ngandharaken bilih sekar setaman menika tegesipun sedaya sekar ingkang wonten ing patamanan, namung temtunipun boten badhe mendhet sedaya sekar ingkang wonten ing patamanan menika, mila cekap dipunwakili dening rajaning sekar ingkang antawisipun sekar mawar, melati, kanthil lan kenanga. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 10

“ sekar setaman wonten ing pentas Seni sandhul kui gawe sesaji nalika pentas lajeng sekar setaman kui kanggo wewangen lan sesaji dhatengdhyang kang manggon ana ing Dhusun Sucen,sekar setaman kui ugi damel pralampita”. (CLW 10)

Nama sekar menika ngemu teges apa kang binawar (mawar) saking kedaling lathi (mlati), bisa kumanthil-manthil (kanthil) ing wardaya, kumenang-menang (kenanga) ing tuntuning nala. Sekar setaman menika dados pralampita bilih kawruh kautamen ingkang dipunwejangaken wonten ing Seni Sandhul saged

dados pepenget lan saged dados piwulang wonten ing gesangipun manungsa mliginipun para penonton ingkang ningali pentas Seni Sandhul.

### 5. Tumpeng / Bucu



**Gambar 34. Tumpeng/ Bucu (Dok. Heri)**

Tumpeng dipundamel saking wos ingkang dipunmasak ngangge kukusan kirang langkung kalih jam. Miturut Poerwadarminta ing salebeting Baoesastra Djawa (1939: 614) tumpeng tegesipun sega diwangun pasungan (dinggo slametan). Tumpeng werdinipun (gambaraning gunung) supaya manungsa jejeg madep mantep kaya dene gunung. Bucu (Buceng) werdinipun nyebut sing kenceng (dzikir dhateng gusti). Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 11

“Tumpeng menika gambaraning gunung, sifate gunung kui madep mantep lan tegak, tumpeng kui saged dipunarani bucu kang ateges nyebut sing kenceng yaiku nyebut dhateng asma Gusti Kang Maha Agung”. (CLW 11)

Herusatoto (2008: 97) tumpeng dados pralampita *manifestasi* ingkang dados gambaran manunggaling kawula Gusti ingkang nyipta alam donya. Suwarna (2008: 115) ngandharaken bilih tumpeng lan isinipun lawuh dados pralampita

menapa kemawon ingkang gadhah ancas ingkang sae. Nasi lan lawuhipun dados pralampita manunggaling manungsa kaliyan Tuhan.

Miturut andharan ingkang wonten nginggil mila saged dipun pendhet dudutan bilih tumpeng menika dados pralampita manunggaling kawula Gusti saha manungsa menika kedah madep mantep dhateng Gusti. Gesangipun manungsa wonten alam donya menika namung titahipun Gusti pramila manungsa kedah nyembah dhateng Gusti kanthi mantep kaya dene gunung, nyebut kang kencen asama Gusti kaya dene bucu.

## 6. Golong pitu



**Gambar 35 . Golong (Dok. Heri)**

Golong dipundamel saking wos ingkang dipunmasak lajeng dipunkepel-kepel ngangge tangan cacahipun pitu. Golong menika mujudaken salah satunggaling sesaji kenduren lan sesaji nalika pentas Seni sandhul. Golong menika cacahipun pitu, ingkang sekawang damel kenduren lajeng ingkang tiga damel sesaji nalika pentas seni sandhul. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 09

“Golong wonten ing seni sandhul menika cacahipun pitu, ingkang damel kenduren sekawan lajeng ingkang damel sesaji nalika pentas menika tiga,

tiga menika damel sesaji amargi dados pralampita iman, islam lan ikhsan. (CLW 09)

Saking andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutanipun bilih werdinipun golong (gumolonge tekad) bab pakaryan lan gegayuhan urip ing donya tumekeng delahan. Pitu werdinipun pituduh (tansah nyuwun pituduh dhateng gusti kang Maha Agung) lan nyuwun wewarah dhateng wong kang linuwih. Poerwadarminto ing salebeting Baoesastro Djawa (1939: 172) ngandharaken bilih golong inggih menika tegesipun wes manunggal dadi siji. Saking andhararan saged dipunmangertosi bilih golong menika werdinipun manunggaling para masarakat Dhusun sucen bab pakaryan lan bebrayan wonten ing alam donya.

#### **G. Kawruh Kautamen wonten ing salebeting seni Sandhul Sekar Kali Suci**

Kesenian Sandhul inggih menika kesenian ingkang kaperang dados gangsal adegan ingkang utami inggih menika Mbabadi, Badhut Ngarep, Lengger, Sandhul, ingkang pungkasan inggih menika Cepuk. Mbabadi inggih menika pambuka kanthi donga saha sekar-sekar ingkang awujud donga. Mbabadi menika gadhahi ancas supados wonten ing kesenian Sandhul ingkang dipunpentasaken menika saged lancar saha boten wonten alangan menapa-menapa. Kawruh kautamen ingkang ingkang utami ingkang saged dipunpendhet saking Mbabadi inggih menika: niat, niat wonten adegan mbabadi inggih menika kedah ndonga, nyuwun idin dhateng Gusti Allah, saha wujudipun donga.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 09

“Mbabadi inggih menika pambuka kanthi donga saha sekar-sekar ingkang awujud panyuwunan, menawi kawruh kautamen ingkang kedah dipunbabar wonten ing mbabadi menika bilih manungsa gesang wonten alam donya menika kedah dipunwiwiti nyuwun idin dhateng Gusti, sedaya padamelan menapa kemawon ingkang paring rejeki menika Gusti Allah, lan mbabadi kui adegan ingkang sepisanan kui ugi gambarake syiar agama kanthi seni budaya”.(CLW 09)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 12

“Mbabadi menika sami kaliyan muqadimah, yen kawiwitan apik mesti pungkasane yo apik”. (CLW 12)

Kawruh kautamen wonten ing pentas seni Sandhul salah satunggilipun inggih menika Niat. Niat dipunperang dados tiga inggih menika kedah ndonga, nyuwun idin dhateng Gusti Allah, saha wujudipun donga. Kawruh kautamen bab niat menika dipunandharaken ugi wonten ing sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing pentas seni Sandhul. Kawruh kautamen bab niat dipunandharaken wonten ing menyan, tumpeng utawi bucu saha golong pitu. Menyan menika dados pralampita panyuwunan dhateng Gusti mliginipun saha panyuwunan dhateng roh leluhur supados ndherek paring donga kaslametan dhateng sedaya masarakat Dhusun Sucen, Tumpeng werdinipun (gambaraning gunung) supaya manungsa jejeg madep mantep kaya dene gunung. Bucu (Buceng) werdinipun nyebut sing kenceng (dzikir dhateng gusti), werdinipun golong (gumolonge tekad) bab pakaryan lan gegayuhan urip ing donya tumekeng delahan. Pitu werdinipun pituduh (tansah nyuwun pituduh dhateng gusti kang Maha Agung) lan nyuwun wewarah dhateng wong kang linuwih

Adegan kalih inggih menika Badhut ngarep menika nyariyosaken Badhut ingkang dados pralampita mahkluk ingkang mituhu dhawuhing Gusti saha ngesti wejanganing para nabi, para wali kanthi dipunwujudaken welas asih dateng

sesami. Sedaya dipungambaraken lumantar gerak tari, sekaripun saha parikan utawa greget saut. Kawruh kautamen ingkang ingkang utami ingkang saged dipunpendhet saking Badhut Ngarep wonten nginggil inggih menika: sadar dhiri inggih menika mawas dhiri, manungsa namung titah sawantah, boten takabur, manungsa menika kedadosan saking 4 anasir , tiyang gesang menika nggadahi 4 nafsu.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 09

“Badhut ngarep menika nyariyosaken badhut ingkang dados pralampita mahkluk ingkang mituhu dhawuhing Gusti .Sedaya dipungambaraken lumantar gerak tari, sekaripun saha parikan utawa greget saut. Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika:Instropeksi diri, Manungsa menika naming jalma limrah titah ,Manungsa menika gesang wonten ing alam donya sampun ngantos gadhah sipat takabur, 4 unsur manungsa inggih menika lemah, banyu, angin saha geni. Tiyang gesang menika nggadahi nafsu 4 inggih menika Luwawamah (raos milik dhateng bandha donya), Amarah (Angkara murka), Sofiyah (Nafsu dumateng wanita), Mutmainah (Nafsu ingkang sampun tinuntun rehing kautaman). Menika miturut kula kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet saking adegan badhut ngarep”. (CLW 09)

Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 12

“Miturut Al Quran menika manungsa duweni sifat luput lan salah kaya hadist sing wes dingendikakake AL INGSANU MAKHALUL KHOTOK WA NISYAN tegese manungsa kui panggonane luput lan salah”. (CLW 12)

Kawruh kautamen bab mawas dhiri dipunandharaken wonten ing sesaji saha piranti pentas seni Sandhul inggih menikaIngkung tinangsulun werdinipun manungsa menika kedahsaged meper hawa nafsu lan tansah manekun dhateng Gusti ingkang Murbeng Dumadi, Gong menika nggambaraken manungsa saha sedaya titahing Gusti asalipun saking Gusti Allah lan benjang pungkasaning

sedaya titah kalebet donya saisinipun badhe wangsul dumateng Zat Gusti kang Maha Agung

Adegan tiga inggih menika Lengger menika tari ingkang penarinipun tiyang estri (lenggeripun) saha kakung cacahipun 2, Lengger menika tari ingkang nyariyosaken gesangipun manungsa mliginipun babagan gesang nalika bangun kulawarga ingkang sae, ingkang dipunwujudaken wonten ing salebeting tari-tarian, sekar, saha parikan. Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet saking cariyos lengger wonten ing nginggil inggih menika:Manungsa menika kedah sea lahir lan batosipun inggih menika ayu lahir lan batosipun, ngupadi katentremaning gesang, Gesangipun manungsa ing alam donya namung manggih kahanan 2, saha tiyang gesang kedah ngrasuk Agami.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 09

“ Miturut kula Lengger inggih menika tari ingkang penarinipun tiyang estri (lenggeripun) saha kakung cacahipun 2, Lengger menika tari ingkang nyariyosaken gesangipun manungsa mliginipun babagan gesang nalika bangun kulawarga ingkang sae, ingkang dipunwujudaken wonten ing salebeting tari-tarian, sekar, saha parikan. Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika wonten kalih:Gambaraken gesangipun manungsa wonten ing alam donya namung manggih kahanan 2 warni inggih menika ala utawi becik, beja saha cilaka, wonten seneng utawi susah lan Gambaraken gesang manungsa bebrayan bebojoan ingkang sae saha adhedasar agama.menika andharan kula bab lengger”. (CLW 09)

Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 12

“Menika gambarane qudrotun lan irodate ALLAH kanggo manungsa nang alam donya sing wes temtokake yaiku bejo ciloko, susah seneng, lan sing kabeh serba ana pasangane”. (CLW 12)

Kawruh kautamen wonten ing pentas seni Sandhul salah satunggilipun inggih menika sae lahir lan batosipun. Kawruh kautamen bab sae lahir lan

batosipun menika dipunandharaken ugi wonten ing sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing pentas seni Sandhul. Sae lahir lan batosipun dipunandharaken wonten ing Suruh werdinipun inggih menika sirih sanajan boten sami lumah lawan kurepe lamun ginigit padha rasane (manungsa sanajan watak utawi bibit, bebet, bobot menika mboten sami lamun wis manunggal cipta , rasa , karsa bakal dadi pakaryan kang becik utawa kasembadan sedyane) tegesipun manungsa menika kedah urip bebrayan nyambut damel sareng-sareng sanadjan gadah watak ingkang benten. lampu senthir dados pralampita bilih tiyang gesang ingkang nindakaken tuntunan agama menika saged dadosaken padanging ati, Tiyang gesang wonten alam donya menika kedhah gadhahi patokan ingkang awujud tatanan utawi aturan menawi wonten ing agami sampun kaserat wonten ing Kitab Suci.

Sandhul inggih menika Adegan ingkang intinipun wonten ing kesenian Sandhul. Adegan Sandhul ginakaken Tarian saha Wejangan isinipun wejangan supados gesangipun manungsa tansah nindakaken dhawuhing gusti ingkang sampun kaserat ing kitab suci Al-qur'an saha wejangan saking kanjeng Nabi Muhamad SAW wonten Hadits kanthi mboten nilar tradisi saking para Wali saha leluhur ing tanah Jawi. Tari Sandhul nyariyosaken Kyai Balahum inggih menika Kyai ingkang sabar, wicaksana saha solah bawanipun sae. Salah satunggaling dinten Kyai Balahum dipunuji imanipun dumateng Allah swt inggih menika Kyai Balahum ical kitabipun. Saklajengipun Kyai Balahum ndeduka bilih ingkang nyolong menika santrinipun.



Santri menika saklajengipun dipunpejahi kanthi cara belah padharanipun santri satemah pejah. Ananging saking padharan santri menika medal rah ingkang pethak menika nedahaken bilih santri menika boten lepat. Saklajengipun jasad santri menika kabelah dados kalih saha jasadipun mukswa. Jasad santri wiwit padharan dumugi mustaka mukswa minggah wonten ing langit saha padharan dumugi ampeyan mukswa mlebet wonten ing sajroning bumi. Sesarengan menika wonten swanten ingkang boten wonten rupinipun ingkang ngendika bilih santri ingkang dipunpejahi menika boten lepat jalaran santri wau namung dipunutus garwanipun kyai Balahum, tanggapipun santri wau bilih Nyai Balahum sampun pikantuk palilah saking Kyai Balahum.

Kanthi kedadosan menika Kyai Balahum menika getun kaliyan tumindakipun. Kangge nebus kalepatanipun Kyai Balahum natoni tanganipun lajeng medal rah warni abrid, menika nedahaken bilih Kyai Balahum menika Lepat. Saklajengipun kangge nebus kalepatanipun Kyai Balahum nindakaken tapa inggih menika tapa ngrame. Wonten ing tapanipun Kyai Balahum pikantuk wisik damel alat musik saking pring ingkang dipunsebat angklung. Saksampuniputapa ngrame Kyai Balahum kedah nindakaken dakwah utawi babar piwulang ginakaken sarana utawa piranti ingkang dipunwastani angklung kagem dakwah kanthi sarana kesenian.

Kawruh Kautamen ingkang saged dipunpendhet saking wonten ing Sandhul inggih menika: kuwajiban saha sipat m,anungsa utama inggih menika Ngibadah, adhedasar Iman, gadah sipat sabar, ikhlas saha manambah dhateng Gusti ingkang Maha Agung, saha ngundhuh wohing pakarti.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 09

“Sandhul inggih menika Adegan ingkang intinipun wonten ing kesenian Sandhul. Adegan Sandhul ginakaken Tarian saha Wejangan isinipun wejangan supados gesangipun manungsa tansah nindakaken dhawuhing gusti ingkang sampun kaserat ing kitab suci Alqur’an saha wejangan saking kanjeng nabi Muhamad SAW wonten Hadits kanthi mboten nilar tradisi saking para wali saha leluhur ing tanah jawi. Tari Sandhul nyariyosaken Kyai Balahum inggih menika Kyai ingkang sabar, wicaksana saha solah bawanipun sae. Salah satunggaling dinten Kyai Balahum dipunuji imanipun dumateng Allah swt. Kawruh ingkang saged dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika wonten tiga menika:Tindak tanduk ingkang boten dipunpikir saha boten adhedasariman menika namung saged dadosaken kuciwa saha kawontenan ingkang boten sae, Gesangipun manungsa wonten ing alam donya menika kedah adhedasar iman, saha akhlaqul karimah, Manungsa menika kedah gadhahi sipat sabar,ikhlas saha manambah dhateng Gusti ingkang Maha Agung” (CLW 09).

Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 10

“Adegan Sandhul kui adegan inti nang Seni Sandhul,adegan Sandhul kui nyritakake Kyai Balahum nyebar Agama Isalam lan paring wejangan maran para muride.kawruh kautamen kang iso dijukuk yoiku: Tindak tanduk ingkang boten dipunpikir saha boten adhedasar iman menika namung saged dadosaken kuciwa saha kawontenan ingkang boten sae, Gesangipun manungsa wonten ing alam donya menika kedah adhedasar iman, saha akhlaqul karimah, Manungsa menika kedah gadhahi sipat sabar,ikhlas saha manambah dhateng Gusti ingkang Maha Agung.” (CLW 10)

Kewajiban saha sipat manungsa utama ugi dipunandharaken wonten ing Jenang abrit werdinipun : (wani) dados tiyang kedah wani dhateng bebener. Sanesipun Jenang pethak werdinipun (suci) samubarang panggawe linambaran ati kang suci, kacu dados pralampita kitab suci Al-quran wonten ing agama Islam. Kendhang werdinipunInggih menika ngemu teges pangajak ndangndang sembahyang utawi sholat

Adegan ingkang pungkasan inggih menika Cepuk menika nyariyosaken tiyang ingkang gadhah solah bawa ingkang boten sae saha dadosaken kuciwa tiyang sanes wontening masyarakat. Saklajengipun tiyang kasebut pikantuk pituduh saking gusti ingkang maha Agung satemah tinarbuka manahipun lajeng tobat saha nyinaoni ilmu agama kanthi temen. Tari cepuk menika dados tari pungkasan wonten ing kesenian Sandhul.

Kawruh Kautamen ingkang saged dipunpendhet saking Cepuk inggih menika: manungsa utama kedah ngakoni bilih Gusti Allah Maha Welas Asih inggih menika Gusti Allah menika Maha welas asih, sumende dhateng ngersanipun Gusti Allah, tindak tanduk manungsa ingkang boten kanthi ridho Allah SWT tundhonipun namung nuwuhaken raos getun keduwung saha manggih kapintunan, Manungsa boten pareng umuk saha pamer, sampun ngantos wantun dhumateng biyung bapa saha ingkang langkung sepuh jalaran saged kwalat, saha ingkang pungkasan bilih nyambut damel kedah tumemen.

Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun informan 10

“Cepuk menika nyariyosaken tiyang ingkang gadhah solah bawa ingkang boten sae saha dadosaken kuciwa tiyang sanes wontening masyarakat. Saklajengipun tiyang kasebut pikantuk pituduh saking Gusti ingkang maha Agung Tari cepuk menika dados tari pungkasan wonten ing kesenian sandhul. Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika wonten:Gusti Allah menika Maha welas asih dhumateng titah ingkang wonten ing alam donya, Menawi Gusti Allah badhe paring pituduh dateng manungsa saged lumantar menapa kemawon saha dhumateng Sedaya solah bawa, padamelan saha sinten kemawon ingkang dipunkeparengaken, Tindak tanduk manungsa ingkang boten kanthi ridho Allah SWT tundhonipun namung nuwuhaken raos getun keduwung saha manggih kapitunan”.  
(CLW 09)

Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun informan 12

“Dadi Maha welas asise Gusti Allah kui ana kalane sing didelok saka gedene pengorbanan, nanging Gusti Allah ora bakal cidro dhateng janji kaya ngendikane Gusti Allah nang kitab Zabur, Taurat, Injil lan Al Quran (INA WA’DALLOHA KHAQUN) tegese temen setuhune janjine Allah hak”. (CLW 12)

Kawruh kautamen wonten ing pentas seni Sandhul salah satunggilipun inggih menika Manungsa utama ingkang ngakoni Gusti Allah Maha welas asih.. Kawruh kautamen bab Manungsa utama ingkang ngakoni Gusti Allah Maha welas asih menika dipunandharaken ugi wonten ing angklung ingkang dipunginakaken wonten ing pentas seni Sandhul. Bab manungsa utama ingkang ngakoni Gusti Allah Maha welas asih dipunandharaken wonten ing angklung ingkang werdinipun Gusti ingkang Maha linangkung. Bab menika nedahaken bilih manungsa utama menika kedah saged dados manungsa ingkang kedah ndedonga kaliyan Gusti kang Maha linangkung.

## **BAB V PANUTUP**

### **A. Dudutan**

Adhedhasar asiling panaliten ingkang sampun dipuntindakaken ngenani perkawis kajian kawruh kautamen ing salebeing Seni Sandhul Sekar Kali Suci Desa Sucen Kecamatan Gemawang Kabupaten Temanggung, pramila saged dipunpendhet dudutanipun kados ing ngandhap menika.

1. Pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci dipunpentasaken wonten ing Dhusun Sucen Desa Sucen Kecamatan Gemawang Kabupaten Temanggung.
2. Pentas Seni Sandhul inggih menika nyariyosaken Kyai Balahum. Kyai Balahum inggih menika Kyai ingkang sabar, wicaksana saha solah bawanipun sae. Salah satunggaling dinten Kyai Balahum dipunuji imanipun dumateng Allah swt inggih menika Kyai Balahum ical kitabipun. Saklajengipun Kyai Balahum ndeduga ingkang boten awon dhateng santrinipun. Santri menika saklajengipun dipunpejahi kanthi cara belah padharanipun santri satemah pejah. Ananging saking padharan santri menika medal rah ingkang pethak menika nedahaken bilih santri menika boten lepat. Saklajengipun jasad santri menika kabelah dados kalih saha jasadipun mukswa.

Jasad santri wiwit padharan dumugi mustaka mukswa minggah wonten ing langit saha padharan dumugi ampeyan mukswa mlebet wonten ing sajroning bumi. Sesarengan menika wonten swanten ingkang boten wonten rupanipun ingkang ngendika bilih santri ingkang dipunpejahi menika boten

lepat. Saksampunipun wonten kedadean menika Kyai Balahum menika kuciwa marang tumindak. kangge nebus kalepatanipun Kyai Balahum natoni tanganipun lajeng medal rah warni abrid, menika nedahaken bilih Kyai Balahum menika Lepat. Saklajengipun kangge nebus kalepatanipun Kyai Balahum nindakaken tapa inggih menika tapa ngrame. Wonten ing tapanipun Kyai Balahum pikantuk wisik damel piranti musik saking pring ingkang dipunwastani angklung. Saksampunipun tapa ngrame Kyai Balahum kedah nindakaken dakwah utawi babar piwulang ginakaken sarana ingkang dipunwastani angklung inggih menika dakwah kanthi sarana kesenian.

3. Pentas seni Sandhul Sekar Kali Suci menika dipunpentasaken nalika sadranan Kali Suci dinten Jumat Kliwon wulan rejeb, dinten jumat kliwon surya kaping 31 mei 2013. Pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci kasebat kaperang dados mapinten-pinten tahapan kegiatan. Kegiatan-kegiatan wonten ing pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci kasebat inggih menika cecawis uba rampe ingkang damel pentas lan pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci. Cecawis uba rampe ingkang damel pentas menika dipunwiwiti saking rapat panitia lan tokoh masarakat wonten ing dalemipun Bapak Sunoto, nyembelih ayam saha masak ayam wonten ing Dalemipun Bapak Bambang Waluyo, resik-resik Kali Suci, Cecawis papan, cecawis sesaji saha piranti pentas Seni Sandhul, Kenduren. Wondene pentas Seni sandhul menika dipunwiwiti saking adegan mbabadi, Badhut Ngarep, Lengger, Sandhul, Cepuk.

#### 4. Kawruh Kautamen ing salebeting seni Sandhul Sekar Kali Suci :

##### **a. Adegan 1 (Mbabadi)**

Mbabadi inggih menika pambuka kanthi doa saha tembang-tembang ingkang awujud doa. Mbabadi menika gadhahi ancas supados wonten ing kesenian Sandhul ingkang dipunpentasaken menika saged lancar saha boten wonten alangan menapa-menapa. Penari mbabadi nembang saha njoget ngubengi pathokan. Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika:

Niat ingkang kaperang dados tiga :

1. Kedah ndonga
2. Nyuwun idin marang Gusti Allah
3. Wujuding donga

##### **b. Adegan 2 (Badhut ngarep)**

Badhut ngarep menika nyariyosaken badhut ingkang dados pralampita mahkluk ingkang mituhu dhawuhing Gusti saha ngesti wejanganing para nabi, para wali kanthi dipunwujudaken welas asih dateng sesami. Sedaya dipungambaraken lumantar gerak tari, sekaripun saha parikan utawa greget saut. Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika:

Sadar Dhiri ingkang kaperang dados 5 inggih menika ;

1. Mawas dhiri
2. Manungsa namung titah sawantah
3. Boten takabur

4. Manungsa menika kedadosan saking 4 anasir

5. Tiyang gesang menika nggadahi 4 nafsu

**c. Adegan 3 (Lengger)**

Lengger inggih menika tari ingkang penarinipun tiyang estri ( lenggeripun ) saha kakung cacahipun 2, Lengger menika tari ingkang nyariyosaken gesangipun manungsa mliginipun babagan gesang nalika bangun kulawarga ingkang sae, ingkang dipunwujudaken wonten ing salebeting tari–tarian, tembang, saha parikan. Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika:

Manungsa ingkang sae lahir lan batosipun ingkang kaperang dados 4 inggih menika :

1. Ayu lahir lan batosipun.
2. Ngupadi katentreman gesang.
3. Gesangipun manungsa ing alam donya namung manggih kahanan kalih.
4. Gesang adhedasar Agama.

**d. Adegan 4 (Sandhul)**

Sandhul inggih menika Adegan ingkang intinipun wonten ing kesenian Sandhul. Adegan Sandhul ginakaken Tarian saha Wejangan isinipun wejangan supados gesangipun manungsa tansah nindakaken dhawuhing gusti ingkang sampun kaserat ing kitab suci Alqur'an saha wejangan saking kanjeng nabi Muhamad SAW wonten Hadits kanthi mboten nilar tradisi saking para wali saha leluhur ing tanah jawi. Kawruh Kautamen ingkang saged dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika:



Kuwajiban saha sipat manungsa utama ingkang kaperang dados 4 inggih menika :

1. Ngibadah
2. Adhedasar Iman
3. Gadah sipat sabar, ikhlas saha manambah marang Gusti ingkang Maha Agung
4. Ngundhuh wohing pakarti

**e. Adegan 5 (Cepuk)**

Cepuk menika nyariyosaken tiyang ingkang gadhah solah bawa ingkang boten sae saha dadosaken kuciwa tiyang sanes wontening masyarakat. Saklajengipun tiyang kasebut pikantuk pituduh saking gusti ingkang maha Agung satemah tinarbuka manahipun lajeng tobat saha nyinaoni ilmu agama kanthi temen. Tari cepuk menika dados tari pungkasan wonten ing kesenian sandhul. Kawruh Kautamen ingkang saged dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika:

Manungsa utama kedah ngakoni bilih Gusti Allah Maha Welas Asih ingkang kaperang dados 6 inggih menika :

1. Gusti Allah menika Maha Welas Asih
2. Sumendhe marang ngarsanipun Gusti Allah
3. Tindak tanduk manungsa ingkang boten kanthi ridho Allah swt tundhonipun namung nuwuhaken raos getun keduwung saha manggih kapintunan
4. Manungsa boten pareng umuk saha pamer

5. Sampun ngantos wantun dhumateng biyung, bapa, saha ingkang langkung sepuh jalaran saged kwalat.
6. Tiyang nyambut damel kedah tumemen

#### 5. Makna Simbolik saking piranti Seni Sandhul Sekar Kali Suci

- a. Lampu utawi Senter.

Dados pralampita bilih tiyang gesang ingkang gadhah agama menika saged dadosaken padanging ati.

- b. Patok.

Dados pralampita Tiyang gesang wonten alam donya menika kedhah gadhahi patokan inggih menika agama.

- c. Kacu utawi Saputangan.

Dados pralampita kitab suci Al-quran wonten ing agami islam.

- d. Angklung.

Dados pralampita Gusti engkang maha linangkung.

- e. Kendhang.

Dados pralampita Inggih menika ngemu teges pangajak sembahyang utawi sholat

- f. Gong.

Dados pralampita nyembah marang Allah swt.

#### 6. Makna simbolik wonten ing sesaji

- a. Jenang abang werdinipun: (wani) wani marang bebener

- b. Jenang putih werdinipun (suci) samubarang panggawe linambaran ati kang suci

- c. Ingkung tinangsulan werdinipun manungsa kui kudu bias meper hawa nafsu
- d. Suruh (tinangsulan lawe) sirih sanajan boten sami lumah lawan kurepe lamun ginigit padha rasane (manungsa sanajan watak (bibit ,bebet, bobot) lamun wis manunggal cipta , rasa , karsa bakal dadi pakaryan kang becik utawa kasembadan sedyane)  
Tinangsulan lawe : nanging samubarang panggawe kui diiket hukum Agama, Negara, lan Adat
- e. Menyan lan kembang werdinipun kukusing menyan / dupa kang nuwuhake wewangen (gambarake keagungan lan kaendahan) miturut kapitadosan tiyang jawi islam kui bias dadi lantaran cepeting panyuwunan / doa
- f. Tumpeng / bucu werdinipun (gambaraning gunung) supaya manungsa jejeg madep mantep kaya dene gunung  
Bucu werdinipun nyebut sing kenceng (dzikir marang gusti)
- g. Golong pitu werdinipun golong (gumolonge tekad) babagan pakaryan lan gegayuhan urip ing donya tumekeng delahan
- h. Pitu werdinipun pituduh (tansah nyuwun pituduh marang gusti kang Maha agung) lan nyuwun wewarah marang wong kang linuwih.

## **B. Implikasi**

Asiling panaliten menika nggadhahi ancas kangge ngandharaken pentas Seni Sandhul, kawruh kautamen ing salebeting Seni Sandhul, makna simbolik

piranti Seni Sandhul lan makna simbolik sesaji Seni Sandhul. Wontenipun Seni Sandhul ingkang kathah sanget kawruh kautamen ingkang sae lan gayut kaliyan tuntunan Agama mlioginipun Agama Islam ingkang saged dipunpendhet, mila saged dipuntrepaken ing pagesangan masarakat, mliginipun minangka kupiya nglestantunaken tradhisi.

### **C. Pamrayogi**

Wontenipun pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci Dhusun Sucen Desa Sucen Kecamatan Gemawang Kabupaten Temanggung. nggadhahi potensi wisata tumrap Kabupaten Temanggung, nanging sinarengan ewah gingsiring jaman ingkang sarwi majeng lan moderen menika, wontenipun Seni Sandhul kasebat tundanipun badhe kaancam punah kagantos Seni ingkang modrn kados to dangdut, konser musik, film lan sanes sanesipun. Kanthi pawadan ingkang kados mekaten menika, mila perlu wontenipun kupiya kangge nglestantunaken pentas Seni Sandhul kasebat. Ingkang menika panaliti mrayogekaken menawi wontenipun Seni sandhul Sekar Kali Suci menika perlu dipundamel buku lan rekaman VCD ing pangangkah saged dipundadosaken minangka sumbangan data kangge mimbuih referensi babagan Seni tradisi ingkang wonten ing Kabupaten Temanggung. Kejawi saking menika saged ugi dipunginakaken kangge promosi wisata ing Kabupaten Temanggung.

## KAPUSTAKAN

- Alwi, Hasan. 2003. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Danandjaja. 1986. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Grafitipers.
- Ellfeld, Louis. 1997. *Pedoman dasar penata tari* (Terjemahan Soedarsono)  
Jakarta: PT Pustaka Jaya.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta:  
Gajah Mada University press.
- \_\_\_\_\_, 2010. *Falsafah hidup Jawa*. Yogyakarta: Cakrawala.
- \_\_\_\_\_, 2011. *Kebatinan Jawa*. Yogyakarta: Lembu Jawa.
- \_\_\_\_\_, 2006. *Budi pekerti. Tuntunan luhur dari budaya  
adiluhung*. Jakarta: Gelombang pasang.
- Hadi Projo, Sarwo Dadi Ngudiono. 2005. *Pemaparan Budaya spiritual  
paguyuban cahyo buwana*. Jakarta: Direktorat Kepercayaan Terhadap  
Tuhan Yang Maha Esa, 16-18 November.
- Hariwijaya, M. 2013. *Semiotika Jawa*. Yogyakarta: Paradigma Indonesia.
- Moertjipto, dkk. 1996/ 1997. *Wujud, arti, dan fungsi puncak-puncak  
kebudayaan lama dan asli bagi masyarakat pendukungnya di Daerah  
Istimewa Yogyakarta. Proyek pengkajian dan pembinaan nilai-nilai  
budaya Daerah Istimewa Yogyakarta*.
- Herusatoto, Budiono. 1991. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: PT.  
Hanindita Graha Widya.
- Hidayat, Robby. 2005. *Wawasan seni tari pengetahuan praktis bagi Guru seni  
tari*. Malang: Jurusan seni dan desain Fakultas Sastra Universitas  
Negeri Malang.
- Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta:  
Gramedia.
- \_\_\_\_\_. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi Edisi Revisi 2009*.  
Jakarta: PT. Rineka Cipta.

- Mayor, Polak . 1979. *Sosiologi suatu pengantar ringkas*. Jakarta: PT ichtiar Baru Jakarta.
- Moleong, J. Lexy. 2002. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- \_\_\_\_\_, 1989. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Rosdakarya.
- Poerwadarminta, W. J. S. *Baoesastra Djawa* . Batavia: B. Wolters Uitgevers Maatschappij Groningen.
- Purwadi. 2009. *Folklor jawa*. Yogyakarta: Pura Pustaka.
- Santoso M. Hum, Heruir. 2000. *Landasan etis bagi perkembangan teknologi*. Yogyakarta: PT. Tiara wacana Yogyakarta.
- Sulaiman, Munandar. 2005. *Ilmu Budaya Dasar Suatu pengantar*. Bandung: Refika Aditama.
- Suwondo, Tirto dkk. 1994. *Nilai-nilai Budaya susastra Jawa*. Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan Nasional. Jakarta.
- Suwarna. 2008. *Upacara pengantin gaya Mangkunegaran*. Yogyakarta: Grafika indah.
- Spradley, James P. *Metode Etnografi*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Tashadi, dkk. 1992-1993. *Upacara Tradisional Sekaten Daerah Istimewa Yogyakarta*. Yogyakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

# LAMPIRAN

## **CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI 1 ( CLO 1 )**

**Dinten/ Surya : Rabu pon/ 29 mei 2013**

**Papan : Balai Desa Sucen**

**Tabuh : 09.00 WIB**

**Topik : Deskripsi papan pentas Seni Sandhul**

### **Deskripsi papan pentas seni Sandhul**

Desa Sucen inggih menika Desa ingkang dumunung ing sisih ler piyambak Kabupaten Temanggung. Desa Sucen menika kalebet wonten ing tlatah Kecamatan Gemawang, Kabupaten Temanggung. Tebihipun saking pusat pemerintah Kecamatan Gemawang kirang langkung sekawan kilometer, dene saking pusat pemerintah Kabupaten Temanggung kirang langkung 19 kilometer. Desa Sucen wiyaripun kirang langkung 665 Ha/m<sup>2</sup>, kanthi cacahing penduduk wonten 3020 tiyang ingkang kaperang dados 1520 piyantun kakung lan 1500 piyantun putri.

Desa Sucen miturut cathetan administratif ingkang wonten Balai Desa Sucen watesipun Desa Sucen inggih menika :

sisih Ler : winatesan desa Muncar

sisih Kidul : winatesan desa Banjarsari

sisih Kilen : winatesan desa Krempong

sisih Wetan : winatesan desa Karangseneng

Secara administratif, Desa Sucen menika kalebet wonten ing wewengkonipun Kecamatan Gemawang, ingkang kaperang dados tigang Dhusun, nem RW saha 38 RT. Warga RW setunggal, kalih, tiga mapan wonten ing Dhusun Mandang, sekawan lan gangsal mapan wonten ing Dhusun Sucen, dene RW nem



mapan wonten ing Dhusun Ngasinan. Cacahipun RT saha RW wonten ing desa Sucen kados ing tabel ngandhap menika:

Tabel 1. Data RT saha RW

<b>NO</b>	<b>DHUSUN</b>	<b>RW</b>	<b>RT</b>
1	Mandang	3	23
2	Sucen	2	12
3	Ngasinan	1	5
<b>Cacahipun</b>		<b>6</b>	<b>40</b>

Sumber : *Data monografi* desa Sucen taun 2012

Tabel 2 Data penduduk miturut umur

<b>No</b>	<b>Penduduk miturut umur</b>	<b>Cacahipun</b>
1	Penduduk umur 0-4 taun	192 tiyang
2	Penduduk umur 5-9 taun	213 tiyang
3	Penduduk umur 10-14 taun	211 tiyang
4	Penduduk umur 15-19 taun	249 tiyang
5	Penduduk umur 20-24 taun	228 tiyang
6	Penduduk umur 25-29 taun	218 tiyang
7	Penduduk umur 30-34 taun	238 tiyang
8	Penduduk umur 35-40 taun	259 tiyang
9	Penduduk umur 40-45 taun	266 tiyang
10	Penduduk umur 45-50 taun	220 tiyang
11	Penduduk umur 50-55 taun	176 tiyang
12	Penduduk umur 55-60 taun	144 tiyang
13	Penduduk umur 60-65 taun	137 tiyang
14	Penduduk umur 65-70 taun	84 tiyang
15	Penduduk umur 70-75 taun	79 tiyang

16	Penduduk umur 75-80taun	61 tiyang
17	Penduduk umur 80+ taun	45 tiyang
	<b>Cacahipun</b>	<b>3020 tiyang</b>

Sumber : *Data monografi* desa Sucen taun 2012

Pentas seni Sandhul menika dipunpentasaken wonten ing Dhusun Sucen, Desa Sucen, Kecamatan Gemawang, Kabupaten Temanggung. Dhusun sucen wiyaripun kirang langkung 3.500m<sup>2</sup>. Cacahing penduduk Dhusun Sucen wonten 976 tiyang, ingkang kaperang dados 504 piyantun kakung lan 475 piyantun putri. Saperangan ageng masarakat Dhusun Sucen pakaryanipun tani. Masarakat Dhusun Sucen sedaya ngrasuk agami Islam. Sinaosa mekaten, nanging wonten pagesanganipun taksih katingal wontenipun kapitadosan tumrap para leluhuripun. Bab kasebat katitik saking taksih wontenipun upacara-upacara tradhisi lan wilujengan. Upacara tradhisi ingkang ingkang taksih dipuntindakaken antawisipun upacara mitoni, mantu, kasripahan, suran, Merti Desa, sadranan lan pentas kesenian.

**Cathetan Refleksi :**

1. Desa Sucen mujudaken salah satunggaling desa ing tlatah Kecamatan Gemawang, Kabupaten Temanggung.
2. Desa Suce kanperang dados 3 Dhusun, inggih menika Dhusun Sucen, Dhusun Mandang, Dhusun Ngasinan.
3. Pentas Seni Sandhul dipunpentasaken wonten ing Dhusun Sucen.

## CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI 2 ( CLO 2 )

**Dinten/ Surya : Rabu pon/ 29 mei 2013**


**Papan : Kali suci**

**Tabuh : 11.00 WIB**

**Topik : Deskripsi papan kali suci**


Komplek Kali sucimapan wonten ing Dhusun Sucen RT pitu RW sekawan kecamatan Gemawang Kabupaten Temanggung. Komplek Kali suci wiyaripun kirang langkung 50 m<sup>2</sup> inggih menika wit ipik lan wit sana kebo, tuk kali suci, bak ingkang damel siram saha Mushola. Wit ipik saha wit sana kebo mapan wonten ing sakleripun mergi antawisipun Dhusun Sucen saha Desa Karang Seneng. Agengipun wit ipik kirang langkung diameter 2 meter lan wit sana kebo kirang langkung diameter 1 meter. Inggilipun wit ipik saha wit sana kebo kirang langkung 50 meter. Wonten ing wit ipik ing nginggil wonten ingkang kados dene guwo, ingkang asring damel tapa brata. Denah kompleks Kali Suci kados ing ngandhap menika:

### Denah Komplek Kali Suci






Gambar 03. Wit ipik lan wit sana kebo ( Dok. Heri )



Gambar 04. Tuk kali suci ( Dok. Heri )



Gambar 05. Bak ingkang damel siram ( Dok. Heri )

Tuk Kali Suci wonten ing sandingipun wit sana kebo saha wit ipik kirang langkung kalih meter. Wiyaripun tuk kali suci nginggilipun kirang langkung 1 m<sup>2</sup> saha ingkang dasaripun kirang langkung 2 m<sup>2</sup>. Lajeng perangan bak ingkang damel siram kirang langkung 6 × 4 meter, ingkang lebetipun kirang langkung 2 meter, dene ingkang damel siram tiyang estri saha ingkang damel siram tiyang jaler kirang langkung 3 x 5 meter. Wonten ing bak menika wonten tetenger bilih tuk lan bak ingkang damel siram sampun dipunrenovasi tahun 1970 saha 1990.



Gambar 06. Mushola ( Dok. Heri )

Mushola kali suci mapan wonten ing sakleripun bak kali suci kirang langkung sedasa meter. Wonten ing Mushola sampun kaserat bilih Mushola menika dipunbangun kirang langkung tahun 1970. Mushola wiyaripun kirang langkung 15 X 10 meter. Namanipun Mushola inggih menika Mushola kali suci. Nalika sadranan kali suci Mushola menika dipunginakaken kangge papan kenduren warga RT enem RW papat.

**Cathetan Refleksi :**

1. Kompleks Kali Suci Mapan wonten ing Dhusun Sucen RT enem RW papat.
2. Komplek Kali suci wiyaripun kirang langkung 50 m<sup>2</sup> inggih menika wit ipik lan wit sana kebo, tuk kali suci, bak ingkang damel siram saha Mushola

**CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI 3 ( CLO 3 )**

**Dinten/ Surya : Kamis wage/ 30 mei 2013**

**Papan : Dalemipun Bapak Sunoto ( Kepala Dhusun Sucen)**

**Tabuh : 19.00 WIB - 21.00 WIB**

**Topik : Rapat cecawis Pentas Kesenian Sandhul**

Wonten ing dinten kamis wage, surya kaping 30 mei 2013, kirang langkung tabuh 19.00 WIB, warga masarakat Dhusun Sucen ngawontenaken rapat kangge cecawis anggenipun badhe ngawontenaken pentas Seni Sandhul. Rapat menika dipunadani wonten ing dalemipun Bapak Sunoto nenggih panjenenganipun Bapak Kepala Dhusun Sucen. Ingkang rawuh wonten ing pepanggihan menika bapak-bapak RT,RW,BPD,LPMD, Ketua Seni Sandhul, Bapak Kepala desa, Sekretaris Desa saha tokoh masyarakat Dhusun Sucen lan saking menika ngrembag babagan ngengrengan dana ingkang badhe dipunbetahaken wonten ing pentas Seni Sandhul. Saklajengipun ngrembag babagan wekdal kangge ngawontenaken kerja bakti resik kali suci.



Gambar 1. Musyawarah panitia pentas Seni sandhul ( Dok.Heri )

Rapat menika dipunpandhegani dening Bapak Bunariyono ingkang kabiyanu dening ibu Dwi Widyawati saha Bapak Bambang Waluyo. Para warga sami suka pamanggih wonten ing musyawarah menika, ing pangangkah supados lampahing pentas kesenian Sandhul saged lumampah kanthi rancang. Asiling pirembagan dipuntetepaken bilih susunan panitia pentas Kesenian Sandhul inggih menika :

Ketua panitia	: Bunariyono
Sekretaris	: Dwi widyawati.
Bendahara	: Sriwiharto.
Seksi-Seksi:	
Seksi Kebersihan (reresik kali suci)	: Paridi ( Juru kunci Kali Suci )
Seksi Ritual Kenduren Sadranan	: Sam'ani.
Seksi Ritual saha Pentas Seni Sandhul	: Bambang waluyo.
Seksi Dokumentasi	: Edi waluyo, Heri setiyono.
Penata Panggung	: Edi purwanto



Gambar 2. Musyawarah panitia pentas seni sandhul ( Dok.Heri )



Wonten pepanggihan menika ugi dipuntetepaken bilih wekdal kangge kerja bakti saking warga masarakat Dhusun Sucen badhe dipunadani ing dinten jumatkliwon surya kaping 31 mei 2013 wanci tabuh 09.00 WIB. Kerja bakti menika namung mligi reresik kali suci. Salajengipun para panitia ndhapuk anggenipun cecawis papan, umbarampe kangge ritual saha pentas seni sandhul. Wonten pungkasaning acara Bapak Sariyono ( Sekdes Sucen ) paring sambutan magayutan kaliyan badhe wontenipun agenda rutin tahunan sadranan kali suci saha pentas seni sandhul, Bapak Sariyono paring pangandika bilih panjenenganipun sanget jumurung wontenipun acara menika saha perlu dipunjagi amrih lestari awit menika kalebet wujuding budaya ingkang adiluhung. Watawis tabuh 21.00 WIB rapat menika sampun paripurna, para warga sampun sami sarujuk awit saking pirembagan babagan cecawis pentas kesenian Sandhul, pramila para warga sami kundur.

**Cathetan Refleksi :**

1. Rapat cecawis pentas Kesenian Sandhul dipunadani wonten ing dalemipun Bapak Sunoto nenggih panjenenganipun bapak dhukuh Sucen.
2. Rapat menika ngrembag babagan susunan kepanitiaan pentas Kesenian Sandhul, ngengrengan dana ingkang dipunbetahaken sarta nemtokaken wekdal kangge ngawontenaken kerja bakti.

**CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI 4 ( CLO 4 )****Dinten/ Surya : Kamis wage / 30 mei 2013****Papan : Dalemipun Mas Bambang****Tabuh : 17.00 WIB****Topik : Cecawis Sesaji Kenduren**

Dinten kamis 31 mei 2013 wanci tabuh 16.00 WIB Mas Bambang saha Bapak Sunoto nyamektakaken uba rampe saha ayam ingkang badhe dipunsembelih kagem slametan Kesenian Sandhul. Uba rampe ingkang sami dipunsamekatakaken inggih menika arit saha bathok klapa kangge tadah rah. Wanci tabuh 17.00 WIB uba rampe sampun samekta ayam dipuncepeng kaliyan Mas Bambang saha arit dipuncepeng Bapak Sunoto. Ayam sakderengipun dipunsembelih dipunresiki jalu lan cucukipun kados limrahipun tiyang wudlu. Ayam dipuncepeng, ndasipun ayam wonten sisih kidul dene sikilipun wonten sisih ler saha cucukipun dipunarahaken kiblat. Bapak Sunoto anggenipun nyembelih ayam kanthi doa ingkang niatipun ayam menika kagem slametan anggenipun badhe ngawontenaken pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci. Bapak Sunoto nyepeng arit kanthi asta tengen lajeng dipuntamakaken wonten gulunipun ayam ngantos medal rahipun lajeng ayamipun ingkang sampun dipunsembelih menika dipunselehaken wonten siti supados saged solah ngantos dumugining pejah.



Gambar 07. Nyembelih ayam ( Dok. Heri )



Gambar 08. Ingkung ( Dok. Heri )

Saksampunipun ayam pejah lajeng Ibu Sriwanti nyawisaken toya panas kangge nyiram ayam kala wau supados gampil anggenipun ngresiki wulu. Wulu dipunresiki wonten ing lepen, lajeng weteng sarta dada ayam dipunbelah ngangge peso jerohanipun dipunpendhet lajeng dipunresiki, saksampunipun resik ayam lan jerohan dipunbeta. Ayam lajeng dipuntali ngangge tali bambu kados limrahipun

ingkung. Saksampunipun dipuntali dipunmasak wonten kuali ngangge bumbu kunir, kencur, jahe, laos, tumbar, jinten, mrica, jeruk nipis, sere, uyah, gula aren, saha santen klapa. Ayam dipunmasak kirang langkung 2 jam. Watawis kirang langkung 2 jam ayam sampun mateng lajeng dipunwadahi wonten ing piring ingkang sampun dipunsamektakaken.



Gambar 09. Ibu Sutri masak tumpeng saha golong ( Dok. Heri )

Saklajengipun kirang langkung tabuh 17.00 wib Ibu Sutri ingkang dados tukang adang ( Padang ) mundhut beras ingkang badhe kagem tumpeng saha golong, beras dipuntaker ngagem piring saben setunggal tumpeng kalih piring ( kalih takeran ) beras salajengipun dipunsusi. Sasampunipun beras atus, ibu sutri nyamektakaken piranti adang tumpeng inggih menika dandang, kukusan, kekep, kalebet kayu obong. Ibu Sutri wiwit damel geni ing pawon ngagem kayu obong, dandang dipunterapaken sanginggiling pawon dipunparingi toya sacekapipun lajeng saknginggilipun dipungpasang kukusan beras dipunsuntak lajeng dipuntutup kekep. Kirang langkung 1 jam tumpeng sampun mateng lajeng dipuntumplak wonten ing cething.

**Cathetan Refleksi :**

1. Dinten kamis 31 mei 2013 Mas Bambang saha Bapak Sunoto beleh ayam kangge damel ingkung.
2. Inkung saha tumpeng dipunmasak wonten ing dalemipun Mas Bambang.
3. Inkung dipunmasak dening Ibu Sriwanti dene tumpeng saha golong dipunmasak dening Ibu Sutri.

**CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI 5 ( CLO 5 )****Dinten/ Surya : Jumat kliwon/ 31 mei 2013****Papan : Kali suci****Tabuh : 08.00 WIB****Topik : Resik-resik kali suci**

Dinten Jum'at Kliwon Wulan Rejeb surya kaping 31 mei 2013 tabuh 08.00 WIB kados padatan para warga dhusun Sucen sami gotong-royong resesik wonten ing kali suci. Kali suci mapanipun wonten ing Dhusun Sucen RT pitu RW sekawaan. Kali suci menika lepen ingkang wonten ing sandingipun wit sana kebo lan wit ipik ingkang ageng lajeng tumrap warga Dhusun Sucen dipunwastani jerakah. Resesik Kali Suci dipunwiwiti resesik ing tuk kali suci, nguras bak , resesik selokan saha resesik mergi ing Kali Suci. Bapak Sunoto (Kadus Sucen) nembe nyapu ing saknginggiling tuk, Mariyanto, Surahmat, timbul resesik mergi ing saknginggiling lepen. Warga sanesipun sami resesik ing ngandhap sakcaket ing tuk dipunpandhegani Bapak Sam'ani (Kaur Kesra).



Gambar 10. Resesik kali suci ( Dok.Heri )



Gambar 11. Resik-resik kali suci ( Dok.Heri )

Bapak Marsudi dipunbiyantu Ermanto, Tukirman, Ali santosa nyedot toya saking bak *penampungan*, Sartanto lan Paijan resetik lumut wonten saklebeting bak ngagem sapu lan pacul. Bak *penampungan* mapan wonten ing sisih ler wit sana kebo lan wit ipik. Bak penampungan wiwit dipunbangun permanen kirang langkung wiwit tahun 1980. Kirang langkung tabuh 09.45 WIB bak sampun paripurna dipunresiki. Menawi toya sampun kebak, resik saha bening lajeng bak dipuntutup malih. pangangkah jam 10.00 sampun paripurna sedaya anggenipun resetik kali suci lan sakderengipun wanci sholat Jum'at toya sampun saget dipunginakaken kangge siram para warga ingkang badhe nindakaken kewajiban sholat jum'at.

**Cathetan Refleksi :**

1. Dinten Jum'at Kliwon Wulan Rejeb surya kaping 31 mei 2013 tabuh 08.00 WIB warga Dhusun Sucen saha Paraga pentas Seni sandhul resetik Kali Suci.
2. Reresik Kali Suci dipunwiwiti resetik ing tuk kali suci, nguras bak , resetik selokan saha resetik mergi ing Kali Suci

## CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI 6 ( CLO 6 )

**Dinten/ Surya : Jumat kliwon/ 31 mei 2013**

**Papan : Dalemipun Mas Bambang**

**Tabuh : 09.00 WIB**

**Topik : Cecawis papan saha piranti pentas kesenian Sandhul**

Dinten jumat kliwon 31 mei 2013 wanci tabuh 09.00 WIB pemuda Dhusun Sucen sampun wonten dalemipun Mas Bambang. Pemuda Dhusun Sucen dipundawuhi dening bapak Sunoto minangka jejering Kepala Dhusun Sucen supados nyamektakaken gamelan lan piranti kangge pentas Kesenian Sandhul. Deni setiyawan, Samsul Huda, Muhrodin nembe masang spanduk ingkang damel *background* panggung. Spandukipun dipunpasang wonten ing ngajeng griyanipun Mas Bambang. Wawan, Dony, lan Totok dipundawuhi ngusung gamelan saking griyanipun Bapak Ngadiman, gamelan dipunbetha wonten ing panggung. Salajengipun piranti-piranti kasebat dipunresiki kanthi dipunsulaki lan dipunlap mawi gombal supados bleduk-bleduk sami ical. Piranti-piranti kasebat inggih menika gong, angklung, kendhang, saha pathokan. Senthir ingkang wonten ing sanginggiling pathok dipunisi liyun dening Ibu Sriwanti. Dene andriy, Agung dipundawuhi reresik panggung ginakaken sapu lan ingkrak.



Gambar 12. Nyamektakaken piranti kangge pentas Sandhul ( Dok. Heri )





Gambar 13. Nyamektakaken piranti kangge pentas Sandhul ( Dok. Heri )

Kirang langkung tabuh 10.00 WIB sedaya piranti-piranti saha panggung ingkang damel pentas Kesenian Sandhul sampun samekta. Sakderengipun wangsul para pemuda sami dahar sareng-sareng wonten ing dalemipun Mas Bambang. Mas Bambang Hermato minangka Ketua Pemuda dapuk pedamelan ingkang kedah dipunayahi nalika pentas Seni sandhul samangkih, inggih menika bab keamanan saha biyantu para pelaku seni bilih wonten ingkang kedah dipunsamektakaken. Kirang langkung tabuh 11.00 WIB para pemuda sami wangsul rumiyin sami siram ingkang saklajengipun sami nindakaken sholat Jumat.

**Cathetan Refleksi :**

1. Dinten jumat kliwon 31 mei 2013 wanci tabuh 09.00 WIB pemuda Dhusun Sucen cecawis papan saha piranti inkang damel pentas Kesenian Sandhul sekar kali suci.
2. Para pemuda Dhusun Sucen ngusung saha reresik piranti Kesenian Sandhul wonten ing dalemipun Mas Bambang.
3. Mas Bambang Hermato minangka Ketua Pemuda dapuk pedamelan ingkang kedah dipunayahi nalika pentas Seni sandhul samangkih, inggih menika bab keamanan saha biyantu para pelaku seni bilih wonten ingkang kedah dipunsamektakaken

**CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI 7 ( CLO 7 )****Dinten/ Surya : Jumat kliwon/ 31 mei 2013****Papan : Dalemipun Bapak Sunoto****Tabuh : 01.00 WIB****Topik : Kenduren**

Dinten Jum'at Kliwon Wulan Rejeb surya kaping 31 mei 2013 tabuh 01.00 WIB sampun kempal wonten ing dalemipun Bapak Sunoto. Sinambi nengga para warga ingkang dereng rawuh Bapak-bapak saha lare-lare sami nyamektakaken tumpeng sarta umbarampe kangge kenduren samangke. Kenduren wonten ing Dhusun Sucen menika anggenipun kenduren dipunwontenaken tiap RT, ananging wekdalipun sami menika saksampunipun sholat jumat. Kenduren menika diadani warga Dhusun Sucen RT 1 RW 4.



Gambar 14. Kenduren warga RT 1RW 4 ( Dok.Heri )



Gambar 15. Kenduren warga RT 1 RW 4 ( Dok.Heri )

Ritual Kenduren sadranan kali suci dinten jumat kliwon wulan rejab wonten dalemipun Bapak Sunoto (Kadus Sucen) dipun-tindakaken ba'da Sholat Jum'at. Ingkang baku kedah dipunsamektakaken menika namung bucu, golong, ingkung saha lawuh ingkang wonten. Kenduren dipunwiwiti maos surat Al Fatihah lajeng Bapak Sunoto paring Doa *"mugi mugi Allah swt paring kelancaran pentas kesenian sandhul saha boten alangan punapa- punapa"*.

**Cathetan Refleksi :**

1. Dinten Jum'at Kliwon Wulan Rejab surya kaping 31 mei 2013 tabuh 01.00 warga RT setunggal RW sekawan kenduren wonten ing dalemipun Bapak Sunoto.
2. Ingkang baku kedah dipunsamektakaken wonten ing kenduren inggih menika namung bucu, golong, ingkung saha lawuh ingkang wonten.
3. Kenduren dipunadani supados pentas Kesenian Sandhul saged lancar saha boten alangan menapa menapa.

## CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI 8 ( CLO 8 )

**Dinten/ Surya : Jumat kliwon/ 31 mei 2013**

**Papan : Dalemipun Mas Bambang**

**Tabuh : 03.00 WIB**

**Topik : *Observasi* pentas Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci**

Adegan 1 ( Mbabadi )

Mbabadi menika adegan ingkang sepisanan. Mbabadi menika adegan pambuka kanthi donga saha tembang-tembang ingkang awujud panyuwunan. Adegan mbabadi kirang langkung 15 menit ingkang wujudipun tembang-tembang dipunlajengaken dapukan penari. Mbabadi ingkang minangka tembang pambuka inggih menika *babadono rimpasono duh pangeran kula nyuwun idin,ngidinono dateng kula sedaya*. Mbabadi dipunwaos dening Bambang Waluyo.



Gambar 16.Badhut ngarep ( Dok.Heri )

### Adegan 2 ( Badhut ngarep )

Adegan kaping kalih Badhut ngarep. Badhut ngarep dipunparagani dening Edi Purwanto. Busana ingkang dipunagem wonten ing adegan Badhut ngarep kuluk, sumping, surjan, srempang, jarit, sampur panji, cinde, kamus timang. Adegan Badhut ngarep wekdalipun kirang langkung 30 menit. Tarian Badhut Ngarep ngubengi pathok kirang langkung kaping 10. Setunggal tembang ngubengi pathok kaping setunggal. Sekaripun “*Kanca yoga kula ayo rewangana, rewangana ajar badhutan.*” “*Mendung wetan telethik udan sepisan*”.



Gambar 17. Lengger ( Dok.Heri )

### Adegan 3 ( Lengger )

Lengger menika tari ingkang penarinipun tiyang estri ( lenggeripun ) saha kakung cacahipun 2. Dipunparagani Dening Edi Waluya, Ngadiman, Tini Rahayu, Sriyati. dipunagem ingkang setri inggih menika sanggul, cunduk, mentul, mekak, sampur, jarit, kalung, gelang . Sekaripun wonten adegan lengger menika ”*Simak ramak kembang Pring mas pangeran, si Lengger mung tansah eling.*” “*Eling Gusti kang peparing*”



Gambar 18. Sandhul ( Dok. Heri )

#### Adegan 4 ( Sandhul )

Sandhul menika adegan inti wonten Kesenian Sandhul. Adegan Sandhul dipunparagani dening Bambang Waluyo, Edi Purwanto lan Heri Setiyono. Adegan Sandhul kirang langkung 40 menit. Busana ingkang dipunagem dening Kyai Balahum menika iket surban lan jarit. Adegan Sandhul menika adegan Kyai Balahum nalika paring wejangan dening para muridipun. Wejangan kyai Balahum menika *"Nindakna Sareat Agama, angudia ngelmu rasa supaya ngerti kewajibaning urip."* Adegan Sandhul ginakaken Tarian saha Wejangan isinipun wejangan supados gesangipun manungsa tansah nindakaken dhawuhing gusti ingkang sampun kaserat ing kitab suci Alqur'an saha wejangan saking kanjeng Nabi Muhamad SAW wonten Hadits kanthi mboten nilar tradisi saking para wali saha leluhur ing tanah Jawi.





Gambar 19. Cepuk ( Dok. Heri )

#### Adegan 5 ( Cepuk )

Adegan cepuk dipunparagani dening Ngadiman. Adegan Cepuk wekdalipun kirang langkung 30 menit. Busana ingkang dipunagem cepuk menika kethu cepuk, surjan, jarit, srembang, panji, cinde, kamus timang. Sekaripun Cepuk “*Simak duh siramak sekar ing jagung, dadi cepuk kodrate sing maha Agung.*”

#### Piranti Kesenian Sandhul



Gambar 20. Piranti Kesenian Sandhul ( Dok. Heri )



Gambar 21. Kacu ( Dok. Heri )

a. Lampu utawi Senthir.

Lampu senthir menika dipundamel saking gendul ( botol ) ingkang dipunisi kaliyan liyun lajeng dipunparingi sumbu. Lampu senthir dipunparingaken wonten ing nginggilipun pathok.

b. Patok.

Pathok menika awujud ukiran kayu jati ingkang dipunselehaken wonten ing tengah-tengahipun panggung.

c. Kacu utawi Saputangan.

Kacu menika kain pethak ingkang dipunginakaken paraga penari.

d. Angklung

Angklung menika piranthi musik ingkang dipundamel saking pring ngapus lan wulu ayam. Angklung ingkang dipunginakaken cacahipun tiga.

e. Kendhang


Kendhang menika piranthi musik ingkang dipundamel saking kajeng angka lan kulit utawi lulang sapi.

f. Gong.

Gong menika piranthi musik ingkang dipundamel saking wesi. Gong ingkang dipunginakaken cacahipun kalih.



### Sesaji wonten ing Kesenian Sandhul Sekar Kali Suci



Gambar 22. Sesaji Kesenian Sandhul ( Dok. Heri )



Gambar 17. Ingkung ( Dok. Heri )



Gambar17. Jenang abang putih ( Dok. Heri )

1. Jenang abang

Jenang dipundamel saking beras ingkang dipunjenang lajeng dipuncampur kaliyan gula aren.

2. Jenang putih

Jenang putih dipundamel saking beras ingkang dipunjenang

3. Ingkung tinangsulan

Ingkung dipundamel saking ayam ingkang sampun dipunbeleh lajeng dipunresiki lajeng ayam dipuntali ngangge tali bambu kados limrahipun ingkung. Saksampunipun dipuntali dipunmasak wonten kualo ngangge bumbu kunir, kencur, jahe, laos, tumber, jinten, mrica, jeruk nipis, sere, uyah, gula aren, saha santen klapa. Ayam dipunmasak kirang langkung 2 jam

4. Suruh ( tinangsulan lawe )

Godhong suruh ingkang dipuntali ngangge bolah utawi benang

5. Menyan lan kembang

Menyan asalipun saking wit menyan lan kembang ingkang dipunginakaken menika kembang mawar, melati lan kanthil.

6. Tumpeng / bucu

Tumpeng dipundamel saking beras ingkang dipunmasak ngangge kukusan kirang langkung kalih jam.

## 7. Golong

Golong dipundamel saking beras ingkang dipunmasak lajeng dipunkepel-kepel ngangge tangan cacahipun pitu.

### ***Cathetan Refleksi :***

1. Pentas kesenian Sandhul kaperang dados gangsal adegan inggih menika Mbabadi, Badhut Ngarep, Lengger, Sandhul saha Cepuk.
2. Piranti ingkang dipunginakaken inggih menika patok, senthir, kacu, angklung, kendhang saha gong.
3. Sesaji ingkang dipunginakaken inggih menika jenang abang, jenang putih, suruh, menyan, kembang, tumpeng saha golong.

**Catatan Lapangan Wawancara ( CLW 01 )**

**Informan : Mas Bambang**

**Yuswa : 34 tahun**

**Pakaryan :Tani**

**Alamat :Dusun Sucen RT 03 RW 04**

**Dinten/ tanggal :Selasa 28 mei 2013**

**Papan :Dalemipun Mas Bambang**

**Wekdal :15.00- 16.00 WIB**

**Kalenggahan : Anggota Panitia Nyadran Dusun Sucen ,ketua Seni Sandhul**

**Asal usul Nyadran**

Heri : Masarakat Sucen pakaryanipun ingkang kathah menapa mas ?

Mas Bambang : Pakaryanipun sedaya dados Tani

Heri : Masarakat mriki agamanipun ingkang kathah menapa mas ?

Mas Bambang : Masarakat mriki sedaya ngrasuk Agami Islam ananging bab kejawen taksih kenthel bab sadranan saha bab kenduren-kenduren.

Heri : Nyadran menika maknanipun menapa mas?

Mas Bambang : Nyadran menika tradisi kagem pengetan utawi kedadosan papan, petilasan, lepen,sarean, lan sanes-sanesipun. saha minangka wujud raos syukur awit wontenipun saha kedadosanipun papan,petilasan,lepen. Dene menawi Nyadran sarean kejawi raos syukur taksih dipun paringi gesang,para warga lajeng sami emut dongakaken para leluhur ingkang sampun seda.

Heri :Inkang sepisan ngawontenaken upacara Nyadran wonten ing Dhusun Sucen menika sinten mas?

Mas Bambang : Nyadran ing Dhusun Sucen sampun wonten wiwit jaman nenek moyang rumiyin ingkang ngantos samenika tetep lestari

- Heri : Menapa Nyadran wonten ing Dhusun Sucen menika kedah dipunleksanakaken, menawi boten kados pundi mas ?
- Mas Bambang : Warga dusun Sucen sanget nguri-nguri tradisi pramila Nyadran tetep dipun leksanakaken,warga Dhusun sucen boten badhe saha boten wantun nilar tradisi Nyadran.
- Heri : Menapa wonten sajen wonten ing upacara Nyadran menika mas?
- Mas Bambang : Wonten, wanci dalu saderengipun Nyadran menika wonten Sajen wujud Wedang santen, kopi,teh,menyan lan juwadah pasar ( jajanan saking pasar )
- Heri : Menapa sadranan menika kedah dipunpentasaken Sandhul mas
- Mas Bambang :Menawi Sadranan Kali Suci menika wiwit jaman rumiyin kedah dipunpentasaken Sandhul, menika sampun dados tradisi,menawi boten dipunpentasaken pada wedos menawi wonten menapa-menapa mas.

### **Waktu pelaksanaan**

- Heri : Wekdalipun ngleksanakaken nyadran menika pathokaning menapa?
- Mas Bambang : Nyadran ing Dusun sucen pathokanipun wonten kalih; Nyadran ing wulan Suro Inggih menika Nyadran lepen Banger pathokanipun tanggal 1 suro, Nyadran ing wulan Rejeb Inggih menika Nyadran lepen Suci ( Kali Suci ) saha Wulan Ruwah Inggih menika Nyadran Sarean umum pathokanipun dinten Jemuwah kliwon.
- Heri : Panjenengan ndherek upacara Nyadran menika wiwit tahun pinten mas?
- Mas Bambang : Wiwit alit kula sampun nderek kenduren Nyadran
- Heri : Lampahan upacara nyadran menika kados pundi mas?
- Mas Bambang : Menawi Upacara Nyadran Lepen enjing saderengipun Kenduren Sami resesik lepen, dene menawai Nyadran Sarean sedinten sakderengipun Nyadran warga sami resesik sarean saha dalunipun maos tahlil ing masjid utawi mushola, Kenduren Nyadran dipun leksanakaken ba'da sholat Jum'at utawi sholat dzuhur.

Heri : Maknanipun Nyadran kagem Dhusun Sucen menika menapa mas?

Mas Bambang : Makna Nyadran kagem warga Dusun Sucen saget minangka sarana raket ing raos pasedherekan, tambah ing raos syukur sedaya kanugrahaning gusti Allah, sami eling dongakaken para leluhur ingkang sampun seda, saha mbangun kiating gotong-royong.

### **Kali suci**

Heri : Miturut cariyos Kali suci menika wontenipun wiwit tahun pinten mas ?

Mas Bambang : Menawi tahunipun boten wonten sumber ingkang jelas, namung kyai Kudana rawangsa ingkang sesuci ing mriku satemah dipun wastani Kali Suci menika nalika jaman Kasultanan Mataram Ngayogyakarta nalika dipun asti Kanjeng Sultan Agung.

Heri : Kompleks kali suci menika kaperang dados menapa kemawon?

Mas Bambang : Menawi samnika wonten *bak penampungan* toya, papan kagem siram lan kabetahan sanesipun, saha Mushola.

Heri : Kados pundi cariyosipun kali suci menika mas ?

Mas Bambang : Kali Suci menika Rumiyan namung kados limrahipun Kali utawi lepen namung lajeng kagem sesuci Kyai Kudana rawangsa sasampunipun menika lajeng dipun wastani Kali suci.

Heri : Menapa kali suci menika kedah dipunbangun lepen mas?

Mas Bambang : Inggih mas, supados para warga saget ngginakaken toya kagem kabetahan saben dinten saha supados sami eling bilih papan menika sampun kagem susuci tiyang Linuwih, ing pangajab supados sami tambah Iman dumateng gusti Allah saha sami sregep ngibadah.

Heri : Menapa kompleks kali suci kedah dipunbangun mushola?

Mas Bambang : Inggih Supados sami emut bilih Kali Suci menika petilasanipun tiyang ingkang Sregep ngibadah, satemah sami nuladha tindhak lampahipun Kyai Kudana rawangsa.

Heri : Menapa wonten cariyosipun menapa kompleks kali suci menika wonten musholanipun ?

Mas Bambang : Mangertose kula menika namung tetenger kajeng menika.

Heri : Menapa kedah dipunadhani nyadran kali suci,ancasipun menapa ?

Mas Bambang: Menika minangka wujud raos syukur dumateng gusti Allah awit sampun dipun paringi toya minangka kabetahaning warga saha supados sami emut dumateng Kyai Kudana rawangsa ingkang sesuci ing mriku satemah sedaya warga Dusun Sucen sami ngrasuk Agami Islam.

### **Kenduren**

Heri : Kenduren wonten ing Dhusun Sucen menika dipunadani nalika mengeti menapa kemawon ?

Mas Bambang : Kenduren dipun adani nalika hajatan pribadi kadosta: wiwit pari,damel griya, mitoni,tedhak siten,lsp . saha hajatan umum kadosta : Nyadran,pengetan Maulid Nabi,malem selikur pasa ramadhan,syawalan,lsp.

Heri : Kenduren sadranan menika dipunpengeti dinten menapa kemawon?

Mas bambang : Nyadran ing wulan Suro Inggih menika Nyadran lepen Banger pathokanipun tanggal 1 suro, Nyadran ing wulan Rejeb Inggih menika Nyadran lepen Suci ( Kali Suci ) saha Wulan Ruwah Inggih menika Nyadran Sarean umum pathokanipun dinten Jemuwah kliwon.

Heri : Menapa kemawon panganan ingkang kedah wonten ing upacara kenduren menika?

Mas Bambang : Tumpeng,Golong,Ingkung,janganan ( lawuh ), kerupuk. Kenduren hajatan *khusus* kadosta upacara manten saha wiwit pari dipun tambah kupat,jajanan pasar,lsp

Heri : Wiwit tahun pinten jenengan ndherek kenduren ?

Mas bambang : Wiwit taksih alit, kirang langkung tahun 70 an

Heri : Kados pundi atur pasrah kenduri utawi doa sakderengipun kenduri mas?

Mas Bambang : Al Fatihah lajeng doa Sapu Jagad

- Heri : Wonten pundi kemawon papanipun kenduri?
- Mas bambang : Wonten ing ngajeng Masjid utawi Mushola, Balai dusun,griya,dalan prapatan, papan petilasan,lsp
- Heri : Menapa ancasipun kenduri menika mas ?
- Mas Bambang : Nyuwun keslametan saha nyuwun keberkahan
- Heri : Menapa ancasipun kenduri mliginipun kenduri nalika Nyadran kali suci ?
- Mas bambang : Nyuwun keslametan, nyuwun keberkahan, wujuding raos syukur ,saha Supados sami emut bilih Kali Suci menika petilasanipun tiyang ingkang Sregep ngibadah, satemah sami nuladha tindhak lampahipun Kyai Kudana rawangsa.
- Heri : Kenduri nalika sadranan kali suci wekdalipun dinten menapa saha tabuh pinten limrahipun mas?
- Mas Bambang : Dintenipun jemuwah kliwon Wulan Rejeb kirang langkung tabuh 13.00 WIB utawi ba'da Sholat Jum'at.

**Cathetan Refleksi :**

1. Nyadran menika tradisi kagem pengetan utawi kedadosan papan, petilasan, lepen,sarean, lan sanes-sanesipun. saha minangka wujud raos syukur awit wontenipun saha kedadosanipun papan,petilasan,lepen. Dene menawi Nyadran sarean kejawi raos syukur taksih dipunparingi gesang, para warga lajeng sami emut dongakaken para leluhur ingkang sampun seda.
2. Miturut jaman rumiyin Kali Suci dados sesuci Kyai Kudanarawangsa.
3. Makna Nyadran kagem warga Dusun Sucen saget minangka sarana raking raos pasedherekan,tambahing raos syukur sedaya kanugrahaning gusti Allah,sami eling dongakaken para leluhur ingkang sampun seda, saha mbangun kiating gotong-royong.
4. Nyadran ing wulan Suro Inggih menika Nyadran lepen Banger pathokanipun tanggal 1 suro, Nyadran ing wulan Rejeb Inggih menika



Nyadran lepen Suci ( Kali Suci ) saha Wulan Ruwah Inggih menika  
Nyadran Sarean umum pathokanipun dinten Jemuwah kliwon.

**Catatan Lapangan Wawancara ( CLW 02 )**

**Informan** : Bapak Paridi  
**Yuswa** : 58 tahun  
**Pakaryan** :Tani  
**Alamat** :Dusun Sucen RT 01 RW 05  
**Dinten/ tanggal** : Selasa 28 mei 2013  
**Papan** :Dalemipun Bapak Paridi  
**Wekdal** : 19.00-20.00 WIB  
**Kalenggahan** : Juru Kunci Kali Suci

**Asal usul Nyadran**

Heri : Masarakat Sucen pakaryanipun ingkang kathah menapa pak ?  
 Bapak Paridi : Masarakat mriki sedaya tani mas  
 Heri : Masarakat mriki agamanipun ingkang kathah menapa pak ?  
 Bapak Paridi : Agama Islam sedaya ananging Islam Kejawen menika mas, dados tradisi Jawanipun taksih wonten.  
 Heri : Nyadran menika maknanipun menapa pak?  
 Bapak Paridi : Nyadran menika namung mengeti kedadean kali suci menika miturut kula, maknanipun inggih menika dados raos syukur sampun dipunparingi toya.  
 Heri :Inkang sepisan ngawontenaken upacara Nyadran wonten ing Dhusun Sucen menika sinten pak?  
 Bapak Paridi : Nyadran ing Dhusun Sucen dipunwiwiti kaliyan simbah-simbah rumiyin  
 Heri : Menapa Nyadran wonten ing Dhusun Sucen menika kedah dipunleksanakaken, menawi boten kados pundi pak?  
 Bapak Paridi : Menika sampun dados tradisi wiwit jaman rumiyin , pramila warga Dhusun Sucen kedah mengeti tadisi menika amargi wedos kesiku .

Heri : Menapa wonten sajen wonten ing upacara Nyadran menika mas?

Bapak Paridi : Wonten, wanci dalu wonten dalemipun kula saderengipun Nyadran menika wonten Sajen wujud Wedang santen, kopi,teh,menyan lan juwadah pasar ( jajanan saking pasar ) ingkang sak mangkih dipunbeto wonten ing Kali Suci menika.

Heri : Menapa sadranan menika kedah dipunpentasaken Sandhul pak?

Bapak Paridi : Menika wiwit jaman rumiyin sampun dados tradisi mas, dados kedah dipunleksanakaken Sandhul.

### **Waktu pelaksanaan**

Heri : wekdalipun ngleksanakaken nyadran menika pathokaning menapa?

Bapak Paridi : Nyadran menika wonten kalih inggih menika Nyadran ing wulan Suro Inggih menika Nyadran lepen Banger pathokanipun tanggal 1 suro, Nyadran ing wulan Rejeb Inggih menika Nyadran lepen Suci ( Kali Suci ) saha Wulan Ruwah Inggih menika Nyadran Sarean umum pathokanipun dinten Jemuwah kliwon.

Heri : Panjenengan ndherek upacara Nyadran menika wiwit tahun pinten pak?

Bapak Paridi : Wiwit jaman simbah biyen kula sampun dherek mas.

Heri : Lampahan upacara nyadran menika kados pundi pak?

Bapak Paridi : Menawi nyadran lepen kali suci menika dipunwiwiti saking reresik kali suci ingkang dipunadani kinten-kinten tabuh 07.00 WIB, lajeng kenduren kinten-kinten tabuh 01.00 WIB lajeng pentas Seni Sandhul dados pungkasan kinten-kinten tabuh 03.00 WIB.

Heri : Maknanipun Nyadran kagem Dhusun Sucen menika menapa pak?

Bapak Paridi : Nyadran miturut warga mriki menika dados raos syukur sampun dipunparingi toya ingkang kathah lan migunani tumrap sedaya masarakat Sucen mriki.

### **Kali suci**

Heri : Miturut cariyos Kali suci menika wontenipun wiwit tahun pinten pak?

- Bapak Paridi : Menawi tahunipun kula kirang mangertos anaging ingkang bubak menika kyai Kudana rawangsa ingkang sesuci ing mriku satemah dipunwastani Kali Suci menika nalika jaman Kasultanan Mataram Ngayogyakarta nalika dipunasta Kanjeng Sultan Agung menika cariyosipun miturut simbah rumiyin.
- Heri : Kompleks kali suci menika kaperang dados menapa kemawon?
- Bapak Paridi : *Bak penampungan* toya, papan kagem siram lan kabetahan sanesipun, saha Mushola.
- Heri : Kados pundi cariyosipun kali suci menika pak?
- Bapak Paridi : Kali Suci menika lepen ingkang dados sesuci Kyai linuwih inggih menika Kyai Udanarawangsa lajeng lepen menika dipunwastani Kali Suci.
- Heri : Menapa kali suci menika kedah dipunbangun lepen pak?
- Bapak Paridi : Inggih mas, supados toya kala wau saged dipunginakaken kaliyan sedaya warga masarakat Sucen lan masarakat sak kiwa tengenipun lepen.
- Heri : Menapa komplek kali suci kedah dipunbangun mushola?
- Bapak Paridi : Inggih Supados sami emut bilih Kali Suci menika petilasanipun tiyang ingkang Sregep ngibadah.
- Heri : Menapa wonten cariyosipun menapa kompleks kali suci menika wonten musholanipun ?
- Bapak Paridi : Miturut tiyang rumiyin menika Mushola Kali Suci menika dipunbangun namung tetenger kayu sing tibo kui, dados kayu tibo kui didadekake arah kiblat trus dibangun Mushola trus dijenengi Mushola Kali Suci”.
- Heri : Menapa kedah dipunadhani nyadran kali suci,ancasipun menapa ?
- Bapak Paridi : Menika minangka wujud raos syukur dumateng gusti Allah awit sampun dipun paringi toya minangka kabetahaning warga saha supados sami emut dumateng Kyai Kudana rawangsa ingkang sesuci ing mriku satemah sedaya warga Dusun Sucen sami ngrasuk Agami Islam.

## **Kenduren**

- Heri : Kenduren wonten ing Dhusun Sucen menika dipunadani nalika mengeti menapa kemawon ?
- Bapak Paridi : Kenduren dipunadani nalika wiwit pari,damel griya, mitoni,tedhak siten, Nyadran,pengetan Maulid Nabi,malem selikur pasa ramadhan,syawalan.
- Heri : Kenduren sadranan menika dipunpengeti dinten menapa kemawon?
- Bapak Paridi : Nyadran ing wulan Suro Inggih menika Nyadran lepen Banger pathokanipun tanggal 1 suro, Nyadran ing wulan Rejeb Inggih menika Nyadran lepen Suci ( Kali Suci ) saha Wulan Ruwah Inggih menika Nyadran Sarean umum pathokanipun dinten Jemuwah kliwon.
- Heri : Menapa kemawon panganan ingkang kedah wonten ing upacara kenduren menika?
- Bapak Paridi : Tumpeng,Golong,Ingkung,janganan ( lawuh ), kerupuk. Kenduren hajatan *khusus* kadosta upacara manten saha wiwit pari namung dipuntambah kupat,jajanan pasar limrahipun menika mas.
- Heri : Wiwit tahun pinten jenengan ndherek kenduren ?
- Bapak Paridi : Wiwit taksih alit kula mes sampun dherek kenduren
- Heri : Kados pundi atur pasrah kenduri utawi doa sakderengipun kenduri mas?
- Bapak Paridi : Yo sing penting dipunwiwiti bismillah lajeng maos Surat Al fatihah.
- Heri : Wonten pundi kemawon papanipun kenduri?
- Bapak Paridi : Wonten ing ngajeng Masjid utawi Mushola, Balai dusun,griya,dalan prapatan, papan petilasan,menika ingkang limrah.
- Heri : Menapa ancasipun kenduri menika pak?
- Bapak Paridi : Nyuwun keslametan saha nyuwun berkahipun Gusti Allah

Heri : Menapa ancasipun kenduri mliginipun kenduri nalika Nyadran kali suci ?

Bapak Paridi : Wujuding raos syukur ,

Heri : Kenduri nalika sadranan kali suci wekdalipun dinten menapa saha tabuh pinten limrahipun mas?

Bapak Paridi : Dintenipun jumat kliwon Wulan Rejeb kirang langkung tabuh 13.00 WIB utawi ba'da Sholat Jum'at.

**Cathetan Refleksi :**

1. Kali Suci ingkang bubak menika kyai Kudana rawangsa ingkang sesuci ing mriku satemah dipunwastani Kali Suci menika nalika jaman Kasultanan Mataram Ngayogyakarta nalika dipunasta Kanjeng Sultan Agung.
2. Nyadran Kali Suci minangka wujud raos syukur dumateng gusti Allah awit sampun dipun paringi toya minangka kabetahaning warga saha supados sami emut dumateng Kyai Kudanarawangsa ingkang sesuci ing mriku satemah sedaya warga Dusun Sucen sami ngrasuk Agami Islam.
3. Inggih dipunginakaken nalika kenduren inggih menika Tumpeng, Golong, Inggih, janganan ( lawuh ), kerupuk. Kenduren hajatan *khusus* kadosta upacara manten saha wiwit pari namung dipuntambah kupat, jajanan pasar.

**Catatan Lapangan Wawancara ( CLW 03 )**

**Informan** : Bapak Sam'ani  
**Yuswa** : 45 tahun  
**Pakaryan** :Tani  
**Alamat** :Dusun Sucen RT 01 RW 04  
**Dinten/ tanggal** : Selasa 28 mei 2013  
**Papan** :Dalemipun Bapak Sam'ani  
**Wekdal** : 20.00-21.00 WIB  
**Kalenggahan** : Kaur kesra (Mudin/ Kaum)

**Asal usul Nyadran**

Heri : Masarakat Sucen pakaryanipun ingkang kathah menapa pak ?

Bapak Sam'ani :Dados petani kopi kaliyan petani cengkeh ingkang dados penghasilan utama.

Heri : Masarakat mriki agamanipun ingkang kathah menapa pak ?

Bapak Sam'ani : Wonten mriki menika sedaya masarakatipun agamanipun islam namung bab tradisi Jawataksih dipunlestantunaken, ingkang wonten ing desa Sucen kui ana mertu tani,sadranan yaiku sadraman kali suci, sadranan kali banger, sadranan sarean, mitoni, lan kenduren kenduren nang acara-acara kaya nyemplung sawah, arak panen brang kae iseh mesti dilakoni kaliyan tiyang-tiyang Sucen.

Heri : Nyadran menika maknanipun menapa pak?

Bapak Sam'ani : Sadranan kui bersih Desa namung menawi nyadran kali inggih menika resik-resik kali

Heri :Inggang sepisan ngawontenaken upacara Nyadran wonten ing Dhusun Sucen menika sinten pak?

Bapak Sam'ani : Para pembubak Desa Sucen inggih menika nenek moyang kula lan jenengan menika

Heri : Menapa Nyadran wonten ing Dhusun Sucen menika kedah dipunleksanakaken, menawi boten kados pundi pak?

Bapak Sam'ani : Ora kudu ananging sampun dados naluri tiyang Jawi ingkang dados kebiasaan menika dados wajib, kaya sing wes dingendikakake para ulama : al adatul mukhakamah inggih menika setiap pengadatan masarakat kui bisa dumunung dadi hukum.

Heri : Menapa wonten sajen wonten ing upacara Nyadran menika mas?

Bapak Sam'ani : Menawi sajen kula boten mangertos menapa kemawon menika

Heri : Menapa sadranan menika kedah dipunpentasaken Sandhul pak?

Bapak Sam'ani : Menika sampun dados tradisi kaya sing dingendikakaken para ulama kala wau inggih menika al adatul mukhakamah inggih menika tradisi ingkang sampun dados kuwajiban, dados sadranan Kali Suci kedah dipunpentasaken Sandhul.

### **Waktu pelaksanaan**

Heri : Wekdalipun ngleksanakaken nyadran menika pathokaning menapa?

Bapak Sam'ani : Nyadran ing wulan Suro Inggih menika Nyadran lepen Banger pathokanipun tanggal 1 suro, Nyadran ing wulan Rejeb Inggih menika Nyadran lepen Suci ( Kali Suci ) saha Wulan Ruwah Inggih menika Nyadran Sarean umum pathokanipun dinten Jemuwah kliwon.

Heri : Panjenengan ndherek upacara Nyadran menika wiwit tahun pinten pak?

Bapak Sam'ani : Wiwit alit kula derek sadranan

Heri : Lampahan upacara nyadran menika kados pundi pak?

Bapak Sam'ani : nyadran kui dipunwiwiti resesik kali suci

Heri : Maknanipun Nyadran kagem Dhusun Sucen menika menapa pak?



Bapak Sam'ani : Menika raos syukur sampun dipunparingi toya ingkang melimpah ,lan kanggo rasa syukure menika wenginipun pada munajat maring Pangeran

### **Kali suci**

- Heri : Miturut cariyos Kali suci menika wontenipun wiwit tahun pinten pak?
- Bapak Sam'ani : Wali pengembara ingkang badhe sholat subuh lajeng sesuci wonten lepen menika
- Heri : Kompleks kali suci menika kaperang dados menapa kemawon?
- Bapak Sam'ani : *Bak penampungan* toya, papan kagem siram lan kabetahan sanesipun, saha Mushola.
- Heri : Kados pundi cariyosipun kali suci menika pak?
- Bapak Sam'ani : Kali Suci menika lepen ingkang dados sesuci kala wau
- Heri : Menapa kali suci menika kedah dipunbangun lepen pak?
- Bapak Sam'ani : Inggih mas,supados dados manfaat masarakat Dhusun Sucen
- Heri : Menapa komplek kali suci kedah dipunbangun mushola?
- Bapak Sam'ani : Inggih, kaitane kaliyan raos syukur kala wau ,ora mung syukure ati wae ananging dibarengi syukure raga inggih menika ngibadah marang Gusti.
- Heri : Menapa wonten cariyosipun menapa kompleks kali suci menika wonten musholanipun ?
- Bapak Sam'ani : Miturut pangertosan kula menika namung tetenger kajeng wonten Kali Suci menika
- Heri : Menapa kedah dipunadhani nyadran kali suci,ancasipun menapa ?
- Bapak Sam'ani : Menika minangka wujud raos syukur dumateng gusti Allah

### **Kenduren**

- Heri : Kenduren wonten ing Dhusun Sucen menika dipunadani nalika mengeti menapa kemawon ?
- Bapak Sam'ani : Kenduren dipunadani nalika ana hajadan desa utawi hajatan sanesipun kados to manten,wiwit pari lsp
- Heri : Kenduren sadranan menika dipunpengeti dinten menapa kemawon?
- Bapak Sam'ani : Nyadran ing wulan Suro Inggih menika Nyadran lepen Banger inggih menika tanggal 1 suro, Nyadran ing wulan Rejeb Inggih menika Nyadran lepen Suci ( Kali Suci ) saha Wulan Ruwah Inggih menika Nyadran Sarean umum inggih menika dinten Jemuwah kliwon.
- Heri : Menapa kemawon panganan ingkang kedah wonten ing upacara kenduren menika?
- Bapak Sam'ani : Tumpeng,Golong,Ingkung,janganan ( lawuh ), kerupuk menawi sak ngertine kula
- Heri : Wiwit tahun pinten jenengan ndherek kenduren ?
- Bapak Sam'ani : Wiwit taksih alit kula sampun dherek kenduren
- Heri : Kados pundi atur pasrah kenduri utawi doa sakderengipun kenduri Pak?
- Bapak Sam'ani : Maos doa selamat inggih menika doa sapu jagad.
- Heri : Wonten pundi kemawon papanipun kenduri?
- Bapak Sam'ani : Wonten ing ngajeng Masjid utawi Mushola, Balai dusun,griya,dalan prapatan, papan petilasan,menika ingkang limrah.
- Heri : Menapa ancasipun kenduri menika pak?
- Bapak Sam'ani : Nyuwun keslametan Gusti Allah
- Heri : Menapa ancasipun kenduri mliginipun kenduri nalika Nyadran kali suci ?
- Bapak Sam'ani : Wujudipun raos syukur ,

Heri : Kenduri nalika sadranan kali suci wekdalipun dinten menapa saha tabuh pinten limrahipun pak?

Bapak Sam'ani : Dintenipun jumat kliwon Wulan Rejeb kirang langkung nggih limrahipun tabuh 13.00 WIB utawi ba'da Sholat Jum'at.

**Cathetan Refleksi :**

1. Masarakat Desa Sucen agamanipun islam namung bab tradisi Jawa taksih dipunlestantunaken, ingkang wonten ing desa Sucen kui ana mertu tani, sadranan yaiku sadraman kali suci, sadranan kali banger, sadranan sarean, mitoni, lan kenduren kenduren nang acara-acara kaya nyemplung sawah, arak panen brang kae iseh mesti dilakoni kaliyan tiyang-tiyang Sucen.
2. Nyadran ing wulan Suro Inggih menika Nyadran lepen Banger inggih menika tanggal 1 suro, Nyadran ing wulan Rejeb Inggih menika Nyadran lepen Suci ( Kali Suci ) saha Wulan Ruwah Inggih menika Nyadran Sarean umum inggih menika dinten Jemuwah kliwon.

**Catatan Lapangan Wawancara ( CLW 04 )**

**Informan** : Bapak Sunoto  
**Yuswa** : 55 tahun  
**Pakaryan** : Tani  
**Alamat** : Dusun Sucen RT 01 RW 04  
**Dinten/ tanggal** : Selasa 28 mei 2013  
**Papan** : Dalemipun Bapak Sunoto  
**Wekdal** : 21-22.00 WIB  
**Kalenggahan** : Kepala Dhukuh Sucen

**Asal usul Nyadran**

Heri : Masarakat Sucen pakaryanipun ingkang kathah menapa pak ?  
 Bapak Sunoto : Menawi wonten Desa Sucen menika tiyang ndesa sedanten dados ingkang kathah inggih menika pakaryanipun dados tani inggih menika petani kopi saha petani cengkeh ingkang kathah  
 Heri : Masarakat mriki agamanipun ingkang kathah menapa pak ?  
 Bapak Sunoto : Masarakat Dhusun Sucen sedaya Agama Islam namung bab tradisi Jawa taksih wonten.  
 Heri : Nyadran menika maknanipun menapa pak?  
 Bapak Sunoto : Nyadran menika miturut kula menika mujudaken raos syukur sampun dipunparingi toya ingkang wonten lepen Kali Suci menika  
 Heri : Inkang sepisan ngawontenaken upacara Nyadran wonten ing Dhusun Sucen menika sinten pak?  
 Bapak Sunoto : Nyadran dipunwiwiti kaliyan ingkang bubak Dhusun Sucen menika  
 Heri : Menapa Nyadran wonten ing Dhusun Sucen menika kedah dipunleksanakaken, menawi boten kados pundi pak?

Bapak Sunoto : Menika sampun dados tradisi wiwit jaman rumiyin ingkang kedah dipunlestantunaken, tiyang Jawi menika ampun nilar tradisi ingkang sampun wonten.

Heri : Menapa wonten sajen wonten ing upacara Nyadran menika mas?

Bapak Sunoto : Wonten, menawi sajen ingkang saged jelasaken menika Bapak Paridi amargi Bapak Paridi menika ingkang dados juru kunci Kali Suci menika.

Heri : Menapa sadranan menika kedah dipunpentasaken Sandhul ?

Bapak Sunoto : Inggih menika sampun adate masaraket mriki kedah dipunpentasaken Sandhul nalika Sadranan Kali Suci.

### **Waktu pelaksanaan**

Heri : Wekdalipun ngleksanakaken nyadran menika pathokaning menapa?

Bapak Sunoto : Nyadran menika wonten kalih inggih menika Nyadran ing wulan Suro Inggih menika Nyadran lepen Banger pathokanipun tanggal 1 suro, Nyadran ing wulan Rejeb Inggih menika Nyadran lepen Suci ( Kali Suci ) saha Wulan Ruwah Inggih menika Nyadran Sarean umum pathokanipun dinten Jemuwah kliwon.

Heri : Panjenengan ndherek upacara Nyadran menika wiwit tahun pinten pak?

Bapak Sunoto : Kula menika sampun 22 tahun dados Kadus,wiwit cilik menika kula sampun dherek upacara Nyadran, apa maneh ana acara pentas Sandhul.

Heri : Lampahan upacara nyadran menika kados pundi pak?

Bapak Sunoto : Urutanipun menika dipunwiwiti reresik Kali Suci lajeng Kenduren lan pungkasanipun dipunpentasaken Sandhul

Heri : Maknanipun Nyadran kagem Dhusun Sucen menika menapa pak?

Bapak Sunoto : Nyadran miturut kula lan warga mriki menika dados raos syukur sampun dipunparingi toya ingkang kathah lan migunani tumrap sedaya masarakat Sucen mriki.

### **Kali suci**

Heri : Miturut cariyos Kali suci menika wontenipun wiwit tahun pinten pak?

Bapak Sunoto : Menawi tahunipun kula kirang mangertos anaging ingkang bubak menika Kyai Kudana rawangsa ingkang sesuci ing mriku

Heri : Kompleks kali suci menika kaperang dados menapa kemawon?

Bapak Sunoto : Bak, papan kagem siram, wit sana kebo lan wit ipik saha Mushola.

Heri : Kados pundi cariyosipun kali suci menika pak?

Bapak Sunoto : Kali Suci menika lepen ingkang dados sesuci Kyai linuwih inggih menika Kyai Udandarawangsa lajeng lepen menika dipunwastani Kali Suci.

Heri : Menapa kali suci menika kedah dipunbangun lepen pak?

Bapak Sunoto : Supados dipunmanfaataken kaliyan warga mriki toyanipun.

Heri : Menapa komplek kali suci kedah dipunbangun mushola?

Bapak Sunoto : Supados para warga wonten sekitar Kali Suci menika saged sregep ngibadah

Heri : Menapa wonten cariyosipun menapa kompleks kali suci menika wonten musholanipun ?

Bapak Sunoto : Miturut tiyang rumiyin menika Mushola Kali Suci menika dipunbangun namung tetenger kayu sing tibo kui saking wt sana kebo.

Heri : Menapa kedah dipunadhani nyadran kali suci,ancasipun menapa ?

Bapak Sunoto :Menika minangka wujud raos syukur dumateng gusti Allah

### **Kenduren**

Heri : Kenduren wonten ing Dhusun Sucen menika dipunadani nalika mengeti menapa kemawon ?

Bapak Sunoto : Kenduren dipunadani nalika wiwit pari,damel griya, mitoni,tedhak siten, Nyadran,pengetan Maulid Nabi,malem

selikur pasa ramadhan,syawalan.kathah sanget amargi masarakat wonten ing mriki taksih kental tradisi Jawanipun.

- Heri : Kenduren sadranan menika dipunpengeti dinten menapa kemawon?
- Bapak Sunoto : Nyadran ing wulan Suro Inggih menika Nyadran lepen Banger tanggal 1 suro, Nyadran ing wulan Rejeb Inggih menika Nyadran lepen Suci ( Kali Suci ) saha Wulan Ruwah Inggih menika Nyadran Sarean umum dinten Jemuwah kliwon.
- Heri : Menapa kemawon panganan ingkang kedah wonten ing upacara kenduren menika?
- Bapak Sunoto : Menawi mangertose kula namung Tumpeng,Golong,Ingkung,janganan ( lawuh ), kerupuk. Menika ingkang limrahipun wonten nalika kenduren.
- Heri : Wiwit tahun pinten jenengan ndherek kenduren ?
- Bapak Sunoto : Wiwit jaman biyen
- Heri : Kados pundi atur pasrah kenduri utawi doa sakderengipun kenduri mas?
- Bapak Sunoto : Yo sing penting dipunwiwiti bismillah lajeng maos Surat Al fatihah sareng- sareng.
- Heri : Wonten pundi kemawon papanipun kenduri?
- Bapak Sunoto : Wonten ing ngajeng Masjid utawi Mushola kilen napa Mushola wetan, Balai dusun,griya,dalan prapatan, papan petilasan,menika ingkang limrah.
- Heri : Menapa ancasipun kenduri menika pak?
- Bapak Sunoto : Nyuwun keslametan saha nyuwun berkahipun Gusti Allah
- Heri : Menapa ancasipun kenduri mliginipun kenduri nalika Nyadran kali suci ?
- Bapak Sunoto : Wujuding raos syukur kuwi mau
- Heri : Kenduri nalika sadranan kali suci wekdalipun dinten menapa saha tabuh pinten limrahipun mas?

Bapak Sunoto : Dintenipun jumat kliwon Wulan Rejeb kirang langkung tabuh  
13.00 WIB utawi ba'da Sholat Jum'at. Inggang sampun sampun  
kirang langkung jam semonten

**Cathetan Refleksi :**

1. Nyadran menika wonten kalih inggih menika Nyadran ing wulan Suro Inggih menika Nyadran lepen Banger pathokanipun tanggal 1 suro, Nyadran ing wulan Rejeb Inggih menika Nyadran lepen Suci ( Kali Suci ) saha Wulan Ruwah Inggih menika Nyadran Sarean umum pathokanipun dinten Jemuwah kliwon.
2. Nyadran miturut warga mriki menika dados raos syukur sampun dipunparingi toya ingkang kathah lan migunani tumrap sedaya masarakat Sucen mriki.
3. Kenduren dipunadani dintenipun jumat kliwon Wulan Rejeb kirang langkung tabuh 13.00 WIB utawi ba'da Sholat Jum'at



**Catatan Lapangan Wawancara ( CLW 05 )**

**Informan : Yamidi**

**Yuswa :55 tahun**

**Pakaryan :Tani**

**Alamat :Dusun Sucen RT 01 RW 04**

**Dinten/ tanggal : Rabu 29 mei 2013**

**Papan :Dalemipun Bapak Yamidi**

**Wekdal :15.00- 16.00 WIB**

**Kalenggahan :wiyaga**

Heri : Nyuwun pangapunten bapak,naminipun kesenian Sandhul menika menapa nggih?

BapakYamidi : Jenenge kesenian Sandhul ing Desa Sucen yaiku Sandhul Sekar Kali Suci

Heri : Menawi sipatipun Kesenian Sandhul kali suci menika menapa Bapak?

BapakYamidi : Sipat kesenian sandhul yaiku tradisional kerakyatan religius Islami

Heri : Tahun pinten kinten kinten kesenian Sandhul menika wonten bapak?

BapakYamidi : Ya kira kira tahun 1950 kui nk sak ngertine enyong

Heri : Sinten bapak ingkang dados pendiri kesenian Sandhul menika?

BapakYamidi : Sing ngedekake nek miturut wong biyen yaiku Mbah Uda

Heri : Pinten cacahipun wiyaga saha penari wonten ing kesenian Sandhul menika Pak?

BapakYamidi : Ya nk biyen akeh tapi nek sakiki sing kedaftar kira kira wong 20 kui wiyaga ,penari saha penguruse.

Heri : para paragane tiyang pundi kemawon pak ?

Bapak Yamidi : Seni Sandhul kui wes dadi agenda rutin Masyarakat Desa Sucen, papan saha para paragane kui warga Dhusun sucen kabeh sebab Kali Suci kui mapan ana ing Dhusun Sucen.

Heri : para paraganipun menika tiyang- tiyang sepuh menapa tiyang-tiyang enem pak?

Bapak Yamidi : Dadi warga kene ingkang mudha-mudhi biasane ingkang gawe panggung lan bagian keamanan nalika pentas, lan sing sepuh-sepuh dadi panitia lan dados pemain utawa paraga Sandhul kui kudu wong sing wes ngerti bab Uriping manungsa.

Heri : Kesenian sandhul menika dipunpentasaken wonten pundi kemawon Pak?

Bapak Yamidi : Wah, ya wes akeh, wes tau pentas nang hari jadi Kota Temanggung, lomba nang Semarang, lan pentas nang Desa sak kiwa tengene.

Heri : Kesenian Sandhul menika dipunpentasaken dinten menapa kemawon Pak?

Bapak Yamidi : Ya ra mesti nek dinane tp sing mesti kui ya nang sadranan kali suci kui, nek ana sing nanggap ya pentas.

Heri : Kados pundi cariyosipun kesenian Sandhul menika bapak?

Bapak Yamidi : Kesenian Sandhul kui nyritakake Kyai Balahum. Kyai Balahum kui Kyai ingkang sabar, bijaksana saha solah bawane apik. Salah satunggaling dino Kyai Balahum dipunuji iman edumateng Allah swt iku Kyai Balahum kelangan kitabe. Sak wise kui Kyai Balahum suudzon karo santrine. Santri trus dipateni. Santri kui dipateni kanthi dibelah wetenge. Ananging seka wetenge santri kui metu getih putih, kui nandakake nek santri kui ora salah. Ia, sakwise kui Kyai Balahum ngrasa salah lan kanggo nebus kesalahane kui Kyai Balahum kui dakwah ngangga kesenian kang diarani Sandhul kui. ngana critane sak ngertine enyong.

Heri : Kawruh kautamen ingkang kados pundi ingkang saged dipunpendhet wonten ing kesenian Sandhul menika?

- BapakYamidi : Kawruh kautaman kui apa, apa pada karo pelajaran ngana apa?, nk iyo berarti pelajaran kang ana nang Sandhul kui akeh banget nanging sing paling pokok kui Sandhul kui nerangake masalah urip nang alam donya kui kudu duwe sipat sing apik karo liyan,ngono kui sak ngertine enyong.
- Heri : Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet menika wonten pundi kemawon Pak?
- BapakYamidi : Ya kui akeh banget nang critane kui ae akeh tenan sing ngerti takon Mas Bambang.
- Heri : Kawruh kautamen menapa bapak ingkang saged dipunpendhet saking Mbabadi manika?
- BapakYamidi : Kui barang enyong ora mudeng ning nk mbabadi kui ngawali sak ngertine enyong
- Heri : Menawi saking Badhut ngarep kawruh kautamen menapa ingkang saged dipunpendhet?
- BapakYamidi : Nek badhut ngarep kui sing sok nari Mas edi, kui nyritakake wong urip nang alam donya kui
- Heri : Bapak, menawi saking adegan Lengger menika menapa mawon kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet?
- BapakYamidi : Nek lengger kui sing nari kudu wong wedok, nk kui nyritakake wong urip bebrayan nang kluwarga.
- Heri : Menawi saking adegan Sandhul, kawruh kautamen menapa kemawon ingkang saged dipunpendhet?
- BapakYamidi : Sandhul kui nyritakake Kyai Balahum kui.
- Heri : Saking adegan Cepuk menika menapa kemawon kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet Pak?
- Bapak Yamidi : Nek Cepuk kui nyritakake bocah sing dugal kui sak ngertine enyong.

**Cathetan Refleksi :**

1. Kesenian Sandhul nyariyosaken Kyai Balahum. Kyai Balahum inggih menika Kyai ingkang sabar, wijaksana saha solah bawane sae. Salah satunggaling dinten Kyai Balahum dipunuji imanedumateng Allah swt, Kyai Balahum ical kitabipun. Sak sampunipun Kyai Balahum suudzon kaliyan santrinipun. Santri lajeng dipejahi. Santri menika dipunpejahi kanthi dibelah wetenge. Ananging seka wetenge santri menika medal rahipun putih, menika nandakake menawi santri menika boten lepat. lajen saksampunipun Kyai Balahum ngrasa lepat lan kanggo nebus kalepatanipun Kyai Balahum menika dakwah lumantar kesenian kang diarani Sandhul.
2. Kesenian Sandhul menika kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet inggih menika bab urip manungsa kedaha gadah sipat ingkang sae marang tiyang sanes.

**Catatan Lapangan Wawancara ( CLW 06 )**

**Informan : Mbah Mangun**

**Yuswa :75 tahun**

**Pakaryan :Tani**

**Alamat :Dusun Sucen RT 05 RW 04**

**Dinten/ tanggal :Rabu 29 mei 2013**

**Papan :Dalemipun Mbah Mangun**

**Wekdal :16.00- 17.00 WIB**

**Kalenggahan :Wiyaga**

Heri : Nyuwun pangapunten Mbah,naminipun kesenian Sandhul menika menapa nggih?

Mbah Mangun : Nek jenengane kui Sandhul Sekar Kali Suci

Heri : Menawi sipatipun Kesenian Sandhul kali suci menika menapa bapak?

Mbah Mangun : Sipate sing priye kui,Mbahne jan ra ngerti

Heri : Tahun pinten kinten kinten kesenian Sandhul menika wonten Mbah?

Mbah Mangun : Nek tahune kira kira tahun 50an wong Mbahne yo gek cilik wes ana

Heri : Sinten bapak ingkang dados pendiri kesenian Sandhul menika?

Mbah Mangun : Mbah Uda kui,Mbah Uda kui disike wong pinter

Heri : Pinten cacahipun wiyaga saha penari wonten ing kesenian Sandhul menika Mbah?

Mbah Mangun : Ya nk biyen akeh tp nk sakiki kie Mbahne ra ngerti, wong Mbahne mung anane nabuh.

Heri : Para paragane tiyang pundi kemawon mbah ?

Mbah Mangun : Sing main kui yo wong Sucen kabeh

- Heri : Para paraganipun menika tiyang- tiyang sepuh menapa tiyang- tiyang enem mbah?
- Mbah Mangun : Sing tua-tua biasane sing main nek sing enom kon jaga kui.
- Heri : Kesenian sandhul menika dipunpentasaken wonten pundi kemawon Mbah?
- Mbah Mangun : Wah, ya wes akeh, wes tau pentas nang manggung barang disik ke.
- Heri : Kesenian Sandhul menika dipunpentasaken dinten menapa kemawon Mbah?
- Mbah Mangun : Ya ra mesti nek dinane, ning sing kudu ana kui nek nyadran ka li kui.
- Heri : Kados pundi cariyosipun kesenian Sandhul menika Mbah?
- Mbah Mangun : Nek sandhul nyritakake Kyai Balahum mulang agama uwong uwong kui nek sak ngertine mbahne.
- Heri : Kawruh kautamen ingkang kados pundi ingkang saged dipunpendhet wonten ing kesenian Sandhul menika?
- Mbah Mangun : Kawruh kautaman kui apa, mbahne jan ra ngerti,nek sak ngertine mbahne sandhul kui mulang bab agama kui,agama Islam.mung kui sak ngertine mbahne.
- Heri : Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet menika wonten pundi kemawon Pak?
- Mbah Mangun : Wah mbahne jan ora ngerti.
- Heri : Kawruh kautamen menapa Mbah ingkang saged dipunpendhet saking Mbabadi manika?
- Mbah Mangun :-
- Heri : Menawi saking Badhut ngarep kawruh kautamen menapa ingkang saged dipunpendhet?
- Mbah Mangun :-

Heri : Mbah, menawi saking adegan Lengger menika menapa mawon kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet?

Mbah Mangun :-

Heri : Menawi saking adegan Sandhul, kawruh kautamen menapa kemawon ingkang saged dipunpendhet?

Mbah Mangun : Sandhul kui nyritakake Kyai Balahum kui.

Heri : Saking adegan Cepuk menika menapa kemawon kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet mbah?

Mbah Mangun:-

**Cathetan Refleksi :**

1. Kesenian Sandhul menika nyariyosaken Kyai Balahum mulang bab agama.
2. Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet inggih menika kawruh kautamen bab agama mliginipun bab agama Islam.

**Catatan Lapangan Wawancara ( CLW 07 )**

**Informan** :Sriyati  
**Yuswa** :25 tahun  
**Mbakaryan** :Tani  
**Alamat** :Dusun Sucen RT 03 RW 04  
**Dinten/ tanggal** :Rabu 29 mei 2013  
**Papan** :Dalemipun Mbak Sriyat  
**Wekdal** :19.00- 20.00 WIB  
**Kalenggahan** : Pambeksa

Heri :Nyuwun pangapunten Mbak,naminipun kesenian Sandhul menika menapa nggih?

Mbak Sriyati : Sandhul Sekar Kali Suci kui awit biyen jarene jenengane kui mas

Heri : Menawi sipatipun Kesenian Sandhul kali suci menika menapa Mbak?

Mbak Sriyati : Sipat kesenian sandhul sak ngertine aku kerakyatan religius Islami mas kui wae mas Bambang sin omong.

Heri : Tahun pinten kinten kinten kesenian Sandhul menika wonten Mbak?

Mbak Sriyati : wah ora ngerti enyong mas nek tahun pirane soale aku melu sandhul yo gek wae to.

Heri : Sinten Mbak ingkang dados pendiri kesenian Sandhul menika?

Mbak Sriyati :sing ngedekake nek miturut wong biyen yaiku Mbah Uda, nek jenegane asline ora ngerti tapi jarene mung mbah Uda ngono tok.

Heri : Pinten cacahipun wiyaga saha penari wonten ing kesenian Sandhul menika Mbak?

Mbak Sriyati : Ya nk biyen akeh tp nk sakiki sing kedaftar kira kira wong 20an lah kira-kira mas.

Heri : Para paragane tiyang pundi kemawon mbak ?



Mbak Sriyati : Para paragane ya wong sucen kabeh mas.

Heri : Para paraganipun menika tiyang- tiyang sepuh menapa tiyang-tiyang enem mbak?

Mbak Sriyati : Yo sing sepuh sepuh sing wes iso babar urip kang apik

Heri : Kesenian sandhul menika dipunpentasaken wonten pundi kemawon Mbak?

Mbak Sriyati : Wah, ya wes akeh, wes nagdi-nangdi malah.

Heri : Kesenian Sandhul menika dipunpentasaken dinten menapa kemawon Mbak?

Mbak Sriyati : Ya ra mesti nek dinane tp sing mesti kui ya nang sadranan kali suci kui sing kudu ana mas.

Heri : Kados pundi cariyosipun kesenian Sandhul menika Mbak?

Mbak Sriyati : KesenianSandhul kui nyritakake Kyai Balahum,critane aku yo ra patio mudeng mas

Heri : Kawruh kautamen ingkang kados pundi ingkang saged dipunpendhet wonten ing kesenian Sandhul menika?

Mbak Sriyati : Ya pokokmen urip nang donya iki kudu bener lakune ,ngono hae.

Heri : Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet menika wonten pundi kemawon Mbak?

Mbak Sriyati : Akeh banget mas,sak ngertine Mbake nang critane kui wae jarene ana pelajarane,nang sajene utawa nang alate kui wae ana mas,pokokmen kbeh ana pelajarane nek gelem goleki.

Heri : Kawruh kautamen menapa Mbak ingkang saged dipunpendhet saking Mbabadi manika?

Mbak Sriyati : Dadi nglakoni apa wae kudu doa disik mas sak ngertine enyong.

Heri : Menawi saking Badhut ngarep kawruh kautamen menapa ingkang saged dipunpendhet?

Mbak Sriyati : Ora ngerti nek kui mas.

Heri : Mbak, menawi saking adegan Lengger menika menapa mawon kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet?

Mbak Sriyati : Nek kui nyritakake wong urip bebrayan nang kluwarga, dadi nek urip bebrayan kluwarga kui to mas akeh alangane dadi wong loro kui kudu sabar lan doa mas ben diwei dalam sing padang lan dadi wong sing bener kabeh.

Heri : Menawi saking adegan Sandhul, kawruh kautamen menapa kemawon ingkang saged dipunpendhet?

Mbak Sriyati : Sandhul kui nyritakake Kyai Balahum sing gek dakwah jarene.

Heri : Saking adegan Cepuk menika menapa kemawon kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet Mbak?

Mbak Sriyati : Ora ngerti enyong mas.

**Cathetan Refleksi :**

1. Kesenian sandhul nyariyosaken Kyai Balahum ingkang dakwah.
2. Kawruh kautamen wonten kesenian Sandhul menika dipunandharaken wonten ing cariyosipun kesenian sandhul, makna simbolik sesaji lan makna simbolik piranti.
3. Kawruh kautamen ingkang wonten sandhul inggih menika bilih manungsa menika kedah gadah laku ingkang sae.

**Catatan Lapangan Wawancara ( CLW 08 )**

**Informan :Tini Rahayu**

**Yuswa :28 tahun**

**Mbakaryan :Tani**

**Alamat :Dusun Sucen RT 01 RW 04**

**Dinten/ tanggal :Rabu 29 mei 2013**

**Papan :Dalemipun Mbak Tini Rahayu**

**Wekdal :20.00- 21.00 WIB**

**Kalenggahan : Pambeksa**

Heri : Nyuwun pangapunten Mbak,naminipun kesenian Sandhul menika menapa nggih?

Mbak Tini Rahayu : jenenge kesenian Sandhul ing Desa Sucen yaiku Sandhul Sekar Kali Suci

Heri : Menawi sipatipun Kesenian Sandhul kali suci menika menapa Mbak?

Mbak Tini Rahayu : Sipat kesenian sandhul sak ngertine aku kerakyatan religius Islami mas

Heri : Tahun pinten kinten kinten kesenian Sandhul menika wonten Mbak?

Mbak Tini Rahayu : Wah ora ngerti enyong mas nek tahun pirane

Heri : Sinten Mbak ingkang dados pendiri kesenian Sandhul menika?

Mbak Tini Rahayu : Sing ngedekake nek miturut wong biyen yaiku Mbah Uda, nek tenane enyong yo ora ngerti mas

Heri : Pinten cacahipun wiyaga saha penari wonten ing kesenian Sandhul menika Mbak?

Mbak Tini Rahayu : Ya nk biyen akeh tp nk sakiki sing kedaftar kira kira wong 20 kui wiyaga ,penari saha penguruse nek sing di daftar wawan wingi.

Heri : Para paragane tiyang pundi kemawon pak ?

Mbak Tini Rahayu : Wong Sucen kabeh pemaine

Heri : Para paraganipun menika tiyang- tiyang sepuh menapa tiyang- tiyang enem pak?

Mbak Tini Rahayu : Biasane kui wong sepuh- sepuh nek sing enom bagian siap- siap panggung lan keamanan.

Heri : Kesenian sandhul menika dipunpentasaken wonten pundi kemawon Mbak?

Mbak Tini Rahayu : Wah, ya wes akeh, wes tau pentas nang hari jadi Kota Temanggung, lomba nang Semarang gek acara lomba seni tradisi lisan kira kira 2009 wingi.

Heri : Kesenian Sandhul menika dipunpentasaken dinten menapa kemawon Mbak?

Mbak Tini Rahayu : Ya ra mesti nek dinane tp sing mesti kui ya nang sadranan kali suci kui, nek ana sing nanggap ya pentas.nanging nek sadranan kali suci kui kudu ana wiwit biyen teko sakiki, nek ra ana pada wedi kesiku nek'e mas.

Heri : Kados pundi cariyosipun kesenian Sandhul menika Mbak?

Mbak Tini Rahayu : Kesenian Sandhul kui nyritakake Kyai Balahum.Kyai Balahum kui Kyai ingkang sabar, bijaksana saha solah bawane apik. Salah satunggaling dino Kyai Balahum dipunuji imanemas dumateng Allah swt ya iku Kyai Balahum kelangan kitabe. Sak wise kui Kyai Balahum ngarani karo santrine. Santri trus dipateni. Santri kui dipateni dibelah wetenge. Ananging seka wetenge santri kui metu getih putih, kui nandakake nek santri kui ora salah. Ia,sakwise kui mas Kyai Balahum ngrasa salah lan kanggo nebus kesalahane kui Kyai Balahum kui kudu

dakwah ngangga kesenian kang diarani Sandhul kui.ngana critane sak ngertine enyong mas,

Heri : Kawruh kautamen ingkang kados pundi ingkang saged dipunpendhet wonten ing kesenian Sandhul menika?

Mbak Tini Rahayu : Kawruh kautaman kui maksude pelajaran sing ana nang Sandhul kui to mas?, nk iyo berarti pelajaran kang ana nang Sandhul kui akeh banget nanging sing paling pokok kui Sandhul kui nerangake masalah urip nang alam donya kui kudu duwe gocekan sing jenenge Agama, kui nek arak uripe padang jarene.

Heri : Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet menika wonten pundi kemawon Mbak?

Mbak Tini Rahayu : Akeh banget mas,sak ngertine Mbake nang critane kui anan pelajarane,nang sajene utawa nang alate kui wae ana mas.

Heri : Kawruh kautamen menapa Mbak ingkang saged dipunpendhet saking Mbabadi manika?

Mbak Tini Rahayu : Kui barang enyong ora mudeng ning nek mbabadi kui ngawali sak ngertine enyong,dadi nglakoni apa wae kudu doa disik mas.

Heri : Menawi saking Badhut ngarep kawruh kautamen menapa ingkang saged dipunpendhet?

Mbak Tini Rahayu : Mungkin nek badhut ngarep kui pelajarane manungsa kui ora iso apa-apa dadi manungsa kui kudu nyembah marang Gusti sing gawe urip,ngana wae mas.

Heri : Mbak, menawi saking adegan Lengger menika menapa mawon kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet?

Mbak Tini Rahayu : Nek kui nyiritakake wong urip bebrayan nang kluwarga,dadi nek urip bebrayan kluwarga kui to mas akeh alangane dadi wong loro kui kudu sabar lan doa masben diwei dalam sing padang.

Heri : Menawi saking adegan Sandhul, kawruh kautamen menapa kemawon ingkang saged dipunpendhet?

Mbak Tini Rahayu : Sandhul kui nyritakake Kyai Balahum kui sing mau tak critakake kae, yo pelajaranek nek manungsa kui ra kena ngarani liyan nek durung ana buktine to.

Heri : Saking adegan Cepuk menika menapa kemawon kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet Mbak?

Mbak Tini Rahayu : Nek Cepuk kui nyritakake bocah sing ora bener akhire dadi keblinger dewe.

**Cathetan Refleksi :**

1. Kesenian sandhul menika nyariyosaken kYai balahum ingkang sabar lan wicaksana lajeng dipunuji imanipun.
2. Kawruh kautamen ingkang seged dipunpendhet wonten ing kesenian Sandhul inggih menika kawruh kautamen bab tiyang gesang wonten ing alam donya.
3. Kesenian Sandhul menika wonten Mababdi, Badhut ngarep, Lengger, Sandhul lan Cepuk.

**Catatan Lapangan Wawancara ( CLW 09 )**

**Informan : Mas Bambang**

**Yuswa : 34 tahun**

**Mbakaryan :Tani**

**Alamat :Dusun Sucen RT 03 RW 04**

**Dinten/ tanggal :Kamis 30 mei 2013**

**Papan :Dalemipun Mas Bambang**

**Wekdal :15.00- 16.00 WIB**

**Kalenggahan : Ketua Seni Sandhul Sekar Kali Suci/ penari Sandhul**

**ADEGAN KESENIAN SANDHUL**

**Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan mbabadi Mas?**

**Mas Bambang :** Mbabadi inggih menika pambuka kanthi donga saha tembang-tembang ingkang awujud panyuwunan.Menawi kawruh kautamen ingkang kedah dipunbabar wonten ing mbabadi menika bilih manungsa gesang wonten alam donya menika kedah dipunwiwiti nyuwun idin marang Gusti, sedaya padamelan menapa kemawon ingkang paring rejeki menika Gusti Allah, lan mbabadi kui adegan ingkang sepisanan kui ugi gambarake syiar agama kanthi seni budaya,

**Heri :** kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan badhut ngarep mas?

Mas Bambang : Badhut ngarep menika nyariyosaken badhut ingkang dados pralampita mahkluk ingkang mituhu dhawuhing Gusti .Sedaya dipungambaraken lumantar gerak tari, sekaripun saha parikan utawa greget saut. Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika:Instropeksi diri, Manungsa menika naming jalma limrah titah ,Manungsa menika gesang wonten ing alam donya sampun ngantos gadhah sipat takabur , 4 unsur manungsa inggih menika lemah, banyu, angin saha geni. Tiyang gesang menika nggadahi nafsu 4 inggih menika Luwawamah ( raos milik marang bandha donya ) , Amarah ( Angkara murka ) , Sofiyah ( Nafsu dumateng wanita ) , Mutmainah ( Nafsu ingkang sampun tinuntun rehing kautaman). Menika miturut kula kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet saking adegan badhut ngarep.

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan lengger Mas?

Mas Bambang : Miturut kula Lengger inggih menika tari ingkang penarinipun tiyang estri ( lenggeripun ) saha kakung cacahipun 2, Lengger menika tari ingkang nyariyosaken gesangipun manungsa mliginipun babagan gesang nalika bangun kulawarga ingkang sae, ingkang dipunwujudaken wonten ing salebeting tari –tarian, tembang, saha parikan. Kawruh kautamen ingkang saged



dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika wonten kalih:Gambaraken gesangipun manungsa wonten ing alam donya namung manggih kahanan 2 warni inggih menika ala utawi becik, beja saha cilaka, wonten seneng utawi susah lan Gambaraken gesang manungsa bebrayan bebojoan ingkang sae saha adhedasar agama.menika andharan kula bab lengger.

Heri : kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan Sandhul mas?

Mas Bambang : Sandhul inggih menika Adegan ingkang intinipun wonten ing kesenian Sandhul. Adegan Sandhul ginakaken Tarian saha Wejangan isinipun wejangan supados gesangipun manungsa tansah nindakaken dhawuhing gusti ingkang sampun kaserat ing kitab suci Alqur'an saha wejangan saking kanjeng nabi Muhamad SAW wonten Hadits kanthi mboten nilar tradisi saking para wali saha leluhur ing tanah jawi. Tari Sandhul nyariyosaken Kyai Balahum inggih menika Kyai ingkang sabar, wicaksana saha solah bawanipun sae. Salah satunggaling dinten Kyai Balahum dipunuji imanipun dumateng Allah swt. Kawruh ingkang saged dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika wonten tiga menika: Tindak tanduk ingkang boten dipunpikir saha boten adhedasar iman menika namung saged dadosaken kuciwa saha kawontenan ingkang boten sae, Gesangipun manungsa wonten ing alam donya menika kedah adhedasar iman, saha akhlaqul karimah, Manungsa menika

kedah gadahi sipat sabar,ikhlas saha manambah marang Gusti ingkang Maha Agung.

Heri : kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan cepuk mas?

Mas Bambang : Cepuk menika nyariyosaken tiyang ingkang gadhah salah bawa ingkang boten sae saha dadosaken kuciwa tiyang sanes wontening masyarakat. Saklajengipun tiyang kasebut pikantuk pituduh saking Gusti ingkang maha Agung Tari cepuk menika dados tari pungkasan wonten ing kesenian sandhul. Kawruh kautamen ingkang saged dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika wonten:Gusti Allah menika Maha welas asih dhumateng titah ingkang wonten ing alam donya, Menawi Gusti Allah badhe paring pituduh dateng manungsa saged lumantar menapa kemawon saha dhumateng Sedaya salah bawa, padamelan saha sinten kemawon ingkang dipunkeparengaken, Tindak tanduk manungsa ingkang boten kanthi ridho Allah SWT tundhonipun namung nuwuhaken raos getun keduwung saha manggih kapitunan.

#### **PIRANTI KESENIAN SANDHUL**

Heri : makna simbolik menapa ingkang wonten ing lampu utawi senthir?

Mas Bambang : Dados pralampita bilih tiyang gesang ingkang nindakaken tuntunan agama menika saged dadosaken padanging ati

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing patok?

Mas Bambang : Tiyang gesang wonten alam donya menika kedhah gadhahi patokan inggih menika agama.

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing adegan kaku utawi sapu tangan?

Mas Bambang : Dados pralampita kitab suci Al-quran wonten ing agami islam

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing angklung ?

Mas Bambang : Gusti menika ingkang maha linangkung

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing kendhang?

Mas Bambang : Inggih menika ngemu teges pangajak ndang-ndang sembahyang utawi sholat

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing gong?

Mas Bambang : Menawi jaman rumiyin gongipun ngagem gong bumbung dek,boten gong kaya sakmenika dados kawruh kautamenipun inggih menika Nyembah marang kang maha Agung inggih menika Allah swt.

## **SESAJI**

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing jenang abang?

Mas Bambang : Menawi jenang abang menika tegese ( wani ) wani marang bebener

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing jenang putih?

Mas Bambang : Samubarang panggawe linambaran ati kang suci

Heri : Makna simbolik wonten ing ingkung?

Mas Bambang : Werdinipun manungsa kui kudu bisa meper hawa nafsu

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing suruh?

Mas Bambang : (tinangsulane) sirih sanajan boten sami lumah lawan kurepe lamun ginigit padha rasane (Manungsa sanajan watak utawi bibit, bebet, bobot menika mboten sami lamun wis manunggal cipta, rasa, karsa bakal dadi pakaryan kang becik utawa kasembadan sedyane).

Tinangsulane : nanging samubarang panggawe kui diiket hokum agama, Negara, lan adat

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing menyan ?

Mas Bambang : Kukusing menyan / dupa kang nuwuhake wewangen (gambarake keagungan lan kaendahan) miturut kapitadosan tiyang jawi islam menika dadi lantaran cepeting panyuwunan / doa dipu ijabah dening gusti ingkang Maha welas asih.

Heri : Makna simbolik ingkang wonten sekar setaman?

Mas Bambang : Makna sekar setaman menika inggih menika naamung wewangen.

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing tumpeng utawi bucu?

Mas Bambang : (gambaraning gunung) supaya manungsa jejeg madep mantep kaya dene gunung

Bucu (Buceng) werdinipun nyebut sing kenceng (dzikir marang gusti)

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing golong?

Mas Bambang : “Golong wonten ing seni sandhul menika cacahipun pitu, ingkang damel kenduren sekawan lajeng ingkang damel sesaji nalika pentas menika tiga, tiga menika damel sesaji amargi dados pralampita iman, islam lan ikhsan

**Cathetan Refleksi :**

1. Kawruh ingkang saged dipunpendhet saking cariyos wonten ing nginggil inggih menika wonten tiga menika: Tindak tanduk ingkang boten dipunpikir saha boten adhedasar iman menika namung saged dadosaken kuciwa saha kawontenan ingkang boten sae, Gesangipun manungsa wonten ing alam donya menika kedah adhedasar iman, saha akhlaqul karimah, Manungsa menika kedah gadahi sipat sabar,ikhlas saha manambah marang Gusti ingkang Maha Agung.
2. Kawruh kautamen wonten ing kesenian Sandhul dipunwujudaken wonten ing sesaji kesenian Sandhul.
3. Kawruh kautamen wonten ing kesenian Sandhul dipunwujudaken wonten ing piranti kesenian sandhul.

### **Catatan Lapangan Wawancara ( CLW 10 )**

**Informan** : Mas Edi Purwanto

**Yuswa** : 31 tahun

**Mbakaryan** :Tani

**Alamat** :Dusun Sucen RT 06 RW 05

**Dinten/ tanggal** :Kamis 30 mei 2013

**Papan** :Dalemipun Mas Edi Purwanto

**Wekdal** :16.00- 17.00 WIB

**Kalenggahan** :Wakil Ketua Seni Sandhul Sekar Kali Suci/ Pambeksa Sandhul

#### **ADEGAN KESENIAN SANDHUL**

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan mbabadi mas?

Mas Edi Purwanto : Kawruh kautamen nang adegan mbabadi yo kui,mbabadi kui kan kanggo awalan, dadi kawruh kautamen yo kui:Sedaya padamelan menapa kemawon kedah dipunwiwiti kanthi doa , Gambaraken syiar agama kanthi seni budaya

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan badhut ngarep mas?

Mas Edi Purwanto : Badhut ngarep kui kan nyritakake manungsa kang mituhu marang Gustine saha ngesti marang dawuhe para Nabi para Wali dadi kawruh kautaman kang iso dijukuk akeh banget contone :Manungsa kui kudu iso instropeksi diri, Manungsa menika naming jalma limrah titah sawantah ingkang boten saged menapa-manapa sagedipun namung mbudidaya saha nyuwun kawelasaning Gusti ingkang Maha Agung, Manungsa menika gesang wonten ing alam donya sampun ngantos gadhah sipat

takabur, Tiyang gesang menika nggadahi nafsu 4 inggih menika Luwawamah ( raos milik marang bandha donya ) , Amarah ( Angkara murka ) , Sofiyah ( Nafsu dumateng wanita ) , Mutmainah ( Nafsu ingkang sampun tinuntun rehing kautaman).

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan lengger mas?

Mas Edi Purwanto : Nek masalah lengger kui nyritakake babagan urip bebrayan dadi keluarga,mulakno sing dadi penari lanang karo wadon, dadi kawruh kautamen kang iso dijukuk yoiku:Gambaraken gesang manungsa bebrayan bebojoan ingkang sae saha adhedasar agama.

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan Sandhul mas?

Mas Edi Purwanto : Adegan Sandhul kui adegan inti nang Seni Sandhul,adegan Sandhul kui nyritakake Kyai Balahum nyebar Agama Islam lan paring wejangan maran para muride.kawruh kautamen kang iso dijukuk yoiku: Tindak tanduk ingkang boten dipunpikir saha boten adhedasar iman menika namung saged dadosaken kuciwa saha kawontenan ingkang boten sae, Gesangipun manungsa wonten ing alam donya menika kedah adhedasar iman, saha akhlaqul karimah, Manungsa menika kedah gadahi sipat sabar,ikhlas saha manembah marang Gusti ingkang Maha Agung.

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan cepuk mas?

Mas Edi Purwanto : Cepuk kui tari kang nyritakake bocah kang dugal ananging bocah kui akhire sadar trus tobat, dadi kawruh kautamen kang iso dijukuk contone :Gusti Allah menika Maha welas asih dhumateng titah ingkang wonten ing alam donya, Menawi Gusti Allah badhe paring pituduh dateng manungsa saged lumantar

menapa kemawon saha dhumateng Sedaya solah bawa, padamelan saha sinten kemawon ingkang dipunkeparengaken, Tindak tanduk manungsa ingkang boten kanthi ridho Allah SWT tundhonipun namung nuwuhaken raos getun keduwung saha manggih kapitunan.

### **PIRANTI KESENIAN SANDHUL**

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing lampu utawi senthir?

Mas Edi Purwanto : Nek senthir kui maknane dadi manungsa kui kudu duwe pepadang yo kui agama Islam

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing adegan patok?

Mas Edi Purwanto : Nek pathok kui maknane, manungsa urip kui kudu duwe patokan kang iso digoceki kang arane Agama

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing adegan kaku utawi sapu tangan?

Mas Edi Purwanto : Kaku kui yo lambang seko Al Quran

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing angklung ?

Mas Edi Purwanto : Nek angklung kui yo lambang Gusti kang Maha Agung sak ngertine enyong

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing kendhang?

Mas Edi Purwanto : Nek kendhang kui alat musik gawe ngejak uwong sembahyang

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing gong?

Mas Edi Purwanto : Dadi kendhang kui alat kang paling gedhe dadi, apa wae kang ana alam donya iki ana sing duweni, sing paling gedhe kuasane yoiku Gusti Allah.



## **SESAJI**

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing jenang abang?

Mas Edi Purwanto : Nek abang kuik wani

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing jenang putih?

Mas Edi Purwanto : Nek putih kui suci

Heri : Makna simbolik wonten ing ingkung?

Mas Edi Purwanto : Dadi nek ingkung kui yo gawe pralampito manungsa kui kudu iso nahan hawa nafsune, hawa nafsu apa wae kang iso gawe cilaka.

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing suruh?

Mas Edi Purwanto : Manunggaling ciptaa, rasa lan karsa marang Gusti

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing menyan ?

Heri : Makna simbolik ingkang wonten sekar setaman?

Mas Edi Purwanto : Sekar setaman wonten ing pentas Seni sandhul kui gawe sesaji nalika pentas lajeng sekar setaman kui kanggo wewangen lan sesaji marang dhanyang kang manggon ana ing Dhusun Sucen,sekar setaman kui ugi damel pralampita.

Mas Edi Purwanto : Kui wewangen dadi wong kui kudu sing apik tingkahe

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing tumpeng utawi bucu?

Mas Edi Purwanto : Bucu kui bentuke kerucut dadi maknane apa wae kang dikarepake dewe kudu oleh ridho marang Gusti

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing golong?

Mas Edi Purwanto : Golonging tekad utawa kerja keras

**Cathetan Refleksi :**

1. kawruh kautamen kang iso dijukuk yoiku: Tindak tanduk ingkang boten dipunpikir saha boten adhedasar iman menika namung saged dadosaken kuciwa saha kawontenan ingkang boten sae, Gesangipun manungsa wonten ing alam donya menika kedah adhedasar iman, saha akhlaqul karimah, Manungsa menika kedah gadahi sipat sabar,ikhlas saha manambah marang Gusti ingkang Maha Agung.
2. Makna simbolik sesaji wonten ing seni sandhul babar bab kawruh kautamen.
3. Makna simbolik piranti wonten ing seni sandhul babar bab kawruh kautamen.

**Catatan Lapangan Wawancara ( CLW 11 )**

**Informan** :Mas Misyanto  
**Yuswa** : 35 tahun  
**Mbakaryan** :Tani  
**Alamat** :Dusun Sucen RT 03 RW 05  
**Dinten/ tanggal** :Kamis 30 mei 2013  
**Papan** :Dalemipun Mas Misyanto  
**Wekdal** :19.00-20.00 WIB  
**Kalenggahan** : PambeksaSandhul Sekar Kali Suci

**ADEGAN KESENIAN SANDHUL**

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan mbabadi mas?

Mas Misyanto : Kawruh kautamen sing saget dipunpendet inggih menika, sedaya ingkang dados pawitan inggih punika kedah ngagem sarana donga

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan badhut ngarep mas?

Mas Misyanto : Badhut ngarep meniko nyariosaken badhut kang dados gambaran titahing Gustikang bekti dateng dawuhing Gusti,kawruh kautamen kang saget dipunpendet nggih puniko:ngoco dateng awak piyambak,rumongso jalma limrah ingkang kedadosanipun sangking 4 unsur inggih puniko lemah,banyu,angin lan geni.ugo manungso punika anggadai 4 nafsu

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan lengger mas?

Mas Misyanto : Miturut kula Lengger inggih menika tari ingkang penarinipun tiyang estri ( lenggeripun ) saha kakung cacahipun 2, Lengger menika tari ingkang nyariyosaken gesangipun manungsa mlignten ing nginggil inggih menika wonten kalih:Gambaraken gesangipun manungsa wonten ing alam donya namung manggih kahanan 2 warni inggih menika ala utawi becik, beja saha cilaka, wonten seneng utawi susah lan Gambaraken gesang manungsa bebrayan bebojoan ingkang sae saha adhedasar agama.menika andharan kula bab lengger.

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan Sandhul mas?

Mas Misyanto : Piwulang ingkang saget dados tuladha wonten tiga: lampah ingkang mboten dipun dasari pikiran kaliyan iman meniko namung ndadosaken kuciwo lan karuwetan,Uriping manungso ing ndonya kedah wonten dasar iman lan akhlaqul karimah saha nggadai sipat sabar,ikhlas lan manambah dateng Gusti ingkang Maha Suci.

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan cepuk mas?

Mas Misyanto : Kawruh kautamen sangking adegan Cepuk nggih punika: Sipat Rohman lan Rohim Gusti ingkang Maha Agung menawi bade paring pituduh dumateng manungso lumantar punapa mawon lan dateng sinten mawon ingkang dipun kersakaken,lampahing

manungso ingkang mboten angsal Ridhoning Gusti Allah punika  
amung ndadosaken kuciwaning batin.

### **PIRANTI KESENIAN SANDHUL**

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing lampu utawi senthir?

Mas Misyanto : Dados pralambang bilih gesanging tiyang menawi nglampai  
tuntunan agama dados padanging ati

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing patok?

Mas Misyanto : Dados pralambang uripe manungsa kudu nganggo patokan agama

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing adegan kaku utawi sapu  
tangan?

Mas Misyanto : Dados pralambang kitab suci Al-quran agami islam

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing angklung ?

Mas Misyanto : Dipunsebat angklung menika pralampito gusti kang Maha  
linangkung, angklung menika piranti ingkang kedah wonten  
nalika pentas Seni Sandhul

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing kendhang?

Mas Misyanto : Pralambang pangajak-ajak kongkonan kapurih ndang-ndang  
sembahyang utawi sholat

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing gong?

Mas Misyanto : Gong menika menawi jaman rumiyin pentas seni sandhul menika  
ginakaken gong bumbung ingkang dipundamel saking pring,  
namung sakmenika dipungantos ngagem gong ingkang  
dipundamel saking kuningan. Gong menika dados pralampita

bilih menapa kemawon padamelan kita menika pungkasanipun namung nyuwun kalih sing Kuasa kados karawitan menika pungkasanipun dipunpungkasi ginakaken gong

## **SESAJI**

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing jenang abang?

Mas Misyanto : (wani) ateges wani marang laku kang bener

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing jenang putih?

Mas Misyanto : Samubarang panggawe linambaran weninging ati

Heri : Makna simbolik wonten ing ingkung?

Mas Misyanto : Artosipun manungsa kui kudu bisa ngempet hawa nafsu

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing suruh?

Mas Misyanto : Menawi suruh tinagsulan lawe kui dados pralampita bilih manungsa menika kedah manut aturan hukum agama, negara lan adat, mulane diarani tinangsulan lawe,lan manungsa sanadjan beda-beda wateke anaging sampun manunggal wonten ing seni sandhul menika, sami pada nyambut gawe gotong royong urip bebrayan wonten ing gesang menika

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing menyan?

Mas Misyanto : Wewangen damel sarana lantaran nyepetaken doa/panyuwunan supados cepet ndang pikatuk menapa ingkang dados panyuwune.

Heri : Makna simbolik ingkang wonten sekar setaman?

Mas Misyanyo : Sekar setaman kui lambang apike panyuwunan.

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing tumpeng utawi bucu?

Mas Misyanto : Tumpeng menika gambaranig gunung,sifate gunung kui madep mantep lan tegak, tumpeng kui saged dipunarani bucu kang ateges nyebut sing kenceng yaiku nyebut marang asma Gusti Kang Maha Agung

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing golongan?

Mas Misyanto : Pralambangipun tiga golongan punika iman,islam kalawan ikhsan.

**Cathetan Refleksi :**

1. Piwulang wonten Sandhul ingkang saget dados tuladha wonten tiga: lampah ingkang mboten dipun dasari pikiran kaliyan iman meniko namung ndadosaken kuciwo lan karuwetan,Uriping manungso ing ndonya kedah wonten dasar iman lan akhlaqul karimah saha nggadai sipat sabar,ikhlas lan manambah dateng Gusti ingkang Maha Suci.
2. Kawruh kautamen wonten kesenian Sanmdhul dipunandharaken wonten ing makna simbolik sesaji
3. Kawruh kautamen wonten kesenian Sanmdhul dipunandharaken wonten ing makna simbolik piranti.

**Catatan Lapangan Wawancara ( CLW 12 )**

**Informan : Bapak Joko Susilo**

**Yuswa : 41 tahun**

**Mbakaryan :Tani**

**Alamat :Dusun Sucen RT 02 RW 04**

**Dinten/ tanggal :Kamis 30 mei 2013**

**Papan :Dalemipun Bapak Joko susilo**

**Wekdal :21.00- 22.00 WIB**

**Kalenggahan : Wiyaga**

**ADEGAN KESENIAN SANDHUL**

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan mbabadi pak?

Bapak Joko susilo : Mbabadi menika sami kaliyan muqadimah, yen kawiwitan apik mesti pungkasane yo apik.

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan badhut ngarep pak?

Bapak Joko susilo : Miturut Al Quran menika manungsa duweni sifat luput lan salah kaya hadist sing wes dingendikakake AL INGSANU MAKHALUL KHOTOK WA NISYAN tegese manungsa kui panggonane luput lan salah.

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan lengger pak?



Bapak Joko susilo : Menika gambarane qudrotun lan irodate ALLAH kanggo manungsa nang alam donya sing wes temtokake yaiku bejo ciloko, susah seneng, lan sing kabeh serba ana pasangane.

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan Sandhul pak?

Bapak Joko susilo : Yen manungsa kui ora ana telate kanggo tobat, selagi iseh urip, Allah iseh nampa tobate wong mau sak liyane wong musrik kaya sing dipaparake nang crito sandhul iki.

Heri : Kawruh kautamen menapa ingkang wonten ing adegan cepuk mas?

Bapak Joko susilo : Dadi Maha welas asise Gusti Allah kui ana kalane sing didelok saka gedene pengorbanan, nanging Gusti Allah ora bakal cidro marang janji kaya ngendikane Gusti Allah nang kitab Zabur, Taurat, Injil lan Al Quran ( INA WA'DALLOHA KHAQUN) tegese temen setuhune janjine Allah hak.

### **PIRANTI KESENIAN SANDHUL**

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing lampu utawi senthir?

Bapak Joko susilo : Sing sapa wonge tansah cecekelan marang Agama mangka urip atine lan urip pikirane, seneng uripe.

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing patok?

Bapak Joko susilo : Urip kui kudu duwe patokan yaiku agama

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing adegan kaku utawi sapu tangan?

Bapak Joko susilo : Nang tingkah apa wae wektu bungah utawa susah manungsa  
 urip kui kudu tansah cecekelan marang Al Quran ( iqro'  
 bismirobikal ladi kholaq ) tegese Bacalah.

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing angklung ?

Bapak Joko susilo : Gusti menika ingkang maha linangkung

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing kendhang?

Bapak Joko susilo : Ngemu teges pangajak ndang-ndang sembahyang utawi sholat

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing gong?

Bapak Joko susilo : Nyembah marang kang maha Agung inggih menika Allah  
 swt.

## **SESAJI**

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing jenang abang?

Bapak Joko susilo : Tegese wani marang barang kang bener,

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing jenang putih?

Bapak Joko susilo : Kanggo ngabekti marang Gusti Allah kudu ngilangake rasa iri  
 dengki kaya perlambang jenang pethak sing maknane Kholisi  
 dihni tegese resike ati.

Heri : Makna simbolik wonten ing ingkung?

Bapak Joko susilo : Manungsa kudu iso nahan nafsu lan tansah sujud marang sing  
 Kuasa kanggo tercapaine kamulyan nang donya lan akhirat.

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing suruh?

Bapak Joko susilo : Agama iku ikatan kanggo manungsa nindakake apa dawuhe  
Gusti lan ngedohi larangane.

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing menyan ?

Bapak Joko susilo : Miturut kepercayaan wong Jawa kui dadi lantaran cepeting  
panyuwunan / doa diijabah dening gusti ingkang maha welas  
asih.

Heri : Makna simbolik ingkang wonten sekar setaman?

Bapak Joko Susilo : Sekar setaman kui lambang saenipun urip manungsa.

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing tumpeng utawi bucu?

Bapak Joko susilo : Supaya manungsa jejeg madep mantep maranhg tingkah laku  
kang bener.

Heri : Makna simbolik menapa ingkang wonten ing golong?

Bapak Joko susilo : Golong jumlahe pitu kui nguduhake yen Gusti Allah kui  
seneng barang kang ganjil ( INNAALLOHA YUHIBUL  
FITRO ) tegese Gusti Allah seneng barang kang ganjil.

**Cathetan Refleksi :**

1. Sandhul menika nyariyosaken bilih tiyang tobat menika boten wonten telatipun.
2. Kawruh kautamen wonten kesenian Sanmdhul dipunandharaken wonten ing makna simbolik sesaji
3. Kawruh kautamen wonten kesenian Sanmdhul dipunandharaken wonten ing makna simbolik piranti.


**BAGAN ANALISIS PENTAS SENI SANDHUL SEKAR KALI SUCI DESA SUCEN KECAMATAN GEMAWANG**

**Rabu pon 29 mei 2013**


**Kali Suci, Kecamatan Gemawang, Kabupaten Temanggung**

**Kamis Wage 30-5- 2013**


**Dalemipun Bapak Sunoto ( kepala Dhukuh Sucen )**





**Kamis Wage 30-5-2013, pk 17.00 WIB**





**Jumat kliwon 31-5-2013 pk 09.00WIB**


















↳ Pentas Seni sandhul →

**Kawruh Kautamen wonten ing  
Salebeting Seni Sandhul  
Sekar Kali Suci**

## KERANGKA ANALISIS KAWRUH KAUTAMEN ING SALEBETING SENI SANDHUL DESA SUCEN KECAMATAN GEMAWANG

### 1. Deskripsi Setting Panaliten

Panaliten kawruh kautamen ing salebeting Seni Sandhul Sekar Kali Suci Desa Sucen Kecamatan Gemawang dipunadani wonten ing dalemipun Bapak Bambang Waluya dinten jumat kliwon surya kaping 31 mei 2013 kirang langkung tabuh 03.00 WIB ngantos paripurna. Cecawis menika kawiwitan saking rapat panitia pentas dumugi pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci. Para paraga wonten ing pentas Seni Sandhul inggih menika juru kunci Kali Suci, para paraga Seni Sandhul saha warga masarakat Dhusun Sucen Kecamatan Gemawang Kabupaten Temanggung.

### 2. Prosesi Pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci

#### a. Cecawis

#### 1 ) Rapat Panitia pentas

- a ) Pelindung
- b ) Ketua
- c ) Sekretaris
- d ) Bendahara
- e ) Seksi-seksi
  1. Seksi kebersihan
  2. Seksi ritual
  3. Seksi pentas
  4. Seksi dokumentasi
  5. Penata panggung

#### 2 ) Sesaji kenduren

- a ) ingkung tinangsulan
- b ) tumpeng
- c ) golong

#### 3) Sesaji pentas

- a ) jenang abrit saha jenang pethak
- b ) ingkung sepalih
- c ) suruh tinangsulan lawe
- d ) menyan lan sekar setaman
- e ) tumpeng sapalih
- f ) golong tiga
- g ) jajan pasar

- 3 ) cecawis papan lan piranti
  - a ) pasang *background*
  - b ) ngusung gamelan
  - c ) ngisi senthir
  - d ) resesik piranti Sandhul
- 4 ) resesik Kali Suci
  - a ) nyapu
  - b ) resesik mergi
  - c ) nguras tuk
  - d) resesik lumut

b. Pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci

- 1 ) Mbabadi
- 2 ) Badhut Ngarep
- 3 ) Lengger
- 4 ) Sandhul
- 5 ) Cepuk

c. Kawruh kautamen ing sekar saha cariyos Seni Sandhul Sekar Kali Suci

- a. Mbabadi
- b. Badhut Ngarep
- c. Lengger
- d. Sandhul
- e. Cepuk

3 Makna simbolik piranti Seni Sandhul Sekar Kali Suci

- a. Lampu senthir
- b. Patok
- c. Kacu
- d. Angklung
- e. Kendhang
- f. Gong

4 Makna simbolik sesaji Seni Sandhul Sekar Kali Suci

- a. Jenang abrit
- b. Jenang pethak
- c. Ingkung tinangsulan
- d. Suruh
- e. Menyan
- f. Sekar setaman

- g. Tumpeng
- h. Golong

5. Kawruh kautamen wonten ing pentas seni Sandhul Sekar Kali Suci

# PETA DESA SUCEN

KAB. KENDAL

DESA MUNCAR

DUSUN MANDANG

DESA KREMPONG

SD

KANTOR DESA

DESA KARANG SENENE




SD

DUSUN REASINAN

SD

DUSUN SUCEN

DESA BANJARSAARI





# PETA DESA SUCEN

KAB. KENDAL

DESA MUNCAR

DUSUN MANDANG

DESA KREMPONG


DESA KARANG SENENE



DUSUN NCASINAN

DUSUN SUCEN

DESA BANJARSAARI





**A. Rapat Panitia Pentas Seni Sandhul Sekar Kali Suci**



**Rapat Panitia pentas ( Dok. Heri )**



**Rapat Panitia pentas ( Dok. Heri )**

**B. Damel sesaji kenduren**



**Nyembelih ayam ( Dok. Heri )**



**Masak ingkung,tumpeng saha golong ( Dok. Heri )**



**Ingkung ( Dok. Heri )**



**Tumpeng ( dok. Heri )**

### **C. Damel Sesaji Pentas**



**Cecawis Sesaji pentas ( Dok. Heri )**



**Sesaji Pentas ( Dok. Heri )**



#### D. Reresik Kali Suci



Tuk Kali Suci ( Dok. Heri )



Kompleks Kali Suci ( Dok. Heri )

#### E. Cecawis papan saha piranti pentas



Cecawis piranti pentas ( Dok. Heri )



Cecawis piranti pentas ( Dok. Heri )

## F. Pentas Seni Sandhul



**Adegan 2 Badhut Ngarep**



**Adegan 3 Lengger**



**Adegan 4 Sandhul**



**Adegan 5 Cepuk**

## SERAT KATRANGAN

Ingang tapak asama ing ngandhap menika

Nama : Sriyati

Yuswa : 25 tahun

Padamelan : Etni (Pambeksa)

Nerangaken bilih

Nama : Heri Setiyono

NIM : 09205244078

Jurusan/ Fak/ Univ : PBD/ FBS/ UNY

Saestu sampun nglampahi kagiyatan wawancara lan observasi

Sucen 20-5-2013

Ingang damel katrangan



( Sriyati )

## SERAT KATRANGAN

Ingkang tapak asama ing ngandhap menika

Nama : Bambang waluyo

Yuswa : 34 tahun

Padamelan : tani (ketua seni sandhul)

Nerangaken bilih

Nama : Heri Setiyono


NIM : 09205244078

Jurusan/ Fak/ Univ : PBD/ FBS/ UNY

Saestu sampun nglampahi kagiyatan wawancara lan observasi

Sucen 28-5-2013

Ingkang damel katrangan



( Bambang waluyo )

## SERAT KATRANGAN

Ingang tapak asama ing ngandhap menika

Nama : Paridi

Yuswa : 58 tahun

Padamelan : tani (juru kunci kali suci)

Nerangaken bilih

Nama : Heri Setiyono

NIM : 09205244078

Jurusan/ Fak/ Univ : PBD/ FBS/ UNY

Saestu sampun nglampahi kagiyatan wawancara lan observasi

Sucen 20-5, 2013

Ingang damel katrangan



( Paridi )

## SERAT KATRANGAN

Ingang tapak asama ing ngandhap menika

Nama : Yamidi

Yuswa : 55 taun

Padamelan : Tani (Wiyaga)

Nerangaken bilih

Nama : Heri Setiyono

NIM : 09205244078

Jurusan/ Fak/ Univ : PBD/ FBS/ UNY

Saestu sampun nglampahi kagiyatan wawancara lan observasi

Sucen 28-5-2013

Ingang damel katrangan



( Yamidi )





KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN  
**UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**  
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**

Alamat: Karangmalang, Yogyakarta 55281 ☎ (0274) 550843, 548207 Fax. (0274) 548207  
http://www.fbs.uny.ac.id//

FRM/FBS/33-01  
10 Jan 2011

Nomor : 0519c/UN.34.12/DT/V/2013  
Lampiran : 1 Berkas Proposal  
Hal : **Permohonan Izin Penelitian**

27 Mei 2013

Kepada Yth.  
Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta  
c.q. Kepala Bakesbanglinmas DIY  
Jl. Jenderal Sudirman No. 5 Yogyakarta 55231

Kami beritahukan dengan hormat bahwa mahasiswa kami dari Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta bermaksud mengadakan **Penelitian** untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS)/Tugas Akhir Karya Seni (TAKS)/Tugas Akhir Bukan Skripsi (TABS), dengan judul :

***KAWRUH KAUTAMAN ING SALEBETING SENI SANDHUL SEKAR KALI SUCI DESA SUCEN  
KECAMATAN GEMAWANG***

Mahasiswa dimaksud adalah :

Nama : HERI SETIYONO  
NIM : 09205244078  
Jurusan/ Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa  
Waktu Pelaksanaan : Juni - Agustus 2013  
Lokasi Penelitian : Desa Sucen Kecamatan Gemawang

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon izin dan bantuan seperlunya.

Atas izin dan kerjasama Bapak/Ibu, kami sampaikan terima kasih.



Dean, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta  
KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Inisiatif dan Kerja Sama  
Prof. Dr. Endang Utami, S.E.  
NIP. 19670704 199312 2 001



PEMERINTAH PROVINSI JAWA TENGAH  
**BADAN KESATUAN BANGSA POLITIK DAN PERLINDUNGAN MASYARAKAT**

JL. A. YANI NO. 160 TELP. (024) 8454990 FAX. (024) 8414205, 8313122

EMAIL : KESBANG@JATENGPROV.GO.ID

SEMARANG - 50136

**SURAT REKOMENDASI SURVEY / RISET**

**Nomor : 070 / 1398 / 2013**

- I. DASAR : 1. Peraturan Menteri Dalam Negeri Republik Indonesia. Nomor 64 Tahun 2011. Tanggal 20 Desember 2011.  
2. Surat Edaran Gubernur Jawa Tengah. Nomor 070 / 265 / 2004. Tanggal 20 Februari 2004.
- II. MEMBACA : Surat dari Kepala Badan Kesbanglinmas Prov. DIY Nomor 074 / 1141 / Kesbang / 2013. Tanggal 27 Mei 2013.
- III. Pada Prinsipnya kami TIDAK KEBERATAN / Dapat Menerima atas Pelaksanaan Permohonan Ijin Penelitian di Kabupaten Temanggung.
- IV. Yang dilaksanakan oleh
1. Nama : HERI SETIYONO.
  2. Kebangsaan : Indonesia.
  3. Alamat : JL. Jenderal Sudirman No. 5 Yogyakarta
  4. Pekerjaan : Mahasiswa.
  5. Penanggung Jawab : Prof. Dr. Suharti.
  6. Judul Penelitian : Kawruh Kautamen Ing Salebeting Seni Sandhul Sekar Kali Suci Desa Sucen Kecamatan Gemawang.
  7. Lokasi : Kabupaten Temanggung.

**V. KETENTUAN SEBAGAI BERIKUT :**

- i. Sebelum melakukan kegiatan terlebih dahulu melaporkan kepada Pejabat Setempat / Lembaga Swasta yang akan dijadikan obyek lokasi untuk mendapatkan petunjuk seperlunya dengan menunjukkan Surat Pemberitahuan ini.
2. Pelaksanaan survey / riset tidak disalah gunakan untuk tujuan tertentu yang dapat mengganggu kestabilan pemerintahan. Untuk penelitian yang mendapat dukungan dana dari sponsor baik dari dalam negeri maupun luar negeri, agar dijelaskan pada saat mengajukan perijinan. Tidak membahas masalah Politik dan / atau agama yang dapat menimbulkan terganggunya stabilitas keamanan dan ketertiban.

3. Surat Rekomendasi dapat dicabut dan dinyatakan tidak berlaku apabila pemegang Surat Rekomendasi ini tidak mentaati / mengindahkan peraturan yang berlaku atau obyek penelitian menolak untuk menerima Peneliti.
4. Setelah survey / riset selesai, supaya menyerahkan hasilnya kepada Badan Kesbangpol Dan Linmas Provinsi Jawa Tengah.

VI. Surat Rekomendasi Penelitian / Riset ini berlaku dari :

Mei s.d Agustus 2013.

VII. Demikian harap menjadikan perhatian dan maklum.

Semarang, 29 Mei 2013

**an. GUBERNUR JAWA TENGAH  
KEPALA BADAN KESBANGPOL DAN LINMAS  
PROVINSI JAWA TENGAH**





PEMERINTAH PROVINSI JAWA TENGAH  
**BADAN KESATUAN BANGSA POLITIK DAN PERLINDUNGAN MASYARAKAT**

JL. A. YANI NO. 160 TELP. (024) 8454990 FAX. (024) 8414205, 8313122

EMAIL : KESBANG@JATENGPROV.GO.ID

SEMARANG - 50136

**SURAT REKOMENDASI SURVEY / RISET**

**Nomor : 070 / 1398 / 2013**

- I. DASAR : 1. Peraturan Menteri Dalam Negeri Republik Indonesia. Nomor 64 Tahun 2011. Tanggal 20 Desember 2011.  
2. Surat Edaran Gubernur Jawa Tengah. Nomor 070 / 265 / 2004. Tanggal 20 Februari 2004.
- II. MEMBACA : Surat dari Kepala Badan Kesbanglinmas Prov. DIY Nomor 074 / 1141 / Kesbang / 2013. Tanggal 27 Mei 2013.
- III. Pada Prinsipnya kami TIDAK KEBERATAN / Dapat Menerima atas Pelaksanaan Permohonan Ijin Penelitian di Kabupaten Temanggung.
- IV. Yang dilaksanakan oleh
1. Nama : HERI SETIYONO.
  2. Kebangsaan : Indonesia.
  3. Alamat : JL. Jenderal Sudirman No. 5 Yogyakarta
  4. Pekerjaan : Mahasiswa.
  5. Penanggung Jawab : Prof. Dr. Suharti.
  6. Judul Penelitian : Kawruh Kautamen Ing Salebeting Seni Sandhul Sekar Kali Suci Desa Sucen Kecamatan Gemawang.
  7. Lokasi : Kabupaten Temanggung.

**V. KETENTUAN SEBAGAI BERIKUT :**

1. Sebelum melakukan kegiatan terlebih dahulu melaporkan kepada Pejabat Setempat / Lembaga Swasta yang akan dijadikan obyek lokasi untuk mendapatkan petunjuk seperlunya dengan menunjukkan Surat Pemberitahuan ini.
2. Pelaksanaan survey / riset tidak disalah gunakan untuk tujuan tertentu yang dapat mengganggu kestabilan pemerintahan. Untuk penelitian yang mendapat dukungan dana dari sponsor baik dari dalam negeri maupun luar negeri, agar dijelaskan pada saat mengajukan perijinan. Tidak membahas masalah Politik dan / atau agama yang dapat menimbulkan terganggunya stabilitas keamanan dan ketertiban.

3. Surat Rekomendasi dapat dicabut dan dinyatakan tidak berlaku apabila pemegang Surat Rekomendasi ini tidak mentaati / mengindahkan peraturan yang berlaku atau obyek penelitian menolak untuk menerima Peneliti.
4. Setelah survey / riset selesai, supaya menyerahkan hasilnya kepada Badan Kesbangpol Dan Linmas Provinsi Jawa Tengah.

Vi. Surat Rekomendasi Penelitian / Riset ini berlaku dari :

Mei s.d Agustus 2013.

Vii. Demikian harap menjadikan perhatian dan maklum.

Semarang, 29 Mei 2013

an. GUBERNUR JAWA TENGAH  
KEPALA BADAN KESBANGPOL DAN LINMAS  
PROVINSI JAWA TENGAH

